

Pamekar Diajar

BASA SUNDA

Pikeun Murid SMA/SMK/MA/MAK Kelas X

KURIKULUM 2013



DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT
2014

X

Pamekar Diajar
BASA SUNDA

Pikeun Murid SMA/MA Kelas X

Hak cipta © kagungan Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat
Ditangtayungan ku Undang-undang

Disklaimer: Ieu buku téh diajangeun pikeun murid dina raraga larapna Kurikulum 2013. Ieu buku disusun tur ditalaah ku hiji tim kalawan dikoordinasi ku Balai Pengembangan Bahasa Daerah dan Kesenian (BPBDK) Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat minangka buku kurikulum daerah. Mimitina dipakéna buku taun 2014. Ieu buku téh sipatna “dokumén hirup”. Hartina bakal tuluy disarungsum luyu jeung kabutuh katut panéka jaman. Pangdeudeul ti rupining pihak dipiharep bisa ngundakkeun ajén ieu buku.

PANYUSUN:

Tatang Sumarsono
Ahmad Hadi
Ano Karsana
Asep Ruhimat
Darpan
Dede Kosasih
H. Dingding Haerudin
H. Yayat Sudaryat
Risnawati

PENELAAH:

Prof. Dr. H. Iskandarwassid, M.Pd.
Dr. Hj. Ai Sofianti, M.Pd.
Drs. H. Elin Syamsuri
Drs. Apip Ruhamdani, M.Pd.
Budi Riyanto

Rarancang Eusi: Yoshi Sukadar

Rarancang Jilid: Yoshi Sukadar

Rarancang Gambar: Toto Rianto

Eusi ngagunakeun Adobe InDesign CS3 jeung Adobe Photoshop CS3
Aksara ngagunakeun Palatino Linotype 12 pt - 18 pt.

Dipedalkeun ku:
DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT

ISBN: 978-602-1300-11-4 (Jilid Lengkap)
978-602-1300-12-1 (Jilid 1)
Perpustakaan Nasional : Katalog Dalam Terbitan (KDT)



PANGBAGÉA

KEPALA DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT

Alhamdulillah, ieu buku pangajaran basa Sunda tiasa ngawujud, enggoning nyaosan impleméntasi Kurikulum 2013, pikeun ngeusian lolongkrang Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Daerah di Jawa Barat.

Hasil garapan tim panyusun téh aya dua rupa buku nyaéta buku murid sareng buku guru. Éta téh mangrupa bagian tina pakét Kurikulum Daerah, hususna ngeunaan pangajaran basa jeung sastra daérah, dumasar kana Permendikbud No. 81A/2013, ngeunaan implementasi kurikulum. Pami diwincik deui, sanés mung buku wungkul bagian éta Permendikbud téh, tapi deuih ngawengku Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar (KI-KD), silabus, sareng Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP).

Ku medalna ieu buku, dipiharep implementasi kurikulum 2013, hususna ngeunaan pangajaran muatan lokal basa jeung sastra daérah di Jawa Barat tiasa dilaksanakeun kalawan merenah, luyu sareng udaganana. Saparantosna dialajar ngeunaan basa jeung sastra daérah, dipiharep dina diri murid aya parobihan anu tétéla, boh unsur sikepna (*attitude*), boh pangaweruhna (*knowledge*), boh kamampuh ngagunakeun katut karancagéan (*performance; behavior*). Singgetna mah éta unsur anu tilu téh bisa disebut kompeténsi.

Kalungguhan guru dina posisi agén parobahan utama enggoning ngaimpleméntasikeun kurikulum 2013 teu kinten pentingna. Aya hiji hipotésis basajan, saupami guru kagungan kompeténsi anu nohonan pasaratan Kurikulum 2013, tangtosna gé kalebet guru basa daérah deuih, tinangtos éta kurikulum bakal tiasa diimpleméntasikeun

kalawan merenah. Ku margi kitu, dina nataharkeun sareng ngaronjatkeun kompetensi guru téh, di antawisna ku cara nysusun buku padoman guru, kalebet tarékah anu kedah kénging pangajén.

Muga-muga waé harepan urang sadaya ngeunaan ayana parobihan anu tétéla dina dunya atikan ku diimplementasikeunana Kurikulum 2013 téh tiasa ngawujud, enggoning lahirna *Generasi Emas Indonesia* dina taun 2045 nu badé dongkap.

Bandung, Desember 2013
Kepala Dinas Pendidikan
Provinsi Jawa Barat,



Prof. Dr. H. Moh. Wahyudin Zarkasyi, CPA

Pembina Utama Madya
NIP. 19570807 198601 1 001

PANGBAGÉA

KEPALA BALAI PENGEMBANGAN BAHASA DAERAH DAN KESENIAN DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT

Kurikulum 2013 ti wangkid ayeuna parantos ngawitan dianggo sacara nasional. Jalaran kitu, pangajaran basa jeung sastra daérah nu diperenahkeun janten muatan lokal di Jawa Barat kedah luyu sareng Kurikulum 2013 hususna patali luyuna sareng élémén-élémén parobihan anu janten karakteristik Kurikulum 2013 anu ngawengku: *Standar Kompetensi Lulusan, Standar Isi, Standar Prosés, sareng Standar Penilaian*. Éta katangtosan kedah kacangkem sareng kalaksanakeun ku sakumna guru-guru basa jeung sastra daerah anu mancén tugas di SD/MI, SMP/MTs, SMA/MA, sareng SMK/MAK.

Ieu buku bahan ajar teh dijudulan *Pamekar Diajar Basa Sunda*, sadayana aya 24 jilid, ngurung buku siswa 12 jilid sareng buku guru 12 jilid. Kalungguhanana janten buku babon anggoeun di sakola nu aya di Jawa Barat. Buku murid diajangkeun pikeun sakumna murid dumasar kana tingkatan kelas. Buku Murid eusina medar materi ajar sareng pertanyaan-pertanyaan, latihan, tugas/pancen anu raket patalina sareng kompetensi dasar (KD). Buku Guru eusina medar silabus, métodologi pangajaran, sareng évaluasi, ogé mangrupi pangjembar buku murid.

Komponén-komponén anu dimekarkeun boh dina buku murid atanapi buku guru dumasar kana opat kaparigelan basa anu ngawengku ngaregepkeun, nyarita, maca, sareng nulis anu diajarkeun maké pamarekan saintifik sareng penilaian auténtik. Hal


ieu dumasar kana karakteristik Kurikulum 2013 nu ngalarapkeun pameran saintifik sareng penilaian auténtik dina prosés pangajaran.

Disusuna ieu buku téh mangrupa lajuning laku tina Surat Edaran Kepala Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat, Nomor 423/2372/Setdisdik, 26 Maret 2013, ngeunaan Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Daerah pada jenjang SD/MI, SMP/MTs, SMA/MA, SMK/MAK. Sajabi ti eta, ogé dumasar kana Peraturan Gubernur Jawa Barat Nomor 69 Tahun 2013, ngeunaan Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Daerah pada Jenjang Pendidikan Dasar dan Menengah.

Muga-muga waé ieu buku téh aya manpaatna ka urang sadaya, tur janten cukanglantaran dina merenahkeun sareng memeres basa jeung sastra daerah, anu udagan langkung tebihna pikeun ngamumulé sareng mekarkeun basa jeung sastra daérah, ngalangkungan jalur atikan di Jawa Barat.

Tangtosna ogé ieu buku téh teu acan tiasa disebut sampurna. Ku margi kitu, teu kinten dianos-antosna kamadang ti sadayana. Saukur kakirangan anu nyampak dina ieu buku bakal teras didangdosan, supados tiasa nyumponan pameredih sareng kaayaan pajaman.

Bandung, Desember 2013
Kepala Balai Pengembangan
Bahasa Daerah dan Kesenian,



Drs. H. Husen R. Hasan, M.Pd.
Pembina Tk. I
NIP. 196110051986031014



PANGANTEUR

Anu keur disanghareupan ku hidep téh buku *Pamekar Diajar Basa Sunda*. Ieu buku diajangkeun pikeun sakumna murid di Jawa Barat, jadi buku babon pikeun pangajaran basa Sunda. Kabéhna téh aya 12 buku, hasil gawé tim panyusun anu meunang pancén ti Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat. Jilid I tepi ka VI pikeun murid SD/MI, jilid VII tepi ka IX pikeun murid SMP/MTs, jeung jilid X tepi ka XII pikeun murid SMA/SMK/MA/MAK.

Medalna ieu buku téh pikeun méré lahan ka sakumna murid anu diajar basa Sunda, kalawan harepan hidep sakabéh enya-nya ngamangpaatkeun. Ku diajar basa Sunda tina ieu buku, dipiharep kanyaho jeung kabisa hidep dina ngagunakeun basa Sunda bisa ningkat jeung nambahan. Lian ti éta, hidep jadi leuwih resep ngagunakeun basa Sunda dina kahirupan sapopoé. Éta mah naha di sakola, di lingkungan kulawarga, atawa di tempat ulin.

Meureun ti antara hidep aya nu tumanya, naha maké kudu diajar basa Sunda sagala? Naha naon gunana atuh? Jih, pangna diajarkeun di sakola ogé éta téh ku sabab loba mangpaatna dina kahirupan sapopoé. Anu paling karasa upamana waé urang bakal bisa komunikasi ku basa Sunda kalawan hadé tur merenah. Loba kauntunganana lamun urang bisa ngagunakeun basa Sunda téh, di antarana waé urang bakal nyaho jeung bisa neuleuman kabeungharan budaya Sunda. Apan budaya Sunda téh jadi bagian penting tina budaya nasional Indonésia. Salian ti éta, apan hidep di sakola diwajibkeun diajar basa Sunda. Meureun hidep tumanya deui, naha ari diajar basa Sunda téh babari? Jih, nya babari atuh. Jaba deuih resep.

Bieu gé geus disebutkeun, teu hésé diajar basa Sunda téh, komo deui pikeun urang Sundana sorangan mah. Dalah najan lain keur urang Sunda ogé sarua waé teu hésé. Ku kituna, hidep teu kudu ngarasa seungguh. Ulah tacan gé nanaon geus nyebut horéam. Anu penting mah urangna sing enya-nya, boh enya-nya ngabandungan pedaran ti Ibu/Bapa Guru, boh enya-nya dina ngapalkeun jeung migawé latihanana. Lian ti éta, kacida hadéna mun hidep getol maca buku-buku basa Sunda lianna, maca surat kabar jeung majalah anu ngagunakeun basa Sunda, atawa ngabandungan siaran radio jeung televisi dina program basa Sunda. Hal séjénna anu bisa dipigawé ku hidep nyaéta lalajo pagelaran kasenian Sunda.

Cindekna mah, sakali deui rék ditandeskeun, entong ngarasa sieun atawa horéam dina nyanghareupan pangajaran basa Sunda téh. Kapan heueuh babari, jeung matak resep deuih.

Geura ayeuna urang mimitian. *Bismillah*

Bandung, Oktober 2013

Salam ti nu nyusun ieu buku

DAP^TAR EUSI

PANGBAGÉA:

Kepala Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat	iii
Kepalai Balai Pengembangan Bahasa dan Kesenian Daerah Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat	v

PANGAJARAN 1: BIAN^TTARA	1
A. Maca Téks Biantara.....	2
B. Nyangkem Struktur Biantara.....	6
C. Neuleuman Padika Biantara.....	7
D. Nganalisis Téks Biantara.....	9
E. Nepikeun Biantara	12

PANGAJARAN 2: PAGUNEMAN	15
A. Maca Téks Paguneman	16
B. Nganalisis Paguneman.....	20
C. Paguneman dina Karya Sastra.....	23
D. Nyusun Téks Paguneman.....	29
E. Metakeun Paguneman.....	30

PANGAJARAN 3: BIOGRAFI	33
A. Maca Téks Biografi.....	34
B. Biografi, Autobiografi, jeung Otobiografi.....	37
C. Unsur-unsur Biografi.....	39
D. Mangpaat Biografi.....	42
E. Nganalisis Biografi.....	45
F. Nyusun téks biografi.....	46

PANGAJARAN 4: NGAGUNAKEUN AKSARA SUNDA	47
A. Maca Téks Aksara Sunda.....	48
B. Mikawanoh Aksara Sunda	51

C.	Paham Sajarah Aksara Sunda	52
D.	Nyalin Téks kana Aksara Sunda	53
E.	Ngagunakeun Aksara Sunda	55
PANGAJARAN 5: DONGÉNG		57
A.	Warna-warni Dongéng	59
B.	Papasingan Dongéng.....	62
C.	Ciri-ciri Dongéng	63
D.	Nganalisis Téks Dongéng	65
E.	Ngadongéng	68
PANGAJARAN 6: CARITA WAYANG		71
A.	Mikawanoh Carita Wayang	72
B.	Pedaran Carita Wayang	84
C.	Ngabédakeun Carita Wayang jeung Dongéng	88
D.	Ngaanalisis Carita Wayang	89
PANGAJARAN 7: CARITA PONDOK		93
A.	Maca Carpon	94
B.	Unsur-unsur Carita Pondok	98
C.	Kamekaran Carpon	101
D.	Ngabédakeun Carpon jeung Dongéng	103
E.	Fiksimini Sunda	103
F.	Nganalsisi Carpon	105
G.	Ngarang Carpon atawa Fiksimini	111
PANGAJARAN 8: GUGURITAN		113
A.	Maca Téks Guguritan	114
B.	Mikawanoh Puisi Guguritan	117
C.	Nganalisis Puisi Guguritan	119
D.	Ngarang jeung Nembangkeun Guguritan	123
PANGAJARAN 9: SISINDIRAN		125
A.	Mikawanoh Sisindiran	126
B.	Nyangkem Sisindiran	128
C.	Nganalisis Sisindiran	133
D.	Ngarang Sisindiran	136
DAFTAR PUSTAKA		139

PANGAJARAN
1

BIANTARA



Sumber: dokumen pribadi

Dina kahirupan sapopoé, urang mindeng ngabandungan nu biantara. Dina rupa-rupa kagiatan éta téh. Aya nu ditepikeun kalawan resmi, aya ogé anu henteu. Biantara téh lain ngan sakadar nepikeun omongan hareupeun balaréa. Malah teu sakabéh jalma bisa biantara kalawan hadé. Éta téh lantaran biantara mikabutuh kaparigelan. Cindekna aya senina. Munasabah mun di batur mah biantara téh sok disebut “*art of speech*” atawa seni nyarita. Dina ieu pangajaran hidep bakal diwanohkeun kana rupa-rupa biantara jeung unakanikna. Dipiharep hidep wanoh kana struktur biantara, bisa ngalarapkeun basa Sunda anu merenah dina biantara, apal téhnik nepikeun biantara, sarta antukna bisa prakték biantara hareupeun kelas.

A. Maca Téks Biantara

Ieu aya conto téks biantara. Pék baca!

Assalamu'alaikum wr. wb.
Sampurasun!

Puji teu kendat urang sanggakeun ka Gusti Nu Maha Suci. Puja salawasna urang sanggakeun ka Allah Nu Maha Kawasa. Solawat sinareng salam, mugi langgeng ngocor ngagolontor ka jungjunan alam, nabi anu mulya, Muhammad saw.

Langkung ti payun sim kuringngahaturkeunréwunuhun, réh tos dipasihankasempetankanggongadugikeun biantara di payuneun Bapa miwah Ibu, ogé sadérék sadayana. Dupi anu badé didugikeun dina biantara sim kuring téh nyaéta perkara “Pamuda Hébat Anti Narkoba”.



Sumber: dokumen pribadi

Hadirin hormateun sim kuring.

Nonoman, atanapi pamuda téh sok disebut generasi emas. Naon pangna disebut kitu? Margi nya pamuda anu bakal nuluykeun kahirupan ka payun, ngagentos generasi sepuh. Mangga émutan, saupama para pamudana ruksak, bakal kumaha bangsa urang pikahareupeunana?

Namung hanjakalna, kanyataanana seueur nonoman urang anu geus ruksak méméh anjeunna jadi déwasa. Lir kembang muguran saméméh mekar. Di antara anu jadi sababna, aranjeunna kajiret kana narkoba!

Numutkeun hasil survéy Badan Narkotika Nasional atanapi BNN, kiwari kacatet aya 921.695 urang, atawa 4,7% jumlah tina total pelajar jeung mahasiswa di Indonésia ngagunakeun narkoba. Padahal urang terang, sakali anjeunna kajiret ku narkoba, bakal hésé ngubarana. Ku hal éta, taya jalan deui pikeun urang keur leupas tina jiret narkoba, lian ti ngajauhan nu disebut narkoba.

Nu matak salempang ayana anggapan di lingkungan nonoman urang yén ngagunakeun narkoba téh bagian tina gaya hirup. Ngarasa yén ku cara kitu aranjeunna '*gaol gitcuh lokh*'. Padahal nu saéstuna, aranjeunna téh satemenna keur ngaruksak dirina sorangan.

Badan Pusat Statistik nyebutkeun yén rata-rata umur urang Indonésia téh 63 taun. Mun dina umur wewelasan atawa dua puluhan taun urang geus kajiret narkoba, hartina urang geus ngamubadirkeun hirup. Leuwihna ti éta, saenyana urang geus ngamubadirkeun kasempetan pikeun milu ngabagjakeun kulawarga, milu ngamajukeun bangsa, sarta milu nanjeurkeun agama. Sabalikna, lamun urang geus kajiret narkoba, teu kurang teu leuwih saenyana urang geus jadi runtah masarakat.

Ku hal éta, jelas yén pamuda anu hébat téh nyaéta pamuda anu anti narkoba. Lantaran pamuda anu anti narkoba, saéstuna pamuda anu sadar yén lalampahan

hirupna panjang kénéh. Pamuda anu anti narkoba sadar yén dirina boga kasempetan pikeun ngamajukeun bangsana, jeung nanjeurkeun agamana. Pamuda anu anti narkoba, sadar embung jadi runtah masarakat. Pamuda anti narkoba, boga visi anu jelas keur pikahareupeun hirupna.

Hadirin hormateun sim kuring.

Di antara masalah nu disanghareupan ku urang téh nyaéta lobana gogoda ka nonoman nu antukna nonoman urang tigebrus kana narkoba. Di antarana dicontoan ku *public figure* atawa sélébriti nu ngagunakeun narkoba. Anjeunna siga teu sadar yéh posisi jeung kalakuanana minangka *public figure* bisa nimbulkeun balukar nu awon ka masarakat. Popularitas jeung harta, saolah-olah nutupan akal séhatna pikeun jauh tina narkoba.

Harepan urang taya lian, saha baé, boh institusi nagara boh masarakat biasa, kudu ngalawan usaha-usaha nu bakal ngaruksak nonoman akibat narkoba. Urang kudu perang! Nonoman kudu jadi *garda* panghareupna pikeun ngalawan bandar jeung nyebarna narkoba. Lantaran mun teu kitu, nonoman anu bakal jadi korban pangheulana!

Tuduhkeun, yén urang lain nonoman anu heureut pikir. Lain generasi anu teu boga visi, ogé lain generasi anu prustasi. Urang generasi anu sadar yén hirup kudu dieusi ku pikiran séhat, hirup kudu dieusi ku gawé rancagé, hirup kudu dieusi ku amal soléh, saméméh urang cumpon nyangking pancén jadi manusa di alam dunya minangka mahluk Allah Swt.

Hayu! Hayu! Hayu! Perangan narkoba!

Sakitu nu kapihatur, hapunten bilih aya nu pondok nyogok panjang nyugak, bobo sapanon carang sapakan, langkung saur bahé carék, hapunten anu kasuhun, jembar pangampura anu diteda.

Wassalamu'alaikum wr. wb!

Pancén 1

Pék diskusikeun!

1. Mana nu kaasup kana bubuka, eusi, jeung panutup biantara di luhur? Tangtukeun atawa tandaan paragrafna. Upamana:
 - a. Bubuka
Paragaraf ka
Paragaraf ka
Jst.
 - b. Eusi
Paragaraf ka
Paragaraf ka
Paragaraf ka
jst.
 - c. Panutup
Paragaraf ka
Jst.

2. Lengkepan!

Aspék Analisis	Jawaban
Perkara naon nu dimasalahkeun?
Kumaha suasana nu karasa ku urang?
Di hareupeun saha ditepikeunana?

B. Nyangkem Struktur Biantara

Biantara téh umumna mah diomongkeun (dilisankeun). Tapi aya ogé anu ditulis tuluy dibacakeun. Boh anu ditulis boh anu dilisankeun, runtuyan babagianana mah sarua baé, nyaéta aya bubuka, eusi, jeung aya bagian panutupna.

Dina bagian bubuka, dimimitian ku nepikeun salam pamuka. Bisa ku *assalamu'alaikum* atawa ku salam kawilujengan. Aya ogé anu sok ditambahan ku sampurasun. Ti dinya ditéma ku mukadimah, kitu gé mungguh keur muslim, nyaéta bubuka anu dieusi ku omongan muji ka Pangéran jeung nepikeun solawat ka Rosululloh (da mun ngabandungan urang Barat biantara mah geuning sok sarwa singget). Ti dinya ditéma deui ku nepikeun panghormat ka hadirin anu ngaluuhan acara sarta ngahaturkeun nuhun ka girang acara anu geus méré kasempetan ka dirina pikeun nepikeun biantara.

Ari dina bagian eusi mah ngadadarkeun saniskara maksud nu biantara. Contona, lamun biantara anu ditulis ku urang keur ditepikeun dina acara paturay-tineung kelas IX, eusina bisa ngawilujengkeun ka nu rék ninggalkeun sakola, ngadu'akeun sangkan bisa neruskeun sakola ka nu leuwih luhur, atawa bisa ogé nembrakkeun rasa sedih pédah rék papisah.

Biantara dipungkas ku bagian panutup anu biasana ngawengku sanduk-sanduk bisi salila cacarita aya kekecapan anu salah atawa teu merenah. Tuluy ditéma ku ngahaturkeun nuhun ka hadirin anu geus saregep ngabandungan biantara. Ti dinya nepikeun du'a jeung salam panutup.

Aturan anu didadarkeun di luhur téh runtuyanana teu salawasna kudu matok siga kitu. Sok aya biantara anu nyokot singgetna baé. Conto biantara di luhur, kaasup biantara anu nyokot singgetna baé. Geura urang imeutan deui conto omonganana:

Assalamu'alaikum wr. wb.,	Salam pamuka.
Sadaya puji kagungan Alloh nu murbéng alam. Solawat sinareng salam mugé dilimpahkeun ka jungjunan urang sadaya, Nabi Muhammad saw.	Mukadimah.
Ibu sareng Bapa Guru hormateun sim kuring.	Ngahaturkeun pangwilujeng ka nu hadir.
Dinten ieu téh kalintang bagjana kanggo sim kuring sadaya. Ogé janten dinten anu kalintang pikasediheunana. Bagja wiréh sim kuring sadaya tiasa lulus, sedih da apan sim kuring sadaya kedah ngarantunkeun ieu sakola, ogé ngantunkeun Ibu sareng Bapa Guru..... jst.	Eusi biantara.
Wilujeng kantun Ibu. Wilujeng kantun Bapa.... mung du'a anu ku sim kuring diteda sareng sihapunten anu kasuhun. Mugé Gusti nangtayungan.	Sanduk-sanduk ménta dihampura jeung nepikeun du'a.
Assalamu'alaikum wr. wb.,	Salam panutup.

C. Neuleuman Padika Biantara

Biantara téh sok dipatalikeun jeung seni nyarita. Naon sababna? Sabab, dina biantara téh sakapeung merlukeun gaya jeung omongan nu matak narik jalma réa nu ngabandunganana.

Aya sawatara faktor anu ngalantarankeun biantara hiji jalma dipikaresep ku balaréa. Éta faktor téh urang sebut baé T-A-M-A-N, singgetan tina:

Tatag nyaritana

Hartina dina nepikeun biantara téh urang kudu nyarita bari tatag atawa tétéla, henteu kararagok atawa loba ngarandeg.

Aktual témana

Hartina téma biantara nu ku urang ditepikeun téh kudu aktual, lain téma-téma nu geus basi.

Munel eusina

Hartina, biantara nu ditepikeun ku urang téh eusina loba pulunganeunana, atawa loba mangpaatna.


Alus basana

Biantara téh seni nyarita. Ku sabab kitu, basa nu dipaké ku urang dina biantara téh alusna mah direumbeuy ku mamamis basa. Upamana diselapan ku babasan jeung paribasa, atawa bisa ogé ku sisindiran. Malah mun bisa mah diselapan ogé ku kalimah-kalimah pinilih (*kata-kata mutiara* atawa *kuotasi*) nu kungsi ditepikeun ku hiji tokoh.

Ngandung wirahma

Hartina, dina biantara téh omongan urang kudu diatur gancang kendorna, tarik halonna, atawa luhur handapna. Tegesna, dina nepikeun biantara téh kudu maké lentong (lagu kalimah) anu hadé.

Titénan baganna:



Pancén 2

Keur ngalatih kamampuh biantara urang, geura cobaan téks biantara di luhur téh baca bari digalan-tangkeun. Dina ngagalantangkeun téks biantara, cobaan ngalarapkeun padika T-A-M-A-N téa. Tangtu baé gaya nepikeun biantara téh teu kudu sarua, da kudu diluyukeun jeung kaayaanana. Upamana baé, dina biantara ka-1 mah urang kudu sumanget, lantaran perkara ancaman narkoba téh kudu diperangan ku saréréa. Sabalikna, dina biantara ka-2 mah sigana kudu leuleuy baé, lantaran situasina béda, nyaéta nepikeun kabeungbeurat haté pédah kudu papisah jeung babaturan, Ibu ogé Bapa Guru. Papadaning kitu, ari soal tatag jeung ngandung wirahmana mah tetep kudu diéstokeun.

Kalimah-kalimah Pinilih

*“Hana nguni hana mangké, tan hana nguni tan hana mangké.
Aya ma baheula aya tu ayeuna. Hanteu ma baheula hanteu tu
ayeuna. Hana tunggak hana watang, tan hana tunggak tan hana
watang. Hana ma tunggulna, aya tu catangna
(Aya baheula aya jaga, lamun teu aya baheula moal aya jaga. Aya
baheula aya ayeuna. Lamun teu aya baheula moal aya ayeuna.
Aya iteuk aya dahan, lamun teu aya iteuk moal aya dahan. Lamun
aya tunggul tangtu aya urut tangkalna” (Naskah kuno Amanat
Galunggung)*

*“Manuk hiber ku jangjangna, jalma hirup ku akalna” (paribasa
Sunda).*

D. Nganalisis Téks Biantara

Titénan deui biantara ieu di handap!

Assalamu'alaikum wr. wb.,

Sadaya puji kagungan Alloh nu murbéng alam. Solawat sinareng salam mugé dikocorkeun ka jungjunan urang sadaya, Nabi Muhammad saw.



Sumber: dokumen pribadi

Ibu sareng Bapa Guru hormateun sim kuring.

Dinten ieu téh kalintang bagjana kanggo sim kuring saparakanca. Tapi deuih janten dinten anu kalintang pikasediheun. Bagja wiréh sim kuring saparakanca tiasa lulus, sedih da apan sim kuring saparakanca kedah ngantunkeun ieu sakola, ogé ngantunkeun Ibu sareng Bapa Guru.

Mungguh waktos asa teu karaos jolna sareng miangna. Dina sawangan téh asa kamari sim kuring lebet ka ieu sakola, diasuh ku sepuh. Teras milih-milih réréncangan, milih-milih kabetah, sareng ngalalanyahan mikawanoh guru-guru. Ayeuna, asa sajoélat pisan, geus dugi deui ka ahir taun katilu. Teu karaos, tos tilu taun sim kuring saparakanca sakola di dieu, ayeuna kedah dikantunkeun.

Salami tilu taun sim kuring nyuprih élmu di dieu, seueur pisan pangalaman-pangalaman anu moal tiasa kahihilapkeun. Boh nu amisna boh nu paitna. Utamina pangalaman-pangalaman diajar sareng Ibu kalih Bapa Guru. Éta sadayana bakal teras nyantél dina panineungan, manjang hikmahna, gedé ajénna.

Atuh tangtos deuih, salami sim kuring diajar di ieu sakola, seueur pisan paripolah sim kuring saparakanca anu matak ngajaheutkeun manah Ibu sareng Bapa Guru. Dalah ku sim kuring saparakanca karaos pisan, ma'lum nuju kumincir. Namung karaos deuih kumaha welas asihna Ibu sareng Bapa ngasuh barudak balangor sapertos sim kuring. Ku margi kitu, mugé Ibu sareng Bapa Guru luntur galih kersa ngahapunten sim kuring saparakanca.

Ibu sareng Bapa Guru hormateun sim kuring.

Teu hilap sim kuring saparakanca nyuhunkeun pidu'a, mugé-mugé sim kuring saparakanca sing teras kersa junun diajar, teras sumanget

ngulik harti nyukcruk élmu dugi ka jucingna, ngarah naon anu dicita-citakeun ku sim kuring saparakanca kahontal sareng tinekanan. Neda pidu'a supados sim kuring saparakanca ginulur rahayu, tug dugi ka tiasa mandiri ngokolakeun hirup sorangan.

Bapa, Ibu...

Wilujeng kantung. Mugi kasaéan Ibu sareng Bapa dina ngadidik sim kuring saparakanca janten amal ibadah ka Alloh SWT. Da sim kuring saparakanca tinangtos moal tiasa males kana éta kasaéan. Mung badé neneda baé ka Gusti Nu Maha Suci, mugi naon-naon anu tos dipasihkeun ku Ibu sareng Bapa kalayan ikhlas ka sim kuring saparakanca, dipulang ku ganjaran anu manglipet-lipet ageungna.

Wilujeng kantung Ibu. Wilujeng kantung Bapa. Mung du'a anu ku sim kuring diteda sareng sihapunten anu kasuhun. Mugi Gusti nangtayungan.

Wassalamu'alaikum wr. wb.

Pancén 3

Pék diskusikeun sarta analisis biantara di luhur ku ngajawab pertanyaan ieu di handap!

1. Mana bagian bubuka, eusi, jeung panutup biantara di luhur? Cirian atawa nomeran, paragraf mana baé baé nu jadi bagian bubukana, paragraf mana nu jadi eusina, sarta paragraf mana nu jadi panutupna!
2. Tuliskeun kekecapan nu aya dina biantara di luhur, anu urang kurang pati paham hartina. Susun jadi glosarium, tuluy téangan hartina dina kamus basa Sunda. Keur conto, formatna bisa kieu:

murbéng = nu ngawasa
kalintang = kacida
saparakanca =

wiréh =
miang =
sawangan =
ngalalanyahan =

3. Kumaha hadéna lamun urang ngagalantangeun biantara di luhur? Naha kudu maké gaya anu sumanget, gaya anu leuleuy, atawa gaya nu séjénna? Jelaskeun alesanana! Sangkan leuwih kararampa kumaha gaya anu cocog jeung biantara di luhur, alusna cobaan digalantangeun heula. Tuluy cirian, lebah mana upamana nu cara ngucapkeunana rada bedas, lebah mana anu kudu leuleuy.

Pancén 4

Sangkan leuwih paham kana struktur jeung padika biantara, pék téangan conto biantara séjén, boh nu mangrupa téks atawa biantara lisan tina rékaman. Sumberna bisa tina buku, internét, atawa rékaman CD/kasét. Tuluy analisis ku sorangan. Alat analisisna mah paké baé tilu pertanyaan di luhur, anu ngawengku analisis struktur, basa, jeung gaya. Tuliskeun hasil analisis hidep dina buku catétan masing-masing, bari dibarengan lampiran biantarana.

E. Nepikeun Biantara

Hidep gé kudu diajar nepikeun biantara, ngarah wantér jeung paséh dina ngagunakeun basa Sunda. Pék saurang-saurang nepikeun biantara di hareupeun babaturan.

Urang bisa nyonto cara-cara batur nepikeun hiji biantara. Utamana nyonto ka jalma-jalma anu salila ieu dianggap punjul nepikeun biantara. Éta jalma téh sok disebut *orator*. Di urang teu réa *orator* téh. Anu kawentar antarana baé Présidén Républik Indonésia anu munggaran,

Ir. Sukarno. Para mubalég deuih nu sok alus biantara téh. Da puguh anjeunna mah pancénna nepikeun da'wah anu kudu dipikaresep ku balaréa. Antarana baé di Sunda mah aya almarhum K.H. A.F. Ghazali jeung K.H. Abdullah Gymnastiar.



*Ir. Sukarno, K.H. A.F. Ghazali, jeung Abdullah Gymnastiar, di antara jalma anu alus dina biantara.
Sumber:*

Pancén 5

Pék tepikeun biantara hidep. Sangkan biantara anu rék ditepikeun ku urang hadé jeung tartib, boh prak-prakanana boh basana, alusna maké léngkah-léngkah kagiatanana ieu di handap.

- Pilih topik/téma biantara anu aktual kalawan bébas. Cara milih topik bisa dititénan dina gambar ieu di handap:



- Susun heula téksna, apalkeun, sarta engkéna ditepikeun dina biantara.
- Dina biantara urang kudu ngéstokeun unsur-unsur T-A-M-A-N. Upamana: seselan biantara urang ku babasan, paribasa, sisindiran, atawa kalimah-kalimah pinilih (*kata-kata mutiara*). Kitu deui sangkan munel eusina, hadéna maké rujukan (*referensi*), bisa nyutat ayat Kur'an atawa hadis, bisa diémbohan ku data tina koran, majalah, atawa internét.
- Biantarana ulah panjang teuing. Mun bisa mah saeutik tapi patri. *Durasina* cukup 2-3 menit baé. Engké ditepikeun bagilir di hareupeun babaturan.

PANGAJARAN
2

PAGUNEMAN



Sumber: <http://bp1.blogspot.com>

Paguneman téh obrolan antara dua jalma atawa leuwih. Sok disebut ogé guneman. Aya deui gunem catur, hartina ngobrol. Sipatna aya nu resmi, siga dina diskusi atawa sawala, aya ogé anu teu resmi siga urang ngobrol jeung indung bapa atawa jeung babaturan waktu keur ulin.

Paguneman téh cara manusa ngayakeun komunikasi jeung nu lian. Nya dina paguneman urang bisa nembrakkeun pikiran, rasa, atawa kahayang. Tur ti batur, urang bisa apal kumaha pikiranana, rasana jeung kahayangna.

Wacana paguneman lain baé kapanggih dina basa lisan, tapi ogé bisa kapanggih dina basa tulisan. Contona paguneman nu sok kabaca ku urang dina karya sastra atawa naskah drama.

Dina ieu pangajaran urang bakal diajar rupaning perkara nu patali jeung paguneman. Di antarana basa jeung tatakrama dina paguneman, suasana paguneman, paguneman dina karya sastra, nyusun téks paguneman, sarta mintonkeun paguneman hareupeun babaturan.

A. Maca Téks Paguneman

Ieu sawatara conto téks paguneman. Pék baca masing gemet!

Paguneman ka-1

Kang Dadan : Damang, Bi?

Bi Téti : Pangésto, Dan. Aya hibar. Sawangsulna, kumaha wartosna?

Kang Dadan : *Alhamdulillah* abdi ogé. Nuju naon Bi Téti di dieu?

Bi Téti : Numawi nuju ngantosan pun anak. Nembé téh wawartosna mah moal lami, badé milari salédri. Nanging dugi ka ayeuna diantos-antos tacan jebul kénéh baé. Ari Dadan, nuju naon bet los-los ka pasar?

- Kang Dadan : Nu mawi, sami abdi ogé badé mésér salédri. Itu pun biang, badé ngadamel sayur sop saurna.
- Bi Téti : Kutan. Atuh punten sakanténan pangmiliariankeun pun anak upami teu kaabotan mah. Manawi pendak di tukang salédri, wartoskeun diantos ku Ibi kituh di dieu.
- Kang Dadan : Atuh urang sareng abdi wé nguriling ka pasar. Ongkoh abdi kirang terang nu mana tuang putra téh?
- Bi Téti : Ih nyasat atuh ari kitu mah. Apan tadi teu ngiring sareng pun anak ogé hoyong reureuh Ibi téh, da tos ti tatadi balanja. Hayoh wé kukurilingan di pasar.
- Dadan : Euh, paingan atuh sapertos nu lungsé kitu. Mangga, tuang putra téh ké urang pilari. Saha jenenganana?
- Bi Téti : Namina Odang. Diacuk konéng, rambutna rada jabrig.
- Kang Dadan : Insya Alloh dipilari. Mangga atuh Bi, dikantun heula.
- Bi Téti : Mangga. Nuhun nya, Dan.
- Kang Dadan : Sawangsulna.



Paguneman ka-2



Sumber: dokumen pribadi

Mimin : *Assalamu'alaikum wr. wb.*

Sateuacanna sim kuring ngahaturkeun nuhun ka réréncangan anu parantos kersa ngaluuhan ieu sawala. Mugi-mugi ku hadirna sadérék langkung seueur gagasan anu tiasa dikapayunkeun.

Diskusi ayeuna téh badé madungdengkeun pancén pangajaran basa Sunda kanggo kelom-pok urang anu dipasihkeun ku Ibu Guru. Saper-tos kauninga, kelompok urang téh kabagéan nganalisis puisi anu judulna “Aki jeung Balon” yasana Ami Raksanagara. Anu kedah didiskusikeun ku urang sadaya téh nyaéta naon témana, kumaha suasanana, sareng naon amanatna.

Anu kahiji, urang diskusikeun heula témana. Manawi aya ti antara réréncangan anu tos gaduh gambaran, kira-kirana naon téma éta sajak téh?

Dindin : Ari numutkeun sim kuring mah, témana téh kahirupan aki-aki tukang balon anu sok diheureuyan ku barudak. Éta aki-aki téh pikaru-nyaeun pisan, tapi barudak téh kalah hayoh wé ngaheureuyan.

Umar : Hapunten, naon anu didugikeun ku Didin numutkeun sim kuring mah panjang teuing. Apan kalimah téma mah kedah singget.

Mimin : Muhun Din, cing langkung singget.

Dindin : Kumaha upami kieu, témana téh nyaéta aki-aki tukang balon nu hirupna pikawatireun.

Susi : Ké, Din. Upami teu lepat mah sanés tukang balon Si Aki téh. Da apan di dinya aya kalimah “deudeuh teuing kasép di aki mah henteu aya, niupna gé aki mah geus teu kawasa”. Hartosna Si Aki téh teu kagungan balon. Upami badé ogé Si Aki téh tukang icalan kaulinan barudak.

Umar : Tah kitu, leres Susi.

Dindin : Muhun nya, hilap!

Mimin : Janten urang cindekkeun wé nya, témana téh “aki-aki tukang dagang kaulinan barudak anu hirupna pikawatireun”. Tah, ayeuna cing emutan deui kumaha suasana anu aya dina sajak “Aki jeung Balon” téh?

Umar : Numutkeun sim kuring mah pikasebeleun?

Susi : Naon anu pikasebeleun téh? Puguh pikawatireun, atanapi pikasediheun.

Umar : Éta barudak anu ngaheureuyan aki-aki, pikasebeleun apan. Terang tos sepuh Si Aki téh, kalah hayoh dilejokeun!

Mimin : Atuh éta mah teu ngawakilan suasana sajak. Manawi nu sanés aya kamandang?

Dindin : Sim kuring sapamadegan sareng Susi, upami teu pikawatireun suasanana téh pikasediheun.

Umar : Muhun atos wé duanana. Da kitu kanyataanana.

Mimin : Heug urang seratkeun duanana wé nya.

Pancén 1

Sangkan leuwih paham kana paguneman di luhur, pek jawab pertanyaan dina tabél ieu di handap!

Masalah	Paguneman ka-1	Paguneman ka-2
1. Sabaraha urang anu milu aub dina paguneman?

2. Naon jejer pagunemanana?
3. Kumaha suasana pagunemanana?
4. Kumaha hubungan antara tokoh nu aub dina éta paguneman?
5. Dina kagiatan naon éta paguneman lumangsung?

B. Nganalisis Paguneman

1. Resmi jeung Teu Resmi

Paguneman téh aya nu resmi jeung teu resmi. Éta téh gumantung kana suasana atawa kaayaanana. Contona, paguneman kahiji di luhur, antara tokoh Bi Téli jeng Kang Dadan, kagolong paguneman dina suasana anu teu resmi. Kang Dadan jeung Bi Téli téh tina omonganana mah geus wanoh pisan. Silih sebut ngaran atawa nga-“abdi’-keun. Antara Bi Téli jeung Kang Dadan téh henteu ngarasa kagok deui keur ngobrolkeun perkara-perkara anu pribadi. Upamana, Bi Téli nyaritakeun soal anakna anu teu datang-datang, sarta ménta tulung ka Kang Dadan pikeun milu néangan. Dina situasi siga kitu, obrolan téh bisa ngalér ngidul, bisa sakarepna, tur teu kawatesanan ku aturan-aturan anu tangtu. Upamana teu diwatesanan ku waktu, ku jejer obrolan, atawa ku tempat di mana paguneman lumangsung.

Ari dina paguneman kadua mah béda deui. Di dinya mah anu ngobrol téh salian ti silih sebut ngaran sorangan ogé nyebut dirina “sim kuring”. Ari sababna, dina paguneman kadua mah situasina téh rada

formal atawa resmi, nyaéta sawala (diskusi). Dina sawala biasana kauger ku aturan-aturan, henteu sagawayah. Upamana kawatesanan ku waktu, kadang-kadang nu nyararitana ogé henteu salawasna silihpikeun, atawa kauger ku jejer obrolan. Dina situasi-situasi samodél kitu, biasana anu nyararita téh nyebut dirina “sim kuring”.

Sangkan paham kecap gaganti jalma dina situasi anu teu resmi jeung resmi, titélan tabél ieu di handap:

Situasi	Gaganti jalma kahiji	Gaganti jalma kadua
Resmi	sim kuring	sadérék pangersa hadirin para bapa/ibu
Teu resmi	abdi	salira
	kuring	anjeun
	déwék	silain
	urang	manéh
	ana	anta/énté
	didieu	didinya
	nyebut ngaran	nyebut ngaran

2. Undak-usuk Basa dina Paguneman

Lantaran situasi deuih sakapeung nu paguneman téh kudu bisa milih-milih ragam basa anu digunakeun. Aya kalana ragam basana cohag atawa loma, aya kalana kudu maké ragam basa hormat atawa lemes. Dina paguneman kahiji, ragam basana téh lemes. Boh Bi Tési boh Kang Dadan dina nyarita téh ngagunakeun basa lemes. Aya basa lemes keur sorangan aya basa lemes keur ka batur. Bisa jadi antara Bi Tési jeung Kang Dadan téh hayang silih hormat.

Dina paguneman nu kadua mah béda deui. Nu sawala téh maké ragam basa loma baé. Bisa jadi nu sawala

téh ngarasa geus deukeut atawa nyobat, jadi teu asa-asa deui nyarita ku basa cohag. Éta gé gumantung kana situasina, henteu kurang-kurang anu nyarita dina sawala maké basa lemes lantaran hayang ngahormat ka batur.

Dina paguneman nu maké ragam hormat, tangtu baé kudu niténan kekecapan nu luyu jeung aturan undak-usuk basa. Contona, dina paguneman kahiji Bi Tési nyebut anakna téh “pun anak”. Ari Dadan nyebut anakna Bi Tési téh “tuang putra”. Cara milih kekecapan kitu téh diluyukeun jeung aturan undak usuk basa téa.

Titénan geura sawatara conto kecap dina undak-usuk basa Sunda nu sok dipaké dina paguneman sapopoé:

Loma	Lemes keur sorangan	Lemes keur ka batur
dahar	neda	tuang
datang	dongkap	sumping
balik	wangsul	mulih
indit	mios	angkat
ceuk	sanggem	saur
imah	rorompok	bumi
bawa	bantun	candak
saré	mondok	kulem
ngaran	wasta/nami	jenengan

Titénan deui kekecapan undak-usuk basa nu patali jeung pancakaki:

Loma	Lemes	Loma	Lemes
anak kuring	pun anak	anak anjeun	tuang putra
indung kuring	pun biang	indung anjeun	tuang ibu
bapa kuring	pun bapa	bapa anjeun	tuang rama
lanceuk kuring	pun lanceuk	lanceuk anjeun	tuang raka
adi kuring	pun adi	adi anjeun	tuang rai
emang kuring	pun paman	emang anjeun	tuang rama

bibi kuring	pun bibi	bibi anjeun	tuang ibu
alo Kuring	pun alo	alo anjeun	tuang putra
nini kuring	pun nini	nini anjeun	tuang éyang
aki kuring	pun aki	aki anjeun	tuang éyang
incu kuring	pun incu	incu anjeun	tuang putu

Pancén 2

Pék titénan deui conto paguneman kahiji. Cirian ku hidep kecap-kecap nu patali jeung aturan undak usuk basa nu kapanggih ku urang dina éta paguneman. Contona:

Kang Dadan :

Numawi, sami abdi ogé badé **mésér** salédri. Itu pun biang, badé ngadamel sayur sop saurna.

Mésér lemes keur sorangan. Lemes keur ka batur **ngagaleuh**.

Bi Téli:

Kutan. Atuh punten sakantenan pangmiliariankeun **pun anak** upami teu kaabotan mah. Manawi pendak di tukang salédri, wartoskeun diantos ku Ibi kituh di dieu.

Pun anak lemes keur sorangan.

Tuang putra lemes keur ka batur.

Kang Dadan :

Atuh urang sareng abdi wé nguriling ka pasar. Ongkoh abdi kirang terang nu mana **tuang putra** téh?

C. Paguneman dina Karya Sastra

Réa ogé paguneman nu sok kapanggih dina karya sastra. Boh dina prosa, puisi, geus puguhing dina drama. Drama mah apan diwangun ku dialog-dialog (paguneman). Dina conto paguneman katilu di luhur, éta téh paguneman nu dicutat tina novel pondok “Lembur Singkur” antara adi lanceuk anu ngobrolkeun bapana nu majar tadi peuting datang ka

imahna bari rerecepan. Naon pangna datangna téh rerecepan, hadéna hidep maca éta novel nepi ka tamat.

Paguneman siga kitu téh lumrah pisan dina prosa mah. Malah sakapeung kakuatan hiji carita téh tembong dina paguneman antara tokoh-tokohna. Ngan baé paguneman dina karya sastra mah henteu ditulis siga conto paguneman kahiji jeung kadua. Ditulis maké paragraf-paragraf baé, sarta polana maké kalimah langsung nu ditandaan ku kecenteng (“...”). Kitu gé dina prosa, dina puisi jeung drama mah béda deui.

Ieu di handap sawatara conto séjén paguneman nu kapanggih dina karya sastra. Pék diskusikeun ku kelompok sarta pigawé pancénna!

1. Prosa

Srog rombongan Bapa Naib datang ka rumahsakit. Kasampak Suganda geus aya keur diuk dina bangku.

“Ih geuning Ujang! Kang Encu ieu Jang Ganda!”

“Iraha ka dieu, Jang?” ceuk Samsu.

“Tadi, nyubuh.”

“Geuning kamari teu béja-béja?”

Suganda teu némbal.

“Teu ka sakola?”

“Permios sadinten ieu.”

“Aya naon?”

“Badé diparios dokter.”

“Ku naon, gering?”

“Badé diala getih.”

Diala getih? Naha...?”

“Kanggo...”

“Keur Enéng?”

Suganda unggeuk. Bapa Naib nyampeurkun, nyekel taktak Suganda. Teu lé mék teu nyaré k. Ngan socana baé baseuh.

“Teu nyeri Jang, diala getih téh?” cek Si Édo sanggeus Bapa Naib ngajauhan.

“Nyao, da acan. Kakara gé rék dipariksa.”

“Naha nya, maké dipariksa heula sagala...?”

“Bisi teu akur kapan?”

“Teu ngarti; teu akur téh teu akur naonana? Lain sarua getih jelema téh?” ceuk Si Édo bari ngarérét ka Bapa Naib, nu dirérét ngalieus semu éra, asa keukeuh baé kasindiran.

“Bisi teu akur golonganana... Pan aya golongan A, golongan B, golongan... naon deui ...”

(Dicutat tina novel Payung Butut, karangan Ahmad Bakri, penerbit Rahmat Cijulang, taun 1991, kaca 73-74)

Pancén 3

Wangun atawa format paguneman di luhur anu tadina mangrupa paragraf-paragraf kalimah langsung pék robah jadi wangun paguneman tanya jawab siga conto kahiji jeung kadua di luhur. Upamana:

Édo : Ih geuning Ujang! Kang Encu ieu Jang Ganda!

Samsu : Iraha ka dieu, Jang?

Suganda : Tadi, nyubuh.

Samsu :

Suganda :

2. Puisi


Indung jeung Anak

Anak:

*Ema naon eusi langit
jeung di mana tungtung langit
Katut béntang nu baranang*

Indung:

*Teu jauh ti dada ema
eusina napas jeung getih
béntang teu jauh ti ujang*



Sumber: dokumen pribadi

Anak:

Emaha saha nu boga langit
jeung béntang anu baranang
saha nu boga bulan
katut beurang jeung peutingna

Indung:

Kapan sagala nu ujang
paéh hirup anu ujang

(Dicutat tina buku kumpulan sajak Lalaki di Tegal Pati, karangan Sayudi, penerbit Rahmat Cijulang, taun 1983, kaca 16).

Pancén 4

Dikusikeun, naon saenyana anu dipagunemakeun ku indung jeung anak dina puisi di luhur téh? Pék parafraseukeun!

3. Drama

(Kacaritakeun di wewengkon Jampang awal abad ka-18. Prawatasari jeung sawatara baladna keur aya di tempat panyumputan. Garwana ogé harita aya.)

Prawatasari	: (<i>Bari lajag-léjég bangun aya nu ditungguan, nyarita sorangan</i>) Teu bisa diantep..., teu bisa diantep! Baheula urang kumawula ka batur, ayeuna kudu sumuhun dawuh ka Kumpeni. Teu bisa! Hina! Hina! Leuwih hina batan kulit lasun di jarian! (<i>ka Panatayuda</i>) Panatayuda, kumaha ceuk andika!
Panatayuda	: Ku émutan mah, sumuhun kitu!
Prawatasari	: Kitu téh kitu kumaha Panatayuda?
Panatayuda	: Sumuhun, urang téh bakal kacida hinana mun daék dijajah ku Walanda. Hirup di lembur sorangan, naha bet kudu diatur ku batur. Hina sanggem abdi mah!

- Prawatasari : Kumaha pamanggih Kyai? Naha teu salah upama urang ngalawan ka Walanda?
- Kyai : Salah lebah manana? Wajib hukumna nurutkeun agama mah ngabéla lemah cai jeung bangsa téh. Naha bangsa urang téh arék kieu baé saterusna? Dijajah deungeun? Kapan ceuk agama ogé
- Puragabaya : Eu.. eu.... Moal robah nasib hiji kaom, lamun éta kaom teu ngarobah nasibna sorangan. Kitu lain, Kyai?
- Kyai : Enya kitu pisan, Puragabaya! Calakan andika!
- Prawatasari : Tékad kula gé geus buleud, Walanda kudu dilawan. Tapi sakapeung sok ras inget ka rahayat, tangtu bakal kabawa susah, anak pamajikan geus tangtu milu sangsara, karunya!
- Garwa Prawatasari : (*Ngoréjat cengkat. Maju nyaketan Prawatasari. Sikepna dangah. Ludeung. Sorana ngoncrang*) Naon nu disaurkeun nembé téh, Kang? Sieun kuring sangsara? Perang ngalawan kadoliman mah sanés sangsara atuh, Kang, kabagjaan éta mah. Pikeun kuring, wanoja terah Pajajaran, leuwih hadé hilang tinggal ngaran, ti batan hirup jadi bangsa jajahan.
- Prawatasari : Heug pamadegan Nyai kitu, ari Si Ujang kumaha? Mangkaning leutik kénéh, karunya meureun dibawa kakaburan ka leuweung?
- Garwa Prawatasari : (*Sasauranana beuki ngoncrang. Sumangetna ngagedur*) Tada teuing hinana Si Ujang mun jaga nyahoeun yén nu jadi bapana: Radén Haji Prawatasari, teu wani merangan Walanda nu ngajajah, lantaran karunya ka.... anakna!
- Prawatasari : Sukur! Tétéla Nyai pamajikan Akang nu satia tur gedé wawanén. Nyarita kitu sotéh akang mah keur ngajugjugan haté Nyai enggoning ngabéla bangsa jeung nagara. Ari geus kitu mah, teger haté Akang téh.
- Kyai : *Alhamdulillah*, urang saréréa jadi jelema nu boga wawanén pikeun mancegkeun kahormatan diri. *Alhamdulillah!*



Sumber: dokumen pribadi

(Keur kitu torojol Tanuwijaya haruhah-haréhoh. Meus-meus ngalieuk ka tukang bangun aya nu dipikasieun.)

Prawatasari : Tanuwijaya, aya naon?

Tanuwijaya : (Ka Puragabaya jeung Panatayuda) Jaga di lawang kampung. Gancang, babaturan béjaan kabéh. Musuh keur kadieukeun!

(Puragabaya jeung Panatayuda rusuh kaluar!)

Prawatasari : Musuh? Walanda? Geus lebah mana?

Tanuwijaya : Bieu téh kaula dibawa patroli ku Kaptén Scipio. Lebah léngkob éta tah! Kaula bébéja heula hayang ka cai, berebet wé ka dieu, rék ngabéjaan andika. Ayeuna mah jig geura indit, meungpeung can poék. Engké panggih deui di Pakidulan Galuh. Kaula indit deui ayeuna, lila teuing mah bisi curigaeun! Assalamu'alaikum!

Nu araya : Wa'alaikum salam!

Prawatasari : Hayu urang miang!

Kyai : (Ngaréndéng jeung Prawatasari) Geus kasawang ti ayeuna pijalaneun ka sawarga, paéh sahid dina ngabéla bangsa, nagara, jeung agama. Allohu Akbar!

Saréréa : Allohu Akbar!

(Dicutat tina drama "Sancang ti Jampang"
karangan Rieza Darajat)

- Naon onjoyna (leuwihna) paguneman dina téks drama di luhur jeung téks paguneman séjénna?
- Keur tujuan naon téks drama ditulis?

D. Nyusun Téks Paguneman

Urang diajar nyieun paguneman geura. Kahiji, urang diajar nyieun paguneman dina wangun prosa. Paguneman dina wangun prosa téh bisa digunakeun pikeun ngarang carita pondok (carpon), dongéng, atawa novel. Polana siga nu geus dicontokeun di luhur, nyaéta maké paragraf-paragraf kalimah langsung nu ditandaan ku kecenteng téa. Mun perlu ditambahan katerangan sautak-saeutik keur ngajelaskeun kontéks pagunemanana.

Contona, urang rék nyieun paguneman ngeunaan dua jalma nu kasarung di leuweung. Éta dua jalma keur ka gunung. Di satengahing jalan papisah jeung babaturanana tur leungiteun tapak.

Pagunemanana bisa kieu:

“Aduh, kumaha atuh urang téh? Mangkaning geus burit kieu?” ceuk nu saurang.

“Enya, picilakaeun ari kieu mah,” témbal nu saurang deui.

“Asana tadi téh ka dieu jalanna nya. Tapi ku naon jadi rembet kieu, siga tara kaliwatan ku jelema. Kumaha atuh mun aya...”

“Husss.... tong ngomong nu teu pararuguh. Anggur mah urang balik deui ka nu tadi. Suga kapanggih jalan balik téh.”

.....

Pancén 6

Pék teruskeun éta paguneman téh nepi ka éta dua jalma bisa balik deui ka jalan nu mimiti kaliwatan sarta tepung deui jeung batur-baturna nu saméméhna pisah. Bisa waé hidep nyieun paguneman anu topikna béda deui. Susun pagunemanana siga conto di luhur, ngagambarkeun hiji kaayaan atawa masalah nu karandapan ku dua urang tokoh atawa leuwih.

E. Metakeun Paguneman

Pancén 7

Pék nyieun kelompok. Sakelompokna dua atawa tilu urang. Pancénna nyieun paguneman keur dipintonkeun (dipraktékkeun) hareupeun kelas. Topikna bébas baé, ngan alusna aya pola-pola paguneman anu ku hidep kudu dijalankeun.

Kahiji, dina bubuka paguneman alusna dimimitian ku ngucapkeun salam bari dituluykeun ku sasalaman sarta silih tanya kaayaan masing-masing luyu jeung kabiasaan urang Sunda.

Contona:

A : Assalamu'alaikum

B : Waalaikum salam

(Solongkrong sasalaman)

A : Kumaha damang?

B : Pangésto, aya hibar. Sawangsulna?

A : Alhamdulillah abdi ogé. Nuhun upami damang mah.

B : Sami-sami.

Sasalaman urang Sunda téh mandiri pisan, béda jeung sasalaman urang Barat atawa urang Indonésia umumna. Hadé lamun ku urang dipraktékkeun dina paguneman jeung dina kahirupan sapopoé. Mimiti réképkeun dua dampal leungeun urang masing rapet. Waktu sasalaman sodorkeun éta dua dampal leungeun téh ka hareup, tapi ulah jauh teuing tina beungeut urang. Antelkeun tungtung ramo urang ka nu diajak sasalaman bari ngadoyongkeun awak saeutik ka hareup. Ilikan geura gambarna:



*Conto sasalaman urang Sunda
Sumber: dokumen pribadi*



*Conto sasalaman urang Barat
Sumber: www.castlewaales.com*

Kadua, gunakeun ragam hormat sarta gunakeun kekecapan basa lemes keur némbongkeun silih hormat jeung babaturan. Contona:

A : Mulih ti mana ieu téh?

*B : Wangsul ti bumina Pa RT. Aya peryogi ngalereskeun
KTP pun bapa.*

A : Oh, ical atanapi kumaha KTP tuang rama téh?

*B : Henteu ari ical mah, mung ku pun adi diguntingan.
Disangkana cocooan. Éta tuda ku pun biang disimpenna
dina laci méja, teu disimpen dina lomari.*

A : Kutan.

Topik pagunemanana mah bébas baé. Tapi alusna mah nyaritakeun hiji topik nu matak kataji batur. Upamana nyaritakeun kajadian atawa peristiwa nu aktual, nyaritakeun karesep, atawa nyaritakeun masalah nu keur gawat. Susun heula skénariona siga conto paguneman di luhur, ngarah paguneman nu dipintonkeun ku urang téh rada tartib, boh basana boh prakna. Skénario anu disusun ku urang téh ngagambarkeun paguneman dua atawa tilu urang anu waktuna kurang leuwih dua atawa tilu menit.

Sanggeus skénario bérés disusun, pék latihan mintonkeun éta paguneman di hareupeun kelas. Dina latihan kudu dititénan rengkuh urang (contona rengkuh dina sasalaman atawa dina keur nyarita) jeung lentong omongan urang. Itung-itung maén sandiwara. Ngan baé, anu diutamakeun ku urang mah lain éktingna atawa gésturna, tapi kudu leuwih némbongkeun kamampuh urang ngagunakeun basa Sunda jeung tatakrama dina nyarita.

PANGAJARAN
3

BIOGRAFI



Sumber: dokumen pribadi

Biografi téh sok disebut ogé riwayat hirup (*bio*: hirup; *grafi*: catetan atawa tulisan). Eusina ngadadarkeun riwayat hirup hiji jalma, boh nu jumeneng kénéh atawa nu geus maot. Ti mimiti brolna ka alam dunya, kumaha keur leutikna, kumaha sakolana, karierna, préstasina, karyana, jeung sajabana.

Téks-téks biografi téh sok diperlukeun keur rupa-rupa kaperluan. Di antarana baé keur ngalamar pagawéan, pangéling-ngéling kana jasa hiji jalma, atawa keur jadi dokuméntasi sajarah. Réa buku-buku biografi anu tuluy kasohor lantaran eusina ngungkabkeun gagasan, lalampahan, jeung ketak hiji inohong atawa jalma nu dianggap penting. Upamana baé biografi Mahatma Gandhi, biografi Anne Frank, biografi Ir. Sukarno, Biografi Présdién Suharto, jeung sajabana.


Dina ieu pangajaran urang bakal mikawanoh wanda téks biografi, ngaanalisis unsur-unsur biografi, neuleuman mangpaat biografi, jeung nyusun karangan biografi.

A. Maca Téks Biografi

Sangkan leuwih paham kana wanda téks biografi, titénan contona ieu di handap.

Conto ka-1:

Ti Kebon kana Carpon



Ngaran lengkepna Cécép Burdansyah. Nénéh-na mah Cécép. Anjeunna lahir di Ciwidéy, tanggal 23 Séptémber 1963. Mimiti ngarang ti keur SMP kénéh. Karya-karyana anu mimiti dimuat dina mingguan *Giwangkara* jeung *Mingguan Pelajar*.

Tuluyna mah Cécép leuwih loba ngarang dina basa Sunda. Carponna anu mimiti dijudulan “Kaleleban”, dimuat dina majalah *Manglé*. Harita Cécép téh sakolana di SMA kénéh.

Kungsi digawé di perkebunan entéh Patuha, meunang opat taun. Salila digawé di perkebunan, Cécép tetep nulis carpon. Sakapeung-kapeungeun turun gunung ka Bandung, ruang-riung jeung papada pangarang Sunda.

Taun 1987, Cécép digawé di majalah *Manglé*. Meunang sapuluh taun. Undur ti dinya, anjeunna kungsi jadi wartawan di sababaraha surat kabar. Di antarana di majalah *Tiras* jeung tabloid *Detak* di Jakarta. Ayeuna Cécép jadi Wakil Pingpinan Rédaksi Koran *Tribun Jabar*.

Carita pondokna anu dijudulan “Bilatung” dilélér Hadiah Sastra Lembaga Basa jeung Sastra Sunda (LBSS) taun 1990. Carpon séjénna anu kungsi dilélér hadiah LBSS nyaéta “Tilu Potrét Jalma dina Albeum Kuring”, “Nu Luncat tina Beus Maleman Taun Baru”, jeung “Sangkakala”.

(Dicutat jeung diropéa tina buku Anak Jadah, Penerbit Kiblat Buku Utama Bandung, 2002)

Conto ka-2

Antara Karir jeung Rumah Tangga

Nénéng SD-na di Wangisagara, SMP Muhammadiyah di Majalaya, neraskeun ka SMKI di Bandung lulus taun 1982. Sakola téh lancar, rupina kalebet golongan murid nu berprestasi. Lebet ka SMKI – ku yasana Bapa Djudju Sa’in – bakat sareng karesep kana kasenian téh asa kasalurkeun. Malih tos ngawitan sering minton bari mitembeyan ningkatkeun diri dina widang galindeng. Asana harita tos ngawitan gaduh kelompok fans.

Teu heuleut sataun sabada lulus ti SMKI, sabada wangsul ti Thailand, aya nu daria ngalamar. Batu turun keusik naék, pruk baé nikah taun 1983. Seueur guru, réréncangan, para sepuh sareng wargi nu nganaha-naha,

ku naon Nénéng buru-buru rumahtangga, padahal nuju ngawitan napak karir. “Si Nénéng mah gancang teuing payuna,” réréncangan ngagaronjak.

Nanging da tos jadi pilihan sareng putusan pribadi, teu tiasa dihalang-halang. Malah kalayan gedé haté diniatan badé janten ibu rumahtangga sagemblengna, satia manutan ka salaki, ngarojong karirna sareng jadi indung nu ngagolontorkeun kanyaah ka barudak. Kana seni gé cul baé dikantunkeun kawas nu pundung. Nu ngarajak manggung gé sering teu ditedunan. Aya opat taun lamina absén tina kasenian téh, katungkulkeun ku anteng ngurus rumahtangga. Nanging rupina ku kiatna bakat seni, taun 1987 mah ancrub deui ngagabung ka “Jugala” nyarengan Ibu Euis Komariah nu kaleresan Nénéng mah kapi bibi ka anjeunna téh.

(Dicutat tina buku Béntang Tembang, Fragmén Kahirupan Nénéng Dinar, disusun ku H.D. Bastaman, diterbitkeun ku Kiblat taun 2011, kaca 34-35)

Pancén 1

Sangkan leuwih paham, pék eusian tabél ieu di handap ku jawaban anu merenah. Diskusikeun jeung babaturan!

Aspék Biografi	Biografi ka-1	Biografi ka-2
Saha anu nyarita dina éta biografi téh? Naha nu nulisna atawa batur?

<p>Informasi naon baé anu kapanggih dina éta biografi téh? Upamana soal ngaran, tempat jeung tanggal kalahiran, jeung sajabana.</p>	<p>.....</p>	<p>.....</p>
<p>Sabada maca éta téks biografi, naon anu bisa dipaké eunteung atawa tuladeun ku urang?</p>	<p>.....</p>	<p>.....</p>

B. Biografi, Autobiografi, jeung Otobiografi

Mun maca conto téks kahiji urang jadi apal kumaha riwayat hirup jalma anu ngaranna Cécép Burdansyah. Kaitung istimewa lalakon hirupna téh. Di SMA kénéh geus bisa ngarang sarta karanganana dimuat dina majalah. Sanajan ukur sakola semet SMA, tapi anjeunna bisa jadi wartawan jeung rédaktur koran. Préstasina gé kaitung istimewa, kungsi dileler hadiah sastra sababaraha kali lantaran karya-karyana dianggap punjul.

Lalakon atawa riwayat hirup kitu téh disebutna biografi. Dina kamus basa Sunda nu ayeuna, teu kapanggih kecap biografi téh, da asalna tina basa deungeun. Biografi téh tina basa nggris (biography) anu hartina tulisan sajarah ngeunaan hirupna hiji jalma. Tuluy éta kecap téh diaku ku basa Indonésia sarta ejahanana diluyukeun jadi biografi. Sanajan teu kapanggih dina kamus basa Sunda, kiwari kecap biografi geus biasa digunakeun ku urang Sunda keur nuduhkeun lalakon hirup hiji jalma.



Dina conto kahiji di luhur, biografi Cécép Burdansyah téh dicaritakeun deui ku jalma séjén. Hartina, lain Cécép Burdansyah sorangan anu nulis éta riwayat hirupna téh. Dina téks biografi mah hal nu kitu téh lumrah, riwayat hirup hiji jalma dicaritakeun deui ku jalma séjén. Tapi nyatana mah aya éta téh anu ditulis ku sorangan, ngan saolah-olah jinisna nyaritakeun batur dina medar riwayat hirup sorangan téh.

Ayeuna titénan conto nu kadua. Di dinya mah riwayat hirup téh dicaritakeun ku jalmana sorangan, nyaéta ku Nénéng Dinar, juru mamaos nu kaitung sohor. Malah ngabasakeunana ogé 'Nénéng'. Dicaritakeun yén anjeunna kungsi sakola di SMKI sarta asa kasalurkeun bakat senina. Hanjakal waktu karirna mimiti naék anjeunna kaburu nikah nepi ka opat taun absén tina dunya kasenian. Tapi antukna anjeunna mutuskeun ancrub deui kana dunya kasenian. Lalakon hirup anu ditulis atawa dicaritakeun sorangan ku jalmana modél kitu téh disebut *autobiografi* atawa *otobiografi*.

Umumna jalma anu sok nulis atawa ditulis biografina téh inohong-inohong anu geus moyan. Utamana jalma anu gedé pangaruhna kana sajarah, samodél présidén hiji nagara atawa tokoh pulitik. Lian ti éta aya ogé biografi wartawan, birokrat, pengusaha, tentara, penemu, jeung sajaba ti éta. Sakapeung aya biografi jalma biasa, tapi jadi luar biasa lantaran kungsi ngalaman hiji kajadian nu istimewa.

Dina basa Sunda, aya sawatara buku *biografi* jeung *otobiografi* inohong. Hanjakal jumlahna tacan réa siga dina basa Indonésia atawa asing. Di antarana baé:

1. *Hurip Waras, Dua Panineungan*, ditulis ku Ajip Rosidi taun 1988.
2. *Mulangkeun Panineungan*, ditulis ku Prof. Drs. H. Muchtar Affandi taun 1997.
3. *Buméla ka Bangsa*, ditulis ku R.S. Hardjapamekas taun 2005.



Biografi Ajip Rosidi, Muchtar Afandi, jeung Hardjapamekas


Sagédéngéun éta aya anu nulis biografi singket keur rupa-rupa kaperluan. Upamana biografi pangarang buku, biografi nu nulis karya ilmiah (makalah, skripsi, tésis), jeung sajabana ti éta.

C. Unsur-unsur Biografi

Dina karangan biografi téh biasana didadarkeun kumaha lalakon hiji jalma ti lahir nepi ka kolotna. Malah réa biografi anu ditulis sanggeus jalmana maot. Di antarana anu sok diterangkeun dina biografi téh:

1. Ngaran, lalandian, atawa jujulukna.
2. Kalahiran jeung asal-usul kulawargana.
3. Bentuk fisik jeung pasipatanana.
4. Riwayat pendidikan jeung pagawéanana.
5. Pikiran atawa gagasanana.
6. Karya atawa hasil gawé.
7. Préstasi jeung pangajén (penghargaan) nu kungsi katarima.

Titénan geura contona:



Tuluyna mah Cécép leuwih loba ngarang dina basa Sunda. Carponna anu mimiti dijudulan “Kaleleban”, dimuat dina majalah Manglé. Harita Cécép téh masih sakola di SMA.

Pendidikan

Kungsi digawé **di perkebunan entéh Patuha**, meunang opat taun. Salila digawé di perkebunan, Cécép tetep nulis carpon. Sakapeung-kapeungeun turun gunung ka Bandung, ruang-riung jeung papada pangarang Sunda.

Taun 1987, Cécép digawé **di majalah Manglé**. Meunang sapuluh taun. Undur ti dinya, anjeunna kungsi jadi wartawan di sababaraha surat kabar. Di antarana di majalah Tiras jeung tabloid Detak di Jakarta. Ayeuna Cécép jadi Pingpinan Rédaksi Koran Tribun Jabar.

Riwayat Pagawéan

Préstasi Penghargaan

Carita pondokna anu dijudulan “Bilatung” **dilélér Hadiah Sastra Lembaga Basa jeung Sastra Sunda (LBSS)** taun 1990. Carpon séjénna anu kungsi **dilélér hadiah LBSS** nyaéta “Tilu Potrét Jalma dina Albeum Kuring”, “Nu Luncat tina Beus Maleman Taun Baru”, jeung “Sangkakala”.

Pancén 2

Ieu aya karangan biografi séjénna. Pék analisis unsur-unsurna kawas conto di luhur!

Karangan Biografi	Unsur-unsurna
<p style="text-align: center;">Bapana Si Mamih</p> <p>Édyana Latief Karung lahir di Tasikmalaya tanggal 14 Juli 1945. Pangna ngaranna diémbohan “karung”, puguh baé aya kasangtukangna. Éta téh singgetan tina <i>Kerabatan Kartunis Bandung</i>, teu béda ti Budi Riyanto Karung atawa Eddy Hérmanto Karung nu papada sok ngagambar kartun.</p> <p>Sohorna Édyana téh saprak boga Si Mamih. Enya, tokoh kartun awéwé nu awakna lintuh, maké baju totol-totol jeung buukna jambul. Basa Si Mamih lahir, nu marajianana <i>Nyi Manglé</i>, da dina éta majalah kartun Si Mamih mimiti dimuatna téh.</p> <p>Édyana, bapana Si Mamih, kungsi sakola di Akademi Seni Rupa (ASRI) Yogyakarta, tapi henteu junun. Léos deui ka Seni Rupa ITB, sarua deuih henteu nepi ka tamat. Tungtungna jadi pagawé negeri, nepi ka pangsiunna ti Kepala Cabang Dinas P & K Kacamatan Salawu Tasikmalaya. Boga budak lima, incuna hiji.</p> <p>Karikatur beunang Édyana, mimindengna mah dimuat dina <i>Manglé, Suara Daérah</i>, jeung majalah <i>Seni Budaya Swara Cangkurileung</i>. Sabada jadi pangsiunan, terus baé ngamangpaatkeun sésa umur, bari ngawawaas mangsa ka tukang nu pikaseurieun jeung pikaketireun. Ari ngagambar mah terus dikeureuyeuh, mun geus cangkeul sok ngejetkeun urat ka wahangan, ngadon nguseup.</p> <p>Lian ti ngagambar Édyana gé sok kurung-karang. Karanganana mindeng dimuat dina majalah <i>Manglé</i>, majalah <i>Suara Daérah</i>, majalah <i>Bhinéka Karyawinata</i>, jeung majalah <i>Seni Budaya</i>.</p> <p style="text-align: right;">(Dicutat tina biografi Édyana Latief Karung nu dimuat dina buku komik Sunda Si Mamih, penerbit Kiblat Buku Utama Bandung, 2004)</p>	<p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p>

D. Mangpaat Biografi

Macaan biografi téh loba mangpaatna. Di antarana baé:

a. **Diajar jeung ngeunteung kana pangalaman hirup hiji inohong.**

Hirup hiji jalma nepi ka jadi inohong téh kalankalan merlukeun hiji prosés. Malah perjuangan hirupna ogésakapeung lain bantrak-bantrakeun, lantaran kudu nyang-hareupan halangan harungan. Ku hal éta, ku maca biografi hiji inohong, urang bisa diajar atawa ngeunteung kana lalampahan hirupna, yén pikeun suksés atawa bisa ngahontal naon anu dicita-citakeun téh butuh perjuangan, sumanget, jeung gawé anu tohtohan. Atawa, urang bisa ngeunteung kumaha cara anjeunna bisa ngaréngsékeun jeung ngungkulan rupa-rupa masalah kahirupan. Aya kalana, nu kararitu téh bisa jadi panyumanget keur urang anu maca dina ngalakonan kahirupan.



B.J. Habibie

b. **Bisa maca gagasan/pikiran hiji tokoh.**

Sakapeung, inohong anu ditulis biografina téh nyaéta jalma anu gagasan jeung pikiranana téh istimewa. Éta gagasan téh aya kalana diwujudkeun dina karya gawé anu rancagé, atawa ngahasilkeun hiji ciciptaan anu saméméhna teu kagarap ku batur. Biografi inohong-inohong anu kungsi nimukeun rupa-rupa barang jeung karancagéan, upamaha Thomas Edison, Christopher Columbus, Mahatma Gandhi, B.J. Habibie, éta téh conto biografi jalma anu gagasan, karancagéan, jeung pikiranana kacida majuna.



Mahatma Gandhi

c. **Biografi hiji tokoh bagian tina dokumen sajarah.**


Hiji inohong kadang-kadang boga peran penting dina sajarah. Ku kituna biografina téh bisa dianggap dokumén sajarah anu penting. Conto biografi modél kieu téh di antarana baé biografi Présidén, biografi tokoh politik, atawa biografi jalma anu kabeneran jadi saksi penting hiji babak sajarah. Contona baé biografi Anne Frank nu kapanggih tina catetan poéanana nu dijudulan *The Diary of Young Girl* (terbit taun 1952). Anjeunna téh mojang Yahudi ti Jerman anu jadi salah saurang korban kabengisan tentara Nazi di Walanda dina Perang Dunya II.



d. **Maham hiji kajadian/peristiwa tina sawangan anu béda-béda.**

Hiji kajadian sajarah kalan-kalan disawang béda-béda ku jalma-jalma nu kalibet atawa ngalaman éta kajadian. Béda sawangan téh timbul lantaran aya kapentingan-kapentingan. Upamana baé, peristiwa politik taun 1998 nu kawentar ku sebutan jaman Reformasi disawang béda-béda ku tilu tokoh sajarah anu kalibet langsung dina éta kajadian. Éta tilu tokoh téh nyaéta Présidén B.J. Habibie, Jéndral Wiranto, jeung Létjén Prabowo Subianto. Tiluanana ngahaja nyusun biografi séwang-séwangan tur boga

sawangan jeung pamadegan nu béda-béda kana peristiwa nu sarua. Malah dina sawatara bagianana, éta tilu inohong téh pabéntar paham dina nyaritakeun hiji peristiwa.



*Buku biografi B.J. Habibie, Jéndral Wiranto, jeung Létjén Prabowo Subianto
Sumber: tokobagus.com*

Pancén 3

Pék baca deui biografi ieu di handap, tuluy cindekkeun ku hidep, naon mangpaat anu kapetik ku urang sanggeus maca éta karangan biografi!

Karangan Biografi	Mangpaat nu kapetik
<p style="text-align: center;">Diajar Ngaji</p> <p>Ti keur bubudak kénéh ogé kuring sok mimilu diajar ngaji. Diajarna sok ku Bapa baé. Sakapeung, upama anjeunna nuju aya pamengan, sok disuluran ku Emah ngawurukna téh.</p> <p>Saenyana kuring mah acan dikudukeun ngaji, da dianggap masih budak teuing. Anu geus dikudukeun mah Ceu Otit jeung Ceu Oyoh.</p>	

Asalna mah kuring sok dipiwarang milu ngadéngékeun nu diwurukan wungkul, tapi lila-lila mahaya ogé anu nerapna ka kuring nu diwurukkeun téh. Nya antukna ku Bapa dipiwarang babarengan baé diajar ngaji téh jeung lanceuk kuring nu duaan téa. Resep kénéh ku Emah diwuruk téh, da anjeunna mah sok sabar, kitu deui henteu galak, atawa énggal bendu. Komo nyeuseul mah, tara. Sabalikna, Bapa mah galak, énggal bendu, nyeuseul, malah mah sok nyepret ku nyéré atawa nyintreuk kana ceuli lamun teu apal-apal baé kana anu diwurukkeun téh.

Sanggeus bisa ngaji tina tuturutan, kitu deui geus kaitung lancar ngéjah jeung maca Al Qur'an, kuring ngaji téh dipindahkeun ka guru ngaji di Kampung Kadunenggang, teu sabaraha anggangna ti imah kuring téh. Di dinya mah resep ngaji téh da loba babaturan lalaki sapantar, anu tuluyna mah jadi babaturan ulin deuih. Ceu Otit jeung Ceu Oyoh mah ngajina henteu marilu pindah, diteruskeun ku Bapa sareng ku Emah baé diwurukna téh.

(Dicutat tina buku Mulangkeun Panineungan, susunan Prof. Drs. Muchtar Affandi, taun 1997, kaca 25-26)

E. Nganalisis Biografi

Pancén 4

Pék téangan conto biografi séjén nu ditulis maké basa Sunda. Sumberna bisa tina buku, koran, atawa internét. Tuluy analisis ku hidep. Hal-hal anu kudu dianalisis ku hidep téh nyaéta:

- Kagolong kana naon éta biografi téh: naha biografi nu ditulis ku batur atawa autobiografi?
- Téangan jeung tuduhkeun unsur-unsur biografi anu aya dina éta karangan!
- Naon mangpaat nu kapetik ku urag sabada maca éta téks biografi? Jelaskeun masing tétéla!

- d. Mun aya kekecapan anu teu kaharti, susun jadi glosarium dina buku catetan hidep sarta téangan hartina dina kamus Basa Sunda! Sanggeus dianalisis, pék hasilna présentasikeun di hareupeun kelas!


F. Nyusun téks biografi

Pancén 5

Pék diajar nyusun karangan biografi. Anu kudu dijieun ku urang nyaéta biografi babaturan urang sorangan. Carana, pék wawancara jeung jieun téks biografina babaturan téh, ngaruntuy baé tina susunan absén siswa. Upamana A nyieun biografi B, B nyieun biografi C, C nyieun biografi D, jeung saterusna nepi ka nu panungtung nyaéta Z kudu nyieun biografi A. Dina nyusun biografi babaturan gunakan gaya jalma katilu (“manéhna” atawa “anjeunna”).

Karangan biografi nu ku urang ditulis téh ulah panjang teuing, cukup sakacaeun kertas A4, rék diketik dina komputer atawa rék ditulis leungeun teu jadi soal. Asal, dina nulis téh urang ngéstokeun éjahan jeung tanda baca. Judulan masing alus, siga judul-judul biografi dina conto-conto di luhur. Leuwih alus lamun éta biografi urang diilustrasian ku foto.

Mun geus bérés, sarta geus diparios ku Ibu/Bapa Guru, karangan téh hijikeun. Jilid jadi buku kumpulan biografi. Dina jilid hareupna bisa ditulisan kieu:



Biografi

Kelas

SMA


Taun

Aép Rahayu, Ai Téli, D. Juandi, Asép Sobur, Dani Haryani, Eli Sarimanah, Enéng Téli, Enung Lismawati, Halim M. Gunardi, Ida Widaningsih, Iis Triwartini, Kartini, Risnawati, Sulé, Susi Budiwati,

Béréndélkeun ngaran babaturan sakelas anu biografina aya dina buku. Ulah kaliwat... Cover jilidna ilustrasian ngarah matak kataji katempona jeung ngarah siga jilid buku enyaan!

PANGAJARAN
4

**NGAGUNAKEUN
AKSARA SUNDA**



Sumber: antaranews.com

Aksara Sunda kiwari sok disebut kaganga, nyaéta aksara tradisional hasil modifikasi tina tata-tulis karuhun Sunda baheula sakumaha anu kapanggih dina naskah kuno atawa prasasti. Ieu aksara téh sok dianggap ceré Sunda. Saméméhna urang Sunda téh biasa ngagunakeun aksara cacarakan atawa populer disebut hanacaraka. Ngan éta téh dicokot tina aksara Jawa, jadi dianggap lain asli Sunda sanajan cacarakan ogé saenyana geus dimodifikasi diluyukeun jeung fungsi urang Sunda.

Taun 1990-an, para ahli filologi mimiti ngoréksi cacarakan nu dianggap henteu asli téa. Para ahli sapuk mun aksara kaganga leuwih nyunda tur mimiti diwanohkeun ka balaréa. Kungsi ogé diayakeun seminar keur nyusun standarisasi tata-tulis éta aksara, bari diwewegan ku rupa-rupa aturan hukumna.

Dina ieu pangajaran urang bakal diajar maca jeung nulis aksara Sunda, mikawanoh sajarahna, jeung ngagunakeun aksara Sunda Kaganga keur rupa-rupa kaperluan.

A. Maca Téks Aksara Sunda

Keur latihan jeung nyegerkeun deui pangaweruh urang kana tata-tulis aksara Sunda, pék baca ieu téks di handap tuluy pigawé pancénna!

Téks 1

ᮘᮞᮥᮒᮒ ᮘᮓ ᮘᮞᮒᮒ

ᮘᮞᮒ ᮘᮞᮒ ᮘᮞᮒᮒ

ᮘᮞᮥᮒᮒ ᮘᮓ ᮘᮞᮒᮒ

ᮘᮞ ᮘᮞᮒᮒ ᮘᮞᮒᮒ ᮘᮞᮒᮒ ᮘᮞᮒᮒ ᮘᮞᮒᮒ ᮘᮞᮒᮒ

ᮘᮞᮒ ᮘᮞᮒᮒ ᮘᮞᮒᮒ ᮘᮞᮒᮒ ᮘᮞᮒᮒ ᮘᮞᮒᮒ ᮘᮞᮒᮒ

ᮘᮞᮒᮒᮒᮒᮒᮒ ᮘᮞᮒ ᮘᮞᮒᮒᮒᮒ

හුඹුරු ලිපි පිටපත් වූ පොත් පොත් පොත් පොත්
විෂය විෂයවිෂය වූ වූ වූ වූ
වූ වූ වූ පොත් පොත් පොත්

හුඹුරු ලිපි පිටපත්
වූ පොත් පොත් පොත්
වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ
වූ වූ වූ වූ වූ
හුඹුරු ලිපි පිටපත්
වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ
වූ වූ වූ වූ වූ
(වූ වූ වූ වූ වූ)

Téks 2

වූ වූ වූ වූ

වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ
වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ
වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ
වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ
වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ
වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ
වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ වූ

B. Mikawanoh Aksara Sunda

Kiwari aksara Sunda kaganga téh geus dipaké keur rupa-rupa kaperluan. Di antarana baé keur labél ngaran jalan, dipaké plang instansi pamaréntahan atawa obyék-obyék wisata, dipaké pamaés dina kaos atawa beus, malah aya ogé anu dijieun kaligrafi jeung karya seni séjénna.

Titénan contona:



Lahirna aksara téh lantaran aya basa. Sakur aksara bogaeun basa, tapi teu sakur basa bogaeun aksara. Aksara bisa ném-bongkeun karancagé jeung kaperékéan hiji sélér. Ku kituna, aksara boga karakteristik luyu jeung basa nu ngalahirkeun éta aksara.

Méméhna, sawatara masarakat Sunda boga anggapan yén aksara Sunda téh cacarakan, padahal éta mah aksara Jawa nu geus diaku tur dipaténkeun ku urang Jawa.

Ari aksara Sunda mimiti kapanggih dina prasasti jeung naskah Sunda kuna. Ku para ahli, aksara nu kapanggih dina prasasti jeung naskah-naskah kuna téh disusun nepi ka janggélék jadi aksara Sunda nu kiwari dimekarkeun deui.



Aksara Sunda digunakeun keur desain kaos (T-shirt), dipaké keur label ngaran jalan, dipaké keur mapaésan beus Persib Bandung, jeung diaplikasikeun kana program komputer. Sumber: pinterest.com, www.peperonity.com, www.gantibaju.com, antaranews.com

Di SD jeung di SMP urang kungsi diajar aksara Sunda apan? Urang geus diajar kumaha aksara dasarna, rarangkénna, jeung cara nuliskeunana. Kiwari urang nyobaan maca téks nu ditulis ku aksara Sunda, mikapaham (nyangkem) sajarahna, jeung nyieun kréasi ngagunakeun aksara Sunda.

C. Paham Sajarah Aksara Sunda

Anu dimaksud aksara Sunda *kaganga* téh nyaéta aksara Sunda hasil “standarisasi” anu geus ditetepkeun ku SK Gubernur Jawa Barat No. 434/Sk. 614-Dis.Pk/1999. Éta aksara téh dirancang jeung disusun tina hasil ngabanding-banding akasara-aksara kuno nu geus dipaké ku urang Sunda ti abad ka-15 kénéh. Boh anu digunakeun keur nuliskeun aksara dina prasasti, boh nu digunakeun dina naskah-naskah lontar. Tangtu aksara Sunda ayeuna mah réngkolna teu sarua pisan jeung aksara Sunda kuno téa, da geus diropéa.


Sajarahna mah kieu. Taun 1996, kaluar Peraturan Daerah (Perda) Provinsi Jawa Barat No. 6 taun 1996, ngeunaan Pelestarian dan Pengembangan Bahasa, Sastra, dan Aksara Sunda. Lebah aksara, urang Sunda harita bingung, nya aksara mana anu kudu dipaké, lantaran wanda aksara di lingkungan urang Sunda téh rupa-rupa pisan. Justru anu loba digunakeun jeung dipikawanoh ku urang Sunda nepi ka harita téh nyaéta aksara *cacarakan* (*hanacaraka*), anu saenyana aksara ti Jawa. Kréasi urang Sunda dina aksara *cacarakan* téh cenah ukur 10%.

Nya diayakeun lokakarya di Universitas Padjadjaran (Unpad) tanggal 27 Oktober 2007, pikeun muguhkeun nu kumaha nu disebut aksara Sunda baku téh. Lokakarya lain baé ngumpukeun bahan, nyarungsum, jeung muguhkeun wanda aksara Sunda, tapi ogé ngabakukeun (nyieun standarisasi). Hasilna disosialisasikeun, nepi ka ahirna dina taun 1999, aksara hasil standarisasi téh ditetepkeun ku SK Gubernur.

Saterusna, hasil standarisasi téh tuluy diasupkeun kana révisi Perda No. 6/1996, anu tuluy jadi Perda No. 5 taun 2003. Nya ti harita aksara Sunda mimiti disebarkeun ka masarakat, sarta leuwih populer disarebut aksara *kaganga*. Éta Aksara Kaganga téh lain baé ditabeuh jeung diwanohkeun dina kongres atawa seminar, tapi ogé

mimiti digunakeun keur rupa-rupa kaperluan. Upamana keur ngaran jalan, ngaran plang, ditulis dina kaos, dijieun kaligrafi, jeung sajabana.

Bulan April taun 2008, aksara Sunda baku atawa anu disebut aksara *kaganga* téa téh ahirna dipaténkeun jeung didaftarkeun ka *Unicode Internasional* pikeun ditetepkeun jadi *font* dina komputer. Ku éta tarékah, kiwari urang bisa ngagunakeun aksara Sunda maké komputer. Tinggal dipilih *font*-na dina daftar *font* nu aya dina komputer urang. Tangtu baé, sangkan bisa digunakeun dina komputer *font kaganga*-na kudu diinstalkeun heula kana komputer urang.



Conto fotmat keyboard aksara Sunda dina komputer.

D. Nyalin Téks kana Aksara Sunda

Saméméh prak nyalin titéan heula pituduh ieu di handap!

- Aya sawatara aksara anu cara nuliskeunana boga variasi, nyaéta aksara /ja/, /ta/ jeung /ya/. Rék nu mana baé gé bisa dipaké. Titéan variasina:

ᮊ	ᮃ	ᮄ
↓	↓	↓
ᮊ	ᮃ	ᮄ

- Ulah sambarang maéhan aksara dasar. Gunakeun rarangkén keur kaéfektifan.

Contona:

$\bar{7}_2 \bar{N} \bar{N} \bar{N}_2$ kuduna $\bar{7}_2 \bar{N} \bar{N}$ (robah)

$\bar{N} \bar{N}_2 \bar{N} \bar{N}_2$ kuduna $\bar{N} \bar{N}$ (kangkung)

$\bar{N} \bar{N}_2 \bar{7}_2$ kuduna $\bar{N} \bar{N}_2$ (bangor)

- c. Ulah poho, cara nuliskeun angka salilana dihapit ku garis nangtung. Contona:

$\bar{N} \bar{N}_2 \bar{N}_2$, | \bar{N} | $\bar{N} \bar{N}_2 \bar{N}_2 \bar{N}_2$ | $\bar{N} \bar{N}_2 \bar{N}_2$ |

$\bar{N} \bar{N}_2 \bar{N}_2 \bar{N}_2$ $\bar{N} \bar{N}_2$ $\bar{N} \bar{N}_2$ | $\bar{N} \bar{N}_2 \bar{N}_2 \bar{N}_2$ | $\bar{N} \bar{N}_2 \bar{N}_2$

$\bar{N} \bar{N}_2 \bar{N}_2$

- d. Dina nuliskeun aksara Sunda téh boh aksarana boh spasina kudu proporsional. Ulah rékép teuing, ulah anggang teuing, ngarah babari dibacana.

Pancén 3

Ayeuna pék cobaan nyalin téks tina aksara Latén ieu di handap kana aksara Sunda. Dina nyalin masing bener nuliskeunana sarta ulah poho cara merenahkeun rarangkenna.

- a. Kacaritakeun éta dua sato geus nepi ka kebon cabé Pa Tani. Sakadang Monyét ngajlengan pager, ari Sakadang Kuya moncor ti handap. Sakadang Monyét gancang mipitan céngék nu bareureum, am didahar. Pok ngomong bari cowong, “Seuhah lata-lata, maling cabé lada ngeunah.....” cenah. “Onyét,” Sakadang Kuya ngagebés, “Nanaonan éta téh? Kumaha lamun kanyahoan ku Pa Tani?”



- b. *kulitna héjo carulang
beungeutna ngadaun seureuh
panonna cureuleuk
halisna ngajelér paéh*

*Pangambung kuwung-kuwungan
tarangna téja mentrangan
Rambutna galing muntang
gadona endog sapotong*

*pipina kadu sapasi
Lambeyna ngadodol cina
beureum asli barwa ngajadi.*

E. Ngagunakeun Aksara Sunda

Sabada aksara Sunda disosialisasikeun ka masarakat, tétéla geus jadi inspirasi réa jalma keur nyieun rupa-rupa karancangéan tina éta aksara. Lain ngan sakadar jadi ték anu biasa. Aksara Sunda aya nu dijieun kaligrafi dina lukisan, aya nu dijieun mural (lukisan dina témbok), aya ogé anu dijieun patung jeung ukiran. Titénan gambarna;




Pancén 4

Pék hidep nyiptakeun kréativitas sorangan ngagunakeun aksara Sunda. Upamana nyieun desain kaos, desain gelas atawa cangkir, nyieun poster, nyieun plang jalan atawa gedong, atawa bisa ogé nyieun mérk hiji produk ngagunakeun aksara Sunda siga conto-conto di luhur. Pigawé léngkah-léngkah ieu di handap!

- a. Pék jieun kelompok anu anggotana tilu atawa opat urang.
- b. Unggal kelompok nyieun produk anu béda-béda. Upamana:
 - Kelompok I : nyieun desain kaos.
 - Kelompok II : nyieun desain cangkir, gelas, atawa piring.
 - Kelompok III : nyieun desain poster. Upamana poster miara lingkungan, poster anti narkoba, poster pestival budaya Sunda, jsb.
 - Kelompok IV : nyieun plang ngaran jalan, ngaran gedong, atawa ngaran-ngaran tatangkalan.
- c. Médiana bisa kaos, piring, gelas, kertas karton, duplék, triplék, spidol, cat poster, cat air, jeung sajabana.
- d. Sanggeus jadi, pék pamerkeun atawa tapelkeun karya hasil kelompok téh di tempat-tempat anu merenah.

PANGAJARAN
5

DONGÉNG



57

ELIN SJAMSURI

Tradisi dongéng téh aya di mamana. Méh unggal bangsa boga dongéng séwang-séwangan. Éta dongéng téh diwariskeun turun-tumurun ti karuhun ka generasi nu leuwih ngora, mangtaun-taun, malah boa mangabad-abad. Kabiasaan ngadongéng lain baé jadi alat keur ngahibur atawa keur kalangenan, tapi nu utamana mah dongéng téh ngawariskeun ajén-inajén. Dongéng biasana ngawariskeun hiji naséhat, malah mandar jadi eunteung dina kahirupan. Malah di sawatara wewengkon mah, dongéng téh ngahaja diciptakeun. Dijieun carita anyar atawa dijieun film. Ari maksudna mah sarua, ngajarkeun naséhat anu hadé.

Dina pakumbuhan urang Sunda, ogé kapanggih rupa-rupa dongéng. Umumna éta dongéng téh nyebar sacara lisan ti generasi ka generasi. Lantaran éta dongéng anu warna-warni téh sok tuluy didongéngkeun deui, antukna sok muncul rupa-rupa vérsi. Contona baé, dongéng ngeunaan Prabu Siliwangi atawa ngeunaan Sangkuriang téh sok kapanggih di sawatara tempat. Biasana sok dipatalikeun jeung kaayaan atawa kabiasaan di hiji tempat.

Ka dieunakeun aya nu pirajeunan nyatet-nyatetkeun dongéng, tuluy dikumpulkeun dina wangun buku. Tapi éta dongéng téh tetep hirup dina tradisi lisan. Sok dipasanggirikeun, atawa didongéngkeun deui ku indung atawa ku bapa, atawa ku Ibu jeung Bapa Guru, ka barudakna atawa ka siswa di sakola.

Dina ieu pangajaran urang bakal mikawanoh warna-warni dongéng, papasingan dongéng, nganalisis unsur-unsur jeung ciri dongéng, sarta ngaéksprésikeun dongéng.

A. Warna-warni Dongéng

Pikeun nyangkem rupa-rupa dongéng, ieu di handap aya sawatara contona. Pék baca!

1. Dongéng ka-1

Paménta Tilu Rupa

Jaman baheula aya hiji jalma anu hirupna malarat rosa. Carékna dahar isuk henteu soré téh lain bobohongan. Ari pagawéanana sok buburuh ngangon domba batur. Sanajan digawéna kacida getolna, tapi hasilna teu kungsi mahi, jajauheun kana cukup. Da puguh ukur buburuh. Ari buruhanana dina sataun téh paré 50 geugeus, ditambah ku bekel dahareun mun rék ngangon.

Demi dununganana jalma beunghar kacida. Tapi korétna kabina-bina, jaba licik. Ka pangangon téh ngan minteran baé. Saupama anu ngangon domba rék ngangon ka pangangonan, dibekelanana téh ngan sangu baé jeung uyah sambel. Arang langka pisan dibéré deungeun sangu anu ngareunah.

Mun geus usum panén, nu ngangon téh dibéré paré buruhanana téa. Tapi paréna téh dipilihan anu gambrang pisan. Atuh barang dijual téh hargana teu sakumaha. Teu mahi pikeun meuli baju-baju acan. Munasabah baé mun tukang angon téh papakéanan geus rubat-rabét, siga nu gélo baé.

Sakali mangsa éta tukang ngaon téh gering nepi ka teu bisa ngangon. Tapi, ku dununganana téh teu diurus.



Barang geus cageur sarta keur mamayu, ngan can kaduga ngangon, ka dununganana ménta kadaharan. Tapi batan méré mah dununganana kalah nyarékan. Majar téh, “Can digawé geus hayang ménta dahar!”

Antukna éta tukang ngangon téh musapir. Manéhna prihatin liwat saking sarta ngenes di jero haténa. Beurang peuting manéhna neneda hayang bisa cara deungeun-deungeun, teu kurang hakaneun teu kurang pakéun. Ku tina nyeri haté, manéhna tuluy miceun manéh ka leuweung, teu dahar teu nginum.

Barang geus meunang sababaraha poé manéhna kasaréan ti beurang, handapeun tangkal kai. Ari hudang bet manggih batu tilu siki. Kawas muncang, baruleud, sarta laleucir. Teu kira-kira manéhna kagéteunana. “Na saha anu neundeun ieu batu téh, da tadi mah euweuh?” pokna.

Sabot kitu kadéngé aya sora euweuh rupa, “Ujang, ku sabab manéh sakitu prihatinna, ayeuna paménta manéh dikabulkeun. Manéh meunang ménta tilu rupa. Pék rék ménta naon baé ogé. Dina sakali ménta éta batu kudu dialungkeun hiji!”

Tukang ngangon liwat saking atoheunana. “Nuhun Gusti, nuhun!” pokna bari nyembah-nyembah.

Ti dinya tukang angon tuluy balik ka lemburna. Sajajalan teu weléh imut sura-seuri sorangan bari mikiran rék ménta naon. Ceuk gerentes haténa, “Kahiji aing rék ménta beunghar. Kadua rék ménta jadi raja. Lantaran beunghar ogé ari teu agung mah tara dihargaan. Katiluna aing rék ménta loba anak, sangkan bisa nuluykeun raja jeung kabeungharanana.”

Sadatangna ka imahna, manéhna rék nyoba ménta beunghar. Tapi tuluy kapikir rék ménta duit baé. Da mun téa mah tuluy dibéré kuda, sapi, atawa ingon-ingon, kacipta réncédna da kudu dijual heula. Ari boga duit mah apan hayang naon baé gé bisa. Tapi manéhna kacalétot ngomong. Maksudna hayang loba duit, ari pok bet hayang loba ceuli. Barang keleweng téh batu dialungkeun, ngan breng baé awakna pinuh ku ceuli. Mani kawas tunggul anu pinuh ku lémbér.

Tukang angon gogoléran ceurik, awahing ku gila nénjo awak sorangan. Handeueuleun deuih, pédah paméntana anu kahiji geus mubadir. Barang geus leler, manéhna mikir deui. Ceuk gerentesna, “Ah keun baé henteu tulus jadi raja ogé, henteu boga anak loba ogé, asal jadi beunghar wé. Tapi ceuli nu matak pikagilaeun téh kudu leungit heula!”

Keleweng manéhna ngalungkeun deui batu anu kadua, sarta ménta sangkan ceuli anu rimbil dina awakna leungit kabéh. Les baé ceuli téh leungit tanpa lebih ilang tanpa karana. Tukang angon kacida bungaheunana sarta niatna rék ati-ati pisan dina nepikeun paménta anu katilu.

Tapi ras manéhna inget kana ceulina anu dua. Ari dicabak, bet milu leungit. Puguh baé kagéteunana tukang angon. Atuh ngan hing deui baé manéhna ceurik. Leuwih nyeri batan anu tadi, sabab paméntana ngan kari hiji deui.

“Kumaha ayeuna aing? Lamun ménta beunghar meureun aing jadi jalma tanpa daksa, teu boga ceuli. Lamun ménta didatangkeun deui ceuli, aing meureun angger malarat.”

Sanggeus bingung mikiran nasib, bet datang ilham tina pikirna anu beresih. “Leuwih hadé aing ménta didatangkeun deui dua ceuli anu asal, da ceuk kolot ogé apan awak anu walagri, sehat bari jagjag waringkas, leuwih utama batan kakayaan. Sarta saéstuna jalma anu beunghar téh nyaéta jalma anu narima kana kulak canggeum bagja. Narima kana takdirna. Kawas aing, da geus milikna jadi jalma malarat, euweuh sisit beunghar, nya rék ditarimakeun baé. Hanas éta teu boga dahareun, pakéun, nya rék ihtiar baé, da awak lengkep kénéh, tanaga gedé. Mending néangan baé dunungan anu bageur!” pokna.

Pancén 1

Keur nyangkem dongéng di luhur, lengkepan tabel ieu di handap!

Aspék Dongéng	Jawaban
<i>Palaku Dongéng</i> (saha tokoh anu ngalalakon dina dongéng?)
<i>Logika dongéng</i> (Naha caritana kaharti ku akal atawa henteu?)

<i>Naséhat dongéng</i> (Piwuruk naon atawa ajén- inajén naon nu kakandung dina dongéng sarta bisa dijieun eunteung keur nu maca/ngadéngékeun?)
<i>Pajamanan dongéng</i> (Naha caritana téh kabaheulaan atawa carita jaman ayeuna?)

Kumaha kacindekan urang sanggeus tabél di luhur kaeusian? Cing tepikeun sacara lisan di hareupeun kelas!

B. Papasingan Dongéng

Dina conto dongéng kahiji, anu ngalalakon téh jalma biasa, tukang ngangon. Ngan hiji mangsa kudu ngalaman kajadian anu pohara ahéngna. Manéhna manggihan batu tilu siki anu singhoréng lain batu biasa. Éta batu bisa nyumponan paménta tilu rupa. Lantaran salah nyebutkeun paménta, antukna batu nu tilu téh kalah jadi mamala. Ngan kaberesihan haténa baé anu nyalametkeun éta tukang angon téh.

Ari dina dongéng kadua mah lain baé jalma anu ngalalakon téh. Malah tokoh jalma dina éta dongéng téh ukur panambah baé, lain tokoh utama. Malah anu jadi tokoh utamana mah sasatoan, nyaéta nyiruan jeung manuk titiran. Tapi éta sasatoan téh talajakna kawas jalma baé. Maké bisa silih tulungan sagala.

Ku lantaran béda-béda palakuna, jeung béda-béda deuih asal-usulna, dongéng téh sok dipasing-pasing. Yus Rusyana, ahli carita lisan, ngabagi-bagi dongéng téh kieu:

- a. Dongéng nu nyaritakeun kahirupan jalma di masarakatna jeung dina sajarahna. Upamana dongéng para raja, para putri, para nabi, para wali, tukang tani, tukang dagang, jeung sajabana. Dongéng nu kieu sok disebut ogé *parabel*.

- b. Dongéng anu nyaritakeun kahirupan sasatoan, saperti kuya, monyét, peucang, tutut, maung, séro, munding, manuk, jeung sajabana. Dongéng nu kieu sok disebut ogé *fabel*.
- c. Dongéng anu nyaritakeun asal-usul kajadian tempat, barang, sasatoan, jeung tutuwuhan. Dongéng nu kieu disebutna dongéng sasakala atawa *legénda*.
- d. Dongéng anu nyaritakeun mahluk ciciptan (hayalan), bangsaning jurig jeung siluman. Dongéng nu kieu sok disebut ogé dongéng *mitos*.

Pancén 2

Pék ayeuna tangtukeun ku hidep, dongéng dina conto di luhur téh, kagolong kana dongéng nu mana? Tétélakeun alesanana!

C. Ciri-ciri Dongéng

Titénan pedaran ieu di handap!

- a. Boh dongéng “Paménta Tilu Rupa” boh dongéng “Manuk Titiran jeung Nyiruan”, duanana gé mangrupa carita. Sakumaha umumna carita, dina éta dongéng téh aya tokohna, aya galur atawa jalan caritana, jeung aya kasang tempat jeung waktuna. Umumna carita dongéng mah parondok.
- b. Éta dua dongéng téh henteu kapanggih saha nu ngarangna. Sanajan kungsi dibukukeun, saenyana nu nyieun buku mah ukur ngumpulkeun atawa ngadokuméntasikeun. Naon sababna, lantaran dongéng mah umumna nyebarna sacara lisan, nepi ka teu kapaluruh saha saenyana anu mimiti nyieun éta dongéng.
- c. Dina dongéng sok kapanggih bagian-bagian anu teu kaharti ku akal. Contona, dina dongéng “Paménta Tilu Rupa” aya batu tilu siki anu bisa dipaké keur ménta naon baé mun dialungkeun. Atawa, timbul ceuli di sakujur awak tukang ngangon dina waktu nu sakedét nétra. Kitu deui dina dongéng “Manuk Titiran jeung Nyiruan”, bet aya sato bisa nyarita jeung ngagunakeun akal. Apan nu boga akal mah ukur manusa.

- d. Tapi, lain soal teu kaharti ku akalna. Dongéng saenyana boga maksud nepikeun hiji naséhat anu hadé. Dina dongéng kahiji, sanajan loba nu ahéngna, saenyana hayang nepikeun amanat yén kasenangan téh datangna lain tina harta banda atawa kakayaan. Tukang ngangon meunang kasenangan téh nu puguh mah tina kaberesihan haténa.
- e. Dongéng téh sakapeung aya babandinganana jeung dongéng séjén di tempat séjén. Upamana dongéng-dongéng Si Kabayan méh sarua jeung dongéng Joko Dolog ti Jawa, atawa dongéng Abu Nawas ti Parsi. Dongéng Dalem Boncél nu doraka ka kolot, sarua jeung dongéng Malin Kundang ti Sumatra Barat, jeung dongéng Batu Menangis ti Kalimantan. Mitologi Sangkuriang méh sarua jeung Mitologi Oidipus ti Yunani.

Mun digambarkeun mah, ciri dongéng téh kieu:



D. Nganalisis Téks Dongéng

Pancén 3

Ieu di handap aya deui conto dongéng keur bahan analisis hidep. Pék diskusikeun dina kelompok, keur ngajawab pertanyaan ieu di handap!

- a. Mun ditilik palaku jeung caritana, kagolong kana dongéng naon éta dongéng téh?
- b. Tuduhkeun ciri-ciri dongéngna, sarta déskripsikeun dina pedaran anu tétéla!
 - Lebah mana bagian-bagian carita anu karasa pamohalan?
 - Saha tokohna, kumaha galur caritana, di mana tempat kajadianana, sarta iraha kajadianana?
 - Saéstuna éta dongéng téh hayang nepikeun naséhat naon?
 - Naha éta dongéng téh aya babandinganana jeung dongéng séjén ti tempat séjén? Paluruh dina internét atawa ti sumber séjén.

Hasil analisis hidep téh pék susun mangrupa laporan!

Putri Uyah

Jaman baheula aya Raja Sepuh nu kacida welas asihna ka pala putrana. Ari putrana aya tilu, kabéhanana ogé awéwé. Hiji mangsa, Raja ngangkir putra-putrana sina ngariung, masamoan di karaton jeung kulawadetna. Ku Raja éta anak-anakna téh rék ditanya soal kanyaahna ka manéhna.

Sanggeus kabéh ngariung, Raja mimiti nanya ka anak-anakna saurang-saurang. Mimitina nu ditanya téh anakna nu bungsu.

Ceuk Raja, “Nyai, cing nyarita. Sakumaha kanyaah Nyai ka Ama téh?”

Putri bungsu ngajawab, “Ah, Ama. Kanyaah abdi ka Ama euweuh babandinganana.”

“Ih, sebutkeun wé siga kumaha kanyaah Nyai ka Ama téh, ulah asa-asa.”

“Dina aya babandinganana ogé, tangtu éta babandingan téh moal bisa nandingan kanyaah abdi ka Ama.”

“Teu lumrah, piraku teu bisa dibandingkeun jeung nanaon mah,” témbal Raja.

Putri Bungsu ngahuleng. Heuleut sajongjongan, pok manéhna nyarita deui. “Kieu waé atuh Ama. Upami keukeuh kedah aya babandinganana, kanyaah abdi ka Ama téh lir ibarat kanyaah abdi ka panon abdi nyalira.”

“Tah, sukur atuh. Nuhun, katarimakeun pisan kanyaah Nyai ka Ama téh,” ceuk Raja.

Rét Raja ka Putri Pangais Bungsu. Tuluy sarua ditanya soal kanyaahna ka manéhna.

Témbal Putri Pangais Bungsu, “Kanyaah abdi ka Ama, sapertos kanyaah abdi ka panangan abdi nyalira.”

Raja imut, ngarasa sugema ku jawaban anakna nu pangais bungsu. Tuluy rét deui manéhna ka Putri Cikal, sarta tuluy nepikeun deui pertanyaan siga tadi, nanyakeun sakumaha gedéna kanyaah Putri Cikal ka manéhna.

Ari ceuk Putri Cikal, “Kanyaah abdi ka Ama, teu bénten sareng uyah....”

Barang ngadéngé éta omongan, Raja reuwas kacida, sarta langsung némpas omongan Putri Cikal, “Aéh-aéh, Nyai. Henteu salah éta téh? Piraku nyaruakeun Ama jeung uyah, teu siga adi-adi manéh. Naha euweuh deui keur babandinganana?”

“Sumuhun, teu aya deui. Éta gé kénging abdi mikir lami pisan,” témbal Putri Cikal.

Raja tuluy benduna, nyarékan Putri Cikal laklak dasar, nepi ka Putri Cikal téh diusir ti karaton, lantaran dianggap teu bisa mulang tarima ka kolot sorangan. Dihalang-halang ku Praméswari ogé, Raja keukeuh teu mikeun Putri Cikal cicing di karaton, sarta nitah gandékna sina mawa Putri Cikal ka leuweung.

Putri Cikal dianteur ku gandék indit ka leuweung. Sajajalan gawéna ngan ceurik baé, inget ka ibu ramana, tur teu nyangka ramana nu welas asih téga ngusir manéhna, sina hirup sosorangan di leuweung. Sanggeus nepi ka tengah leuweung, Putri Cikal ditinggalkeun, apruk-aprukan

sakaparan-paran. Daharna ukur bongborosan nu kapanggih di jajalaneun. Mun peuting naék kana tangkal, nyelapkeun manéh dina dahan kai, da bisi diganggu ku sato galak.

Hiji mangsa Putri Cikal nempo aya cahaya nyay-nyayan di jauhna. Geuwat ku manéhna diburu. Horéng éta cahaya téh datangna ti saung leutik di tengah leuweung téa. Geuwat Putri Cikal keketrok, maksud hayang milu ngarereb di jero saung.



Barangpantonamuka, horéng pribumi anu boga saung téh jajaka anu rupana kasép kacida. Puguh Putri Cikal kacida reuwasna. Sanggeus mancakaki, horéng éta jajaka téh sarua anak raja nu nasibna ogé sarua jeung Putri Cikal, diusir ti karaton.

Antukna Putri Cikal jeung éta Jajaka hirup bareng ngababakan, nepi ka rarabina.

Kacaturkeun, Raja ramana Putri Cikal téa, ngersakeun indit ka leuweung arék bubujeng. Inditna dibarengan ku sababaraha urang pangawal. Asruk-asrukanana jarambah pisan, nepi ka raja téh kasarung di tengah leuweung teu manggihan jalan balik.

Sanggeus ka ditu ka dieu teu manggih jalan, Raja jeung rombongan nempo aya babakan di tengah leuweung. Geuwat bae disampeurkeun, da puguh poé beuki nyedek ka burit. Maksud Raja téh rék milu ngarereb di éta saung. Saenyana, éta babakan téh milik Putri Cikal jeung carogéna téa.

Rombongan téh ku Putri Cikal dijamu sakumaha mistina ka Raja. Diperenahkeun kulemna, disayagikeun tuang leueutna. Ngan barang keur dahar, Raja téh siga nu kurang mirasa.

Ku Putri Cikal geuwat ditanya, “Gusti, ku naon tuang sapertos teu mirasa?”

Témbal Raja, “Pelemna mah pelem tuangeun salira téh Nyai. Mung asa teu karaos uyahna ieu téh.”

Putri Cikal nyarita deui bari imut, “Hapunten abdi, Gusti. Ngahaja ku abdi téh sadaya katuangan teu diuyahan, kumargi abdi terang pisan pangersa Gusti henteu resep kana uyah.”

Ngadéngé éta caritaan, Raja ngahuleng sajongjongan. Ras anjeunna inget ka Putri Cikal nu baheula diusir ti karaton, lantaran nyaruakeun kanyaahna kana uyah. Raja tuluy nelele-nelele beungeut pribumi nu awéwé. Ana gebeg téh, teu sak deui. Awéwé pribumi nu keur ngaladéan manéhna téh horéng Putri Cikal nu salila ieu nandangan kasangsaraan di leuweung alatan diusir ku manéhna.

Raja teu kawawa nangis sarta tuluy ngarankul Putri Cikal, bari pokna, “Aduh Nyai, hampura Ama. Ayeuna mah kahartos ku naon Nyai ngabandingkeun kanyaah Nyai ka Ama téh sapertos uyah. Ama geus lepat ngahartikeunana. Ti semet ayeuna, Nyai ulah leuleuweungan deui. Hayu milu balik jeung Ama, cicing di karaton deui sareng carogé Nyai.”

Isukna, rombongan Raja, dibarengan ku Putri Cikal jeung carogéna, mulang ka karaton. Di karaton diayakeun hajat gedé, mapag Putri Cikal sakalian ngistrénan carogéna janten raja, ngagentos ramana nu tos sepuh.

E. Ngadongéng

Nepi ka kiwari urang sok nyaksian kénéh aya jalma anu sok ngadongéng. Boh keur tujuan lulucon, atawa keur kaperluan pasanggiri. Aya nu langsung di hareupeun balaréa, ngaliwatan radio atawa televisi, atawa dirékam jeung diunggah (*upload*) kana internét. Éta téh cara-cara ngaéksprésikeun dongéng.

Dina ngaéksprésikeun dongéngna téh sakapeung bari dibarengan ku pepeta, lajag-léjég, atawa sok diémbohan ku gambar atawa bonéka jeung parobot séjénna. Urang nu ngabandunganana sok resep jeung kataji. Asa kahibur.

Nu matak urang jadi resep, lantaran nu maca atawa nu ngadongéng téh maké téhnik, nyaéta téhnik ngadongéng. Da sasat lamun ngadongéngna sajalantrahna, atawa ukur maca wungkul, tangtu moal pikaresepeun. Kumaha baé téhnik maca dongéng téh? Loba cara nu bisa ditempatuh.

Ceuk Elin Sjamsuri dina buku *Dongéng Aki Guru*, sarat suksés ngadongéng téh di antarana:

- a. Kudu apal kana lalakon. Sakapeung kudu tapis improvisasi lamun pareng poho kana lalakonna.
- b. Kudu ngabogaan téhnik vokal anu hadé, utamana dina ngarobah-robah sora tokoh-tokoh dongéng.
- c. Kudu apal suasana dongéng. Upamana suasana pilemburan, pileuweungan, karaton, jeung sajabana.
- d. Kudu maké éksprési anu merenah, boh dina pasemon, lentong, peta, jeung réngka.

Pancén 4

Ieu di handap aya deui conto dongéng keur bacaeun atawa dongéngkeuneun deui ka nu séjén. Geura cobaan bacakeun atawa dongéngkeun hareupeun kelas kalawan ngéstokeun sarat-sarat di luhur.

Dalem Boncél

Dalem Boncél téh Bupati Caringin, Banten. Kacaturkeun, harita anjeunna nuju moyan di taman kadaleman. Teu lila jol aya pangiringna, laporan.

“Aya naon, euy?” ceuk Dalem Boncél.

Pangiringna ngajawab, “Aya tamu, Juragan. Ngangkenna ti Kandang Wesi. Saurna anjeunna nuju milari putrana anu jenenganana Boncél.”

“Naon?”

Kacida reuwasna Dalem Boncél téh. Gancang baé muru ka padaleman, nepungan tamuna. Ari bréh, nyampak aki-aki jeung nini-nini. Kaciri ti lemburna téh. Papakéan kacida basajanna. Awak geus kacida rangkebongna, tayohna lantaran hirup sangsara. Mamawa buntelan butut, teuing naon eusina.

Ras dalem boncél kana lalakon hirupna. Manéhna baheula kabur ti lembur, lantaran teu betah dicarékan baé ku dununganana nu sok nitah ngarit. Batan ngabatin, manéhna tuluy indit, teu bébéja-bébéja acan ka kolotna nu hirupna kacida sangsarana. Susuganan di lembur batur pinanggih jeung kasenangan.

Kaburna nepi ka Cianjur. Dalem Boncél digawé jadi tukang beberesih istal, alias kandang kuda, kagungan Juragan Kapala. Lantaran dalit jeung budak Juragan Kapala, tur disina ngabaturan mun keur diajar, Dalem Boncél nepi ka bisa maca jeung nulis. Malah bisa nyieun surat sagala.

Nempo kapinteranana, Juragan Kapala ngangkat Dalem Boncél jadi juru tulis. Dasar nasib kudu mujur, karirna tuluy nanjak, jadi kapala gudang, jadi patih, malah antukna jadi dalem di Caringin.

“Ke, ke, ke...,” kitu gerentes Dalem Boncél. “Bisa jadi ieu téh indung bapa aing nu baheula ditinggalkeun. Tapi lamun aing ngaku yén ieu téh indung bapa aing, beu nya rék disimpen di mana ieu beungeut. Meureun ceuk batur téh, Dalem anu majar ménak, horéng anak jalma susah ti lembur. Cilaka!”

Ari Si Aki jeung Si Nini, barang nempo raray Dalem Boncél, geus teu sak deui, mun éta teh enya anakna. Nu matak, Si Nini langsung ngarontok, “Ujaaang, anak Ema!”

Tapi sakilat Dalem Boncél ngagiwar. Pokna teugeug, “Héh Nini, Aki, nya saha maranéh téh? Wani-wani rék ngarontok déwék? Déwék téh dalem, nyaho!”

Si Aki jeung Si Nini colohok, teu sangka dalem rék kasar kitu. Pok Si Aki nyarita leuleuy, “Kasép. Sanajan Bapa lila teu panggih, da asa moal kapalingan tetempoan, mun hidep téh putra Bapa jeung Ema!”

Dalem Boncél ngarérét ka pangiringna anu colohok mata simeuteun. Harga dirina asa dihina. Pokna sugal, “Aki, di mana teuing aya dalem boga kolot sangsara modél maranéh. Ayeuna indit, indiiiiitt! Teu sudi aing boga kolot kawas aranjeun!”

Bari nalangsa, Si Aki jeung Si Nini ninggalkeun padaleman. Rét deui rét deui ka Dalem Boncél, nu ngabedega nulak cangkéng. Duka ngaléos ka mana Si Aki jeung Si Nini téh, da ku Dalem Boncél teu dipaliré deui.

Meureun asa kalepasan omong, ti poé ka poé Dalem Boncél jadi loba nguyung. Awakna beuki begung, da kana barang dahar ogé kurang. Antukna brek gering, diriung-riung ku para pangiring. Tina kulitna, bijil késrék, nyaksrak ka saawak-awak jeung ateul kabina-bina.

Waktu geringna beuki parna, taya deui nu disambat iwal indung jeung bapana, anu boa aya di mana. “Ema, Bapa, abdi hampura...!”

PANGAJARAN
6

CARITA WAYANG



Sumber: www.trekearth.com




Nepi ka kiwari, teu saeutik jalma anu resep kana carita wayang. Malah mah carita wayang téh jadi inspirasi keur nyiptakeun karya-karya seni samodél arca (patung), ibing (tari), puisi atawa prosa, ogé lagu. Di urang apan aya lagu “Ceurik Rahwana”. Ari Rahwana apan salah sahiji tokoh dina pawayangan.

Naon pangna carita wayang sakitu populérna? Ari sababna mah carita wayang téh saéstuna ngandung rupa-rupa atikan jeung hikmah nu bisa dipaké eunteung kahirupan. Dina carita wayang nyampak kaarifan, kawijaksanaan, paripolah hadé goréng, sarta rupa-rupa pasipatan keur tuladeun.

Dina ieu pangajaran hidep bakal diwanohkeun kana unak-anik carita wayang sarta ahirna bisa ngaanalisis caritana.

A. Mikawanoh Carita Wayang

Di urang mah carita wayang téh umumna nyebar ngaliwatan pagelaran wayang golék. Papadaning kitu aya sawatara buku atawa karangan anu nuliskeun deui carita wayang, boh mangrupa novel, carita pondok, dangding boh wawacan, anu eusi caritana biasana mah sempalan tina carita wayang.



Rupa-rupa Buku Carita Wayang. Sumber: dokumen pribadi

Aya hiji carita pondok anu ditulis ku Saléh Danasasmita, ngagambarkeun perang antara Aléngka nu dirajaan ku Rahwana jeung Kiskénda nu diluluguan ku Rama. Tapi éta karangan ngan ngagambarkeun sempalanana baé, nyaéta waktu Kumbakarna, adina Rahwana, maju ka medan perang kalawan maké carana sorangan. Gugurna Kumbakarna dina éta perang digambarkeun kalawan hadé ku Saléh Danasasmita dina karanganana.

Geura pék baca.

Kumbakarna (Saléh Danasasmita)



Kumbakarna ngahuleng nangkeup harigu bari nyéndér kana tangkal tanjung di palataran purina. Teuteupna jauh ka hareup nembus belegbegna peuting, ngaliwatan Kota Aléngka nu ngalamuk diharudum gebléngan poék, teup eunteup dina puncak Gunung Gokarna nu ngelemeng ditiung langit biru ngawun-ngawun.

Béntang midang ngabaranang, mijah ku cahyana nu sumirat tina kerejep kiceupna. Angin leuleuy naburkeun segerna hawa, bari liwat ngumbara ngalanglang jagat dijajapkeun ku keleter dangdaunan. Alam giak ngidungkeun agungna peuting, dipairan ku haté nu keur ngalamun.

Tadi datang béja pikasediheun ti pangperangan. Prahasta Papatih Agung, paman manéhna, geus kasambut sabada perang sapoéjeput. Haténa yakin, Prahasta sorangan henteu sapukeun kana kawijaksanaan Rahwana, henteu narima perluna ngayakeun perang jeung pihak Rama nu dibantu ku Sugriwa. Manéhna sorangan ogé henteu panuju, malah Wibisana juru siasat Aléngka, adina pet ku hini anu pangdipikadeudeuhna, nepi ka diusir dititah nyingkah lantaran nolak kana kahayang Rahwana.

Manéhna sapamadegan jeung Wibisana, tapi handeueuleun duméh adina jadi biluk ka pihak Rama. Henteu sotéh ngahalang-halang kana karepna, lantaran manéhna ngarumasakeun éléh seukeut dina nyawang kaayaan kanagaraan. Tapi pangpangna mah ngaragangan kana haténa, duméh Rahwana geus katambias nepi ka téga ngarogahala. Sedih jeung amarah ngagulung dina haténa. Sedih ku geus euweuh Wibisana pangeunteupan kadeudeuhna, adi nu dianggap saluhureun dina pamadegan hirup. Amarah kana kalakuan Rahwana pageusanan manéhna ngawula, lanceuk anu salilana diaping, malum tutunggul nagara.

Saméméh kajadian Rahwana nyulik Sinta ti alas Dandaka, tali duduluran di antara manéhna, Rahwana jeung Wibisana téh raket cara jaman manéhna keur leutik. Ku diiwatna Sinta jeung diboyongna ka Aléngka kareugreugan anu jadi deudeul kajembaran Aléngka mimiti rengat anu antukna silih kajeunkeun antara dulur jeung dulur. Rengat anu beuki lila beuki gedé, pamustunganana jadi bengkah ku datangna Anoman anu diutus ku Rama nepungan Sinta. Anoman ditangkep, teu ngalawan, malah sadrah pisan waktu manéhna rék dibeuleum di alun-alun. Wibisana nyaram bébéakan lantaran bakal jadi cacad gedé pikeun Aléngka lamun tepi ka ngahukum utusan, komo ieu mah dihukum beuleum.

Prahasta ngawawadian, manéhna gé milu nyaram, tapi Indrajit keukeuh ménta Anoman dihukum. Manéhna anu nangkes kaamanan kota Aléngka, manéhanana anu kapapancénan ngabendung juru telik musuh nu rék norobos; kari-kari Anoman bisa molos bari teu katangén ku nu jaga, bisa jongjon nepungan Sinta, boyongan anu dituguran ku ratusan kajineman di Argasoka taman sari karajaan. Indrajit ngarasa wirang lantaran manéhna bongoh kacolongan ku Anoman.




Anoman dibeuleum. Awakna teu busik-busik, kalah tali pangringkusna nu paregat rampung ku seuneu. Leupasna ngarampid balok nu keur hurung muntab-muntab, terus luluncatan dina suhunan. Saparona Kota Aléngka ledis kabeuleum, sakitanana mah terus kabur teu témbong deui.

Aléngka geunjeung. Indrajit murang-maring. Rahwana budal amarahna. Gempungan Déwan Karaton diayakeun dadak-dadakan. Rahwana nangtungkeun bandéra perang.

Prahasta numplekkeun pangaruhna sangkan Rahwana daék ngéléhan mulangkeun Sinta ka salakina. Pokna ogé:

“Putra Prabu sanés Paman ngalalangkungan, namung bubuhan Paman nu jadi kokolot, ngawakilan tuang éyang, ngawakilan tuang ibu, sawadina Paman kedah ilubiung dina leresan ieu mah. Ti jaman tuang éyang kénéh pun bapa jeung ibu rama aranjeun, Paman téh tacan poos dina perang nu mana baé ogé. Raga Paman, nyawa Paman, Aléngkadirja nu boga. Kahayang paman kantun sarupi, hayang téh sésa umur anu aya dibaktikeun ka nagara. Namung ulah kajadian bakti dina jalan anu kirang merenah. Paman teu ngartos upami urang muka banjir getih ku alatan Sinta wungkul, alatan hiji wanoja anu tétéla boga salaki, tur ayana di Aléngka sanés ku kahayangna sorangan.”



Manéhna geus ngarasa bungah, lantaran ceuk ijiranana, piraku Rahwana teu ngawaro kana caritaan pamanna. Bener pangkatna sahandapeun raja, tapi Prahasta téh gaganti indung bapana, malah Rahwana jadi raja téh ku lantaran Prahasta ngaleupaskeun hakna mangku kaprabon, demi kaagungan jeung kajembaran Aléngka nu bisana laksana ngan ku pangolahna para nonoman, turug-turug tedak Wisrawa ti Lokapala. Kasadrahan ieu anu pangdipikaajrihna ku sanagara, nepi ka Prahasta dipikasérab ku saréngréngan karaton.

Rahwana mémang ngabetem, tapi Indrajit ngasongkeun alesan anu bisa ngagedurkeun jiwa kalalakian Rahwana. Mémang Rahwana geus kagok asong, taya jalan geusan mundur, lantaran bakal katara leutik burihna upama mulangkeun Sinta sabada Anoman ngacak-ngacak dayeuh Aléngka, komo sanggeus Anoman ngahuru dayeuh. Piwirangeun mun kasurak ka nagri lian, malah nagara eréhan Aléngka aya bahan kana baruntak.

Wibisana ngimbangan ku ngasongkeun alesan budi. Raja nu budina luhur moal éra ngaku salah, moal éra ménta dihampura ka sasama raja, komo deui ka pantaran Rama anu dianggap guru ku Sugriwa Raja

Kiskénda, adina Subali guru Rahwana. Dibeuleumna Anoman dianggapna mangrupa kasalahan Aléngka anu kadua sabada urusan diculikna Sinta ku Rahwana. Meujuhna mun kahuruna Kota Aléngka dianggap tebusanana.

Kagambar kénéh dina lamunanana, Rahwana ngadégdég nahan amarah, ambék ka Pamanna henteu bisa. Wibisana katempuhan narima amarah keur duaaneun. Rahwana ngawakwak ngumbar kakeuheul. Wibisana ditunjuk-rorék disebut biluk ka musuh, disebut jukutriutan, malah diusir dititah indit.

Manéhna rék milu ngomong, tapi hésé kedal bareuheudeun nepi ka kapiheulaan ku Wibisana anu nyuuh ngarangkul tuur Rahwana. bébéakan meper amarah lanceukna, bari tetep mépélingan. Jengkatna suku Rahwana kanyahoan ku manéhna, tapi teu kaburu ngahalangan. Sakolépat Wibisana geus ngajengkang. Untung kénéh waktu Rahwana rék mindo manéhna kaburu luncat ngajega hareupeunana. Teu karasa kedal ucap rada sugal.

“Raka Prabu, méméh ngidek Wibisana, leyek heula Kumbakarna!”

Rahwana mencrong bari ngajengjen, manéhna melong mencarkeun sagemblengna kakuatan batin anu dibarung ku pangharepan piraku lanceuk rék téga. Lain, lain niat manéhna arék ngalawan, tapi ukur rido nalangan badan adina. Mun téa mah Rahwana téga ngarogahala, manéhna rék pasrah baé moal budi, sabab batinna teu mikeun kudu ngalawan ka lanceuk. Rahwana mundur bari terus diuk deui, manéhna jongjon neutep kana beungeutna. Clak cipanonna nyekclak. Ngangres, lantaran saumurna kakara ngabangkang ka dulur nu pangkolotna ...

Kumbakarna ngarénjag, sadar tina panglamunanana, kagebah sora ajag nu babaung ti kajauhan; ajag lapar nu ngambeu hangruna bangké.

Rahwana téh lanceuk aing, ceuk haténa. Kudu, kudu dibélaan.

Teu bisa, bongan geus ngusir adi aing. Teu bisa bongan ka aing nuding belang bayah. Moal, aing moal perang bongan aing diiwalkeun teu meunang pipilueun. Antep sina karasaeun.

Tapi kumaha Paman Prahasta? geuning tetep béla sanajan teu panujueun kana kahayang Rahwana?

Haténa ngagolak deui, perang batin antara milu jurit jeung ngantepkeun. Ka Prahasta hayang bébéla, tapi keuheul ka Rahwana, lantaran manéhna teu meunang pipilueun kana urusan perang, malah dititah nyingkah sagala ti Aléngka. Tilu tokoh bagilir liwat dina ciciptaanana: Prahasta, Rahwana, jeung Wibisana anu ngejat ka pihak Rama, lantaran ceuk pamikiran mémang Rahwana nu salah.

Manéhna tanggah terus nuturkeun pelengkung langit ku teuteupna nu rumeuk kahalangan ku cipanon, tapi kandeg lebah puncak Gunung Gokarna anu geus surem kasaput halimun ibun, ngeleng ipis samar-samar. Di dinya baheula manéhna tapa. Di dinya Rahwana jeung Wibisana tarapa. Di dinya manéhna sadudulur sok arulin gogonjakan sura-seuri. Di dinya jemplingna alam disasaak ku giakna tatali getih saindung, diramékeun ku tiluan.

Angin peuting anu leuleuy ngeleterkeun daun soka di katuhueun ceulina, hawar-hawar sada sora nu ngaaharéwos, “Aléngka nagri pupundén! Mumulé ku saréréa!”

Éta téh amanat indungna, sora Sukésih saméméh tilar dunya. Ditungtungna ku pépéling, “Jeung dulur mah kudu bisa silih timbang.”

Kumbakarna gigisik. Leungeunna dipeureupkeun terus diketigkeun kana tangkal tanjung urut nyéndérna. Bari ngoloyong ka jero purina manéhna ngomong sorangan.

“Aing isukan rék maju jurit!”

Rebun-rebun Kumbakarna geus anjog ka datulaya, geus paamprok jeung Rahwana. Cipanonna geus ngembeng ti barang datang, lantaran henteu kuat mireungeuh lanceukna, ratu agung anu dipikasérab ku nagara tatanggana, wanci kitu keur nyuuh kénéh dina tangan-tangan korsi panganganan. Awakna siga nu nyampay. Beuki ngaleketey haténa waktu Rahwana cengkat. Beungeutna pias haropak, ciri bingung jeung kurang saré. Lain nanya, kalah melong siga nu ceuleupeung pisan.

“Kakang!” Kumbakarna nanya maké sesebutan jaman manéhna keur budak. “Piraku lalaki bingung? Urang téh tedak Wisrawa.”

Rahwana nguniang cengkat. Diukna ajeg. Bada melong sajongjongan kakara manéhna nanya.

“Naha bener ieu téh adi Kakang, Kumbakarna?” Rahwana gigisik, terus hudang, gabrug ngarangkul adina. Duanana paungku-ungku

ngabudalkeun kasedih séwang-séwangan. Kumbakarna nu harelung jangkung luhur digaléntoran ku Rahwana, dipidangdam kawas nu geus tilar dunya. Duanana silih tangkeup kekereket, ngaleburkeun rasa nyaah, nepungkeun keteg jajantung.

Kumbakarna nyekel peupeuteuyan Rahwana, dicengkatkeun bari diteuteup.

“Calik Kakang!”

“Teu sangka, teu sangka Rai rék béla. Hampura, Kakang hampura ku Rai. Moal Paman Prahasta ninggalkeun urang lamun Rai teu dinyenyeri ku Kakang.”

Kumbakarna jongjon nangtung, ngahégak nahan geterna rasa di jero dada. Bari dareuda manéhna maksakeun nyarita:

“Kakang, poé ieu urang gulungkeun pangalaman anu baheula. Mangsa urang sok arulin, mangsa silih pikahéman, mangsa urang silih bélaan. Tedak Wisrawa kudu pengkuh dina pamadeganana. Piraku Kakang kaduhung, piraku Kakang ngolémbar!”

Rahwana teu némbalan, kalah ngoromé! nyoo gadona bari panonna molotot siga teu puguh nu dipelongna.

“Kakang, lalaki, urang lalaki! Mana tanda pancaran Gunung Gokarna?”

Rahwana unggut-unggutan, tapi lain tanda ngaheueuhan. Dangdak-déngdékna cara nu keur ngadéngé sora hawar-hawar ti jauhna. Kumbakarna reuwas, lantaran nyangka Rahwana rék owah. Ceg dicekel peupeuteuyanana, terus diguyaah-guyah bari nyarita satengah ditompokeun kana ceulina.

“Kakang, sing émut! Urang keur ngayonan musuh.”

Kumbakarnacengkatdeui. Rahwanacuringhakbariterusngabirigidig. Batan némbalan kalah maléngos, terus anteng deui ngalamun, badis nu katerap kasakit ngajubleg.

Kumbakarna beuki bingung. Manéhna perlu nyarita. Poé éta rék miang ka médan perang. Antukna béak kasabaranana, teu ngarti kana kahéngkéran jiwa lanceukna. gegedug pupuhu Aléngka geus taya nu

nyésa. kabéh perlaya ngemasi pati. Prahasta sorangan anu kuduna pada ngajaring kasalametanana, kalah geus perang ti heula, geus kasambut. Manéhna yakin miangna Prahasta téh bari ngemban pangkat patih anu kapaksa tunduk kana paréntah rajana. Raja anu saenyana mah alo tegesna. Amarahna ngusial minuhan eusi dadana. Turut karepna mah hayang namplokkeun ka Rahwana anu euweuh tanggung jawabna. teu karasaeun manéhna ngagorowok bari ngagejlig.

“Ari sieun mah ngayonan Rama, keur naon nangtang perang? Keur naon wani maling pamajikanana? Prajurit Aléngka ludes, gegedug kabéh geus tumpur, Paman Prahasta perlaya, Wibisana geus diusir. Kabéh dipaké nebusan Sinta nu tetep satia ka salakina. Ieu nagara, tuturunan ti karuhun, ancur kalebuh dina lautan napsu rajana!”

Kumbakarna ngahuleng heula, hayang nyaho nepi ka mana pangaruh ucapanana kana jiwa Rahwana anu keur langlang-lingling. Beungeutna mimiti siak-siak rada getihan, leungeunna tikekereket, dikeupeulkeun kana tungtung tangan-tangan korsi bari ngadégdég kawas nirisan.



“Lalaki, nu siga kieu?” Kumbakarna nyarita deui. “Cokot Sinta ka Argasoka, bawa ka pasanggrahan Rama. Pulangkeun, tuluy sujud, ciuman dampal sukuna!”

“Lalaki, aing lalaki!” ceuk Rahwana bari jung nangtung terus ngaléjég.

“Inget kénéh, naon hartina lalaki pencaran Gunung Gokarna?” Kumbakarna nuyun deui ku pertanyaan bari melong ka lanceukna.

Rahwana ngahuleng, rét ngarérét kana adina, terus ngusap beungeut bari gigdeug.

“Rai!” ceuk manéhna saréh pisan. “Hampura!”

Kumbakarna ngemplong haténa. Ngadéngé Rahwana ménta dihampura, manéhna yakin, yén lanceukna keur aya dina puncak kasadaranana. Kasadaran mahluk awam, lain kasadaran manusa anu hayang ngawasa jagat. Ti saprak jadi raja, Rahwana cadu ngedalkeun kecap “hampura”. Murah kénéh harga nagara, malah murah kénéh harga jagat sapangeusina, ti batan kecap “hampura”.

“Kakang!” ceuk Kumbakarna, “Poé ieu Rai arék maju jurit.”

“Ulah Rai! Poé ieu Kakang nu rék tandang perang. Katarima bébéla Rai ka Kakang.”

“Ulah lepat,” ceuk Kumbakarna megat kalimah, “Kumbakarna lain rék ngabélaan Prabu Rahwana. Pamadeganana tetep, Raja Aléngka anu salah, sabab Rama ngan ukur nohonan kawajibanana, nyusul bojona anu diboyong ka dieu. Anu maju poé ieu lain Arya Kumbakarna ahli waris Prabu Somali. Lain! Tapi Kumbakarna putra Aléngka, Kumbakarna warga Aléngka anu teu ridoeun nagarana diranjah deungeun, kajeun kumaha alesanana.”

“Lebah alesanana kumaha Rai, “ ceuk Rahwana bari neuteup. Teuteu anu taya riuk-riuk ambék. “Tapi mun enya Rai rék jurit ayeuna, hayu urang bareng jeung Kakang.”

“Saé, mun seug rahwana geus lain raja Aléngka. Kumbakarna perang ku niatna sorangan, sabab ku raja teu diidinan.”

“Jadi Kakang kudu ngécagkeun kalungguhan? Rido pisan asal urang babarengan ngabélaan ieu nagara. Tinggal rai dulur Kakang anu hirup.”

“Lepat pamadegan Kakang. Raja teu meunang ngalétak ciduh. Émut kana prajurit nu geus ledis, ka gegedug, ka paman Prahasta nu perlayana nyumponan papancén ti raja. Piraku rajana kalah rék eureun? Raja wajib nebus nyawa prajuritna nu laleupas ku nyumponan paréntahna. Mun bisa ku kaunggulan.

“Jadi Kakang kudu kumaha?” ceuk Rahwana bari bingung.

“Kakang tetep jadi raja. Raja pencaran Wisrawa moal turun tina kaprabon mun nagara keur aya dina tunggara. Kumbakarna ngahaja teu milu perang sabab diwalkeun, dicaram ku raja. Ieu tanda satia, tanda satuhu ti dirina ka rajana. Poé ieu arék jurit. Ulah diiring ku wadya balad, sabab lain tugas ti nagara, lain paréntah ti raja. Kumabakarna datang ka lanceukna rék munjungan, arék ménta dihampura bisi teu papanggih deui.

Brek Kumbakarna deku, cong nyembah munjungan ka Rahwana, nu colohok mata simeuteun. Rada lila ngahulengna, curucud cipanonna murubut, gabrug Kumbakarna dirangkul bari sasambat.

“Tétéla Rai téh lalaki langit. Tétéla Rai téh tedak Wisrawa. Di diri rai nerapna dangiang Gunung Gokarna. Didu’akeun Rai. Bawarasa diri Kakang, poé ieu urang tepung panungtungan. Hampura Kakang ku rai!”

“Saha ieu nu nyarita?” ceuk Kumbakarna bari rada mundur saeutik.

Rahwana cengkat bari nyusutan cipanon.

“Rai, ieu nu nyarita lain Rahwana raja Aléngka, tapi Rahwana putra Wisrawa, dulur cikal Kumbakarna. Rai teu boga jasa ka raja, sabab raja teu nyahoeun jeung teu ngidinan Arya Kumbakarna, gegedén Aléngka, pipilueun kana ieu perang pupuh. Diri Rahwana Rai, lain diri raja, nyeungceurikan adina nu béla ka lemah cai, nu ayeuna nyieun tepung panungtungan. Jung ku Kakang didongdon ti kaanggangan, béré tempat Rahwana di batin Rai.”

Kumbakarna nangtung bari neutep lanceukna. Méméh ngaléos hayang sidik kana dedegan dulur cikalna kawas nu sieun pohoeun deui.

“Kakang, kula miang!” ceuk manéhna bari ngaléos.

Kakara opat léngkah, Rahwana geus ngageroan deui.

“Rai, ku saha ieu nagara engké dirajaanana mun Kakang nemah perlaya?”

Kumbakarna ngarandeg, bari ngahuleng manéhna malik.

“Kakang, tanah Aléngka geus ngampar saméméh urang gumelar. Bakal tetep ngampar kénéh mun urang geus jadi lebu. Di dinya urang geus kumpul dilalakonkeun ku Hirup. Ti langit Aléngka urang datang, ka bumi Aléngka urang mulang, Rai rék wangsul ti payun.”

Kumbakarna ngaléos, ukur ngadéngé Rahwana nutup carita.

“Kakang rék nyusul pandeuri. Poé isuk raja Aléngka rék tandang. Tanggerkeun dangiang Gunung Gokarna!”

(Dicutat tina majalah Katumbiri, jidil 7 taun 1986, kaca 9-23)

Pancén 1

Cirian kekecapan anu hidep teu ngarti, susun jadi glosarium dina buku catetan, sarta téangan hartina dina kamus.

Keur nyangkem carita di luhur jawab pertanyaan ieu di handap!


1. Cing gambarkeun – alus lamun maké diagram – kumaha hubungan pancakaki (duduluran) antara tokoh-tokoh nu ngalalakon dina carita Kumbakarna.
2. Naon sabenerna anu jadi sabab utama timbulna peperangan antara Rama jeung Rahwana?
3. Tangtukeun, saha anu jadi tokoh protagonis jeung saha anu jadi tokoh antagonis carita di luhur téh?
4. Kumbakarna nganggap Rahwana anu salah, tapi naha manéhna antukna milu perang ngalawan Rama?
5. Dina carita di luhur aya tokoh Indrajit, cing téangan informasi tina sumber séjén, saha saenyana Indrajit jeung kumaha hubunganana jeung tokoh séjén?
6. Ceuk hidep, naha dina carita di luhur téh aya bagian-bagian anu pamohalan (teu kaharti ku akal) siga carita dongéng?
7. Déskripsikeun, naon kesan anu timbul sabada urang maca éta carita?

B. Pedaran Carita Wayang

Carita Kumbakarna di luhur téh saenyana mah sempalan tina épik Ramayana, kitab nu nyaritakeun lalampahan Rama, raja Ayodya. Babad Ramayana téh karangan Walmiki ti India. Caritana panjang pisan, jeung réa babagianana. Ngawengku 7 kitab, 24.000 pada, jeung 500 sargah. Ari di Indiana, éta téh sasat jadi kitab suci umat Hindu.

Tingali baganna:

Épik Ramayam



Salian ti épik Ramayana, aya deui épik Mahabarata nu dikarang ku Wiyasa. Sarua sohorna ieu gé. Malah teu kurang-kurang panjangna, jeung réa babagianana. Sarua deuih ieu gé ditulis di India jeung jadi kitab suci urang Hindu.

Épik Ramayana intina medar lalampahan Rama, Raja Ayodya, nu kawin ka Sinta. Hiji waktu, basa Rama, Sinta, dibaturan ku Lesmana keur araya di leuweung, datang Rahwana nyulik Sinta sarta diboyong ka Aléngka. Puguh baé Rama murka. Anjeunna ngutus Anoman ka Aléngka, tapi éta utusan Rama téh kalah ka dihukum. Anoman bisa kabur bari ngaduruk kota Aléngka.

Rahwana anu keukeuh peuteukeuh embung mulangkeun Sinta diperangan ku Rama. Dina éta perang, Rama dibantuan ku pasukan wanara (monyét) ti Kiskénda. Kabéh pangagung Aléngka palastra, kaasup Rahwana, rajana. Ngan Wibisana anu salamet téh lantaran manéhna mah biluk ka Rama. Sabada perang réngsé, Aléngka dipasrahkeun ka Wibisana. Rama jeung Sinta katut pangiringna balik deui ka Ayodya.


Ari Mahabarata mah nyaritakeun turunan Raja Barata nu kalibet perang sadulur. Ku lantaran éta épik Mahabarata sok disebut ogé Baratayuda atawa perang kulawarga Barata. Ari nu perangna nyaéta kulawarga Pandawa (rundayan ti Pandu), jeung kulawarga Kurawa (rundayan ti Déstarata). Alatanana mah parebut tahta karajaan warisan ti karuhunna. Karajaan téh kuduna lungsur ka Kurawa, da Déstarata téh putra cikal. Ngan lantaran Déstarata teu walagri, karajaan ahirna dipasihkeun ka Pandu nu terus diwariskeun deui ka Pandawa. Ku hal éta, Kurawa salilana ngakalakeun Pandawa, padahal karajaan gé geus dibagi dua. Hiji mangsa, ku kalicikan Kurawa, Pandawa diusir ti karaton lantaran éléh ngadu. Pandawa nu limaana téh kudu hirup sangsara mangtaun-taun. Waktu Pandawa nagih jangji, sangkan nagarana dipulangkeun, Kurawa ingkar tina jangjina. Ieu pacéngkadan téh ahirna diréngsékeun ku perang di Kurusétra.

Asupna épik Ramayana jeung Mahabarata ka urang téh bareng jeung nyebarna agama Hindu di Nusantara. Tapi waktu agama Islam nyebar di Nusantara, para wali ngamangpaatkeun éta épik keur syiar Islam maké média wayang. Nya ti dinya lahir pagelaran wayang nu dipirig ku gamelan, nu caritana nyokot tina sempalan Ramayana jeung Mahabarata. Nya ti dinya deuih carita wayang téh asal-usulna, nyaéta carita dina pagelaran wayang nu mangrupa sempalan-sempalan tina épik Ramayana jeung Mahabarata.

Di tatar Sunda, carita wayang téh umumna dipagelarkeun dina pintonan wayang golék. Aya deuih nu dipagelarkeun dina wayang kulit jeung wayang wong (wayang jelema) siga di Jawa. Tapi umumna mah mangrupa sempalan-sempalan téa, lain carita Ramayana atawa Mahabarata anu gembleng.

Titénan baganna:

Épik Mahabarata



Lian ti éta aya béda-bédana deuih. Geura titénan tabel ieu di handap, anu ngagambarkeun béda-bédana carita wayang di urang jeung carita aslina ti India.

Carita ti India	Carita Wayang di Urang
Teu aya punakawan (Semar, Cépot, Dawala, Garéng)	Aya punakawan (Semar, Cepot, Dawala, Garéng) anu tuhu ngabdi ka Pandawa. Dina lalakon wayang, Semar téh kacaritakeun sakti, leuwih sakti batan dununganana, malah leuwih sakti batan déwa. Semar ogé sok kacaturkeun bisa da'wah.

Dorna kacaritakeun jadi guru Pandawa jeung Kurawa anu boga sipat wijaksana jeung dipihormat.	Dorna jadi tokoh anu boga sipat julig, réhé, jeung pikasebeleun, tur leuwih mihak ka Kurawa batan ka Pandawa.
Gatotgaca lain tokoh penting, tapi ukur dicaritakeun rék maotna, nyaéta basa jadi wadal sanjata Konta nu dileupaskeun ku Karna nu rék ditujulkeun ka Arjuna.	Jadi tokoh penting jeung réa dicaritakeun. Malah aya carita-carita wayang anu husus ngalalakonkeun Gatotgaca siga dina carita <i>Jabang Tutuka, Pergiwa-Pergiwati</i> , jeung <i>Brajamusti</i> .
Srikandi lain awéwé	Srikandi téh awéwé geulis anu jadi pamajikan kadua Arjuna.
Drupadi téh poliandri, nyaéta jadi pamajikan pandawa lima (Yudistira, Bima, Arjuna, Nakula, jeung Sadéwa).	Drupadi ukur jadi pamajikan (praméswari) Yudistira.

Ka dieunakeun, épik Ramayana jeung Mahabarata téh réa ditulis deui jadi buku maké basa Sunda. Aya nu ditulis dina wangun wawacan, novel, atawa carita barudak. Contona, R.A.A Martanagara nganggit *Wawacan Batara Rama*. Ahmad Bakri nyieun carita barudak *Perang Barata*. Hidayat Susanto ngarang buku *Kurawa Pandawa, Sayémbara di Mantili*, jeung sajaba ti éta.

Cindekna, dina kabudayaan Sunda mah bisa diterangkeun kieu:

- Carita wayang ukur pragmén tina Mahabarata atawa Ramayana. Upamana lalakon wayang Tégál Kurusétra, ukur nyaritakeun perangna antara Pandawa jeung Kurawa di Kurusétra.
- Dimodifikasi tina carita aslina.
- Dipintonkeun minangka media hiburan dina pintonan wayang golék, wayang kulit, atawa wayang orang.
- Geus kaserepan unsur Islam.
- Réa ditulis deui keur bahan bacaan.



Tokoh Pandawa dina wayang golék. Ti kénca ka katuhu: Nakula, Sadéwa, Yudistira, Arjuna, Bima. Sumber: www.evanshop.webasyst.net

C. Ngabédakeun Carita Wayang jeung Dongéng

Boh dina carita wayang boh dina dongéng, sakapeung sok manggih hal-hal anu pamohalan atawa teu asup akal. Upamana loba tokoh carita wayang anu kacida saktina. Gatotgaca upamana bisa ngapung. Rama upamana boga kasaktian nyageurkeun jalma anu tatu. Loba tokoh wayang anu bisa ngéléhkeun déwa, jeung sajabana. Lian ti éta boh dina carita wayang boh dina dongéng sok kapanggih babagian carita anu alus pikeun pieunteungeun nu maca atawa nu ngadéngékeunana.

Tapi aya ogé hal-hal anu ngabédakeun antara carita wayang jeung carita dongéng. Geura bandingkaeun carita wayang "Kumbakarna" di luhur jeung dongéng-dongéng dina pangajaran 5, tuluy pigawé pancén ieu di handap!

Pancén 2

Sangkan hidep leuwih paham kana bébédan antara dongéng jeung carita wayang, pek eusian titik-titik dina tabél ieu di handap. Diskusikeun jeung babaturan di kelompok

Dongéng	Carita Wayang
Awalna sumebarna téh lisan, tatalépa. Euweuh atawa teu kapaluruh anu ngarangna. Mun aya buku dongéng, éta téh tangtu hasil nyalin jalma nu ngumpulkeunana.
Caritana biasana pondok, siga carpon. Bisa tamat sakali dibaca.
Palakuna bisa naon baé. Bisa manusa, sato, tutuwuhan, atawa barang. Sato, tutuwuhan, atawa barang dina dongéng mah bisa nyarita jeung mikir kawas manusa.
Unggal bangsa di dunya boga tradisi dongéng. Di Arab upamana aya dongéng “1000 satu malam”. Di Éropa aya carita-carita Aésop. Di Asia ogé réa pisan carita dongéng.

Pék présentasikeun hasil analisis kelompok hidep, tuluy bandingkeun jeung analisis kelompok séjén!

D. Ngaanalisis Carita Wayang

Ieu di handap aya conto carita wayang séjénna. Pék baca!

Antara Asih jeung Adil

Hiji mangsa sabada ngudag-ngudag uncal di leuweung, Arjuna, Nakula, jeung Sadéwa, bawaning ku halabhab, ngarinum di situ. Geus ngarinum patinggolépak maraot. Singhoréng cai talaga téh ngandung racun. Yudistira pohara susaheunana. Manéhna tuluy sasambat ka déwa, hayang maot babarengan.

Ceuk déwa, lamun bisa ngajawab tilu pertanyaan, Yudistira baris kaidinan ménta dihirupkeun deui salah sahiji ti antara tilu urang dulurna nu tiluan. Pertanyaan téa, tiluanana gé kajawab ku Yudistira. Manéhna kaiidinan ménta dihirupkeun deui saurang ti antara tilu dulurna nu maraot.

Yudistira pohara bingungeunana. Lila manéhna nimbang-nimbang, saha kira-kirana di antara tilu dulurna nu maraot nu kudu dihirupkeun deui. Da puguh kabéhanana ogé adi-adina anu dipikaasih. Kahayang mah kabéh dihirupkeun. Tapi Dewa ngan méré kasempetan hiji baé ti antara Arjuna, Nakula, jeung Sadéwa.

Sanggeus lila nimbang-nimbang, Yudistira ahirna ménta Nakula nu dihirupkeun deui téh. Déwa pohara héraneunana. Naha bet henteu Arjuna anu ku Yudistira pangdipikaasihna jeung anu disiapkeun pikeun neruskeun kaprabon. Arjuna téh apan pangéran dipati.

Walon Yudistira, “Lamun Arjuna anu hirup deui, atuh para putra Ibu Kunti harirup kabéh. Ari putra Ibu Madrim paraéh kabéh. Éta henteu adil. Lamun Ibu Madri terangeun kana éta kateuadilan tada teuing kanyenyerianana. Tapi lamun Nakula anu hirup deui, jadi Ibu Kunti jeung Ibu Madri pada kapapaténan ku anakna hiji séwang. Éta adil. Ka Arjuna lain henteu nyaah, tapi kanyaah téh henteu kaci ngalindih kaadilan.”

Déwa pohara panujueunana kana timbangan Yudistira anu sakitu adilna. Pikeun ganjaranana, dulurna anu tiluan dihirupkeun deui.

(Dicutat tina buku Kandaga Buku Bacaan jilid IV, susunan M.A. Salmoen, Ganaco NV, 1957 kaca 101)

Pancén 3

Analisis ku hidep:

- Sempalan tina épik naon carita wayang di luhur téh?
- Kumaha anu dimaksud adil ku Yudistira téh?
- Dina éta carita disebut-sebut aya déwa. Pangaruh tina naon éta téh?
- Ceuk hidep, éta carita téh kaharti ku akal henteu?
- Piwuruk naon anu bisa kapetik ku urang tina éta carita?

Pancén 4

Dina pangajaran saméméhna, hidep ngulik soal dongéng. Diterangkeun di dinya papasingan dongéng jeung ciri-ciri carita dongéng. Sabada hidep ayeuna ngulik carita wayang, pék talungtik naon baé sasaruanaana jeung bédana antara carita dongéng jeung carita wayang téh. Hasilna bisa dituliskeun dina tabél siga ieu di handap.

Sasaruaanana	<ul style="list-style-type: none"> • Dongéng jeung carita wayang téh sarua disusun mangrupa carita. • • •
Bébédanaanana	<ul style="list-style-type: none"> • Dina dongéng mah sedengkeun carita wayang mah • • •

Pancén 5

Pék téangan CD atawa kasét wayang golék, tuluy bandungan caritana atawa lalajoanana. Hasilna laporkeun dina éséy pondok anu strukturna siga kieu:

Tuliskeun judul caritana	
Paragraf ka-1	Terangkeun, dipagelarkeun ku lingkung seni atawa grup naon éta carita wayang téh, saha dalangna, ti mana asalna, sarta dipagelarkeun dina raraga naon éta carita wayang téh?
Paragraf ka-2	Kumaha galur caritana? Tuliskeun sacara singget. Naha dina galur caritana aya hal-hal anu pamohalan?

Paragraf ka-3	Terangkeun, éta carita téh sempalan tina épik naon? Naha di dinya kacaturkeun aya punakawan atawa henteu? Lamun aya punakawan, kumaha peranna dina éta carita? Naha dina éta carita ogé aya unsur-unsur Islam? Kumaha éta unsur Islam diselapkeunana?
Paragraf ka-4	Tuliskeun kritik atawa kesan hidep kana éta carita wayang. Upamana, naha hidep resep atawa henteu ngabandunganana, sarta jelaskeun alesanana.

PANGAJARAN
7

CARITA PONDOK



Sumber: dokumen pribadi

Carita pondok sok disingget carpon. Asalna éta istilah téh tina basa Inggris, short story. Dina basa Indonésia disebut cerita péndék. Nepi ka ayeuna carpon téh populér kénéh. Loba kénéh pangarang anu ngarang wangun carpon, réa média massa anu méasih kénéh ngamuat carpon, jeung réa kénéh masarakat anu maca jeung mikaresep carpon.

Minangka karya sastra, carpon Sunda kabuktian geus ngébréhkeun rupaning aspék sosial masarakat Sunda. Boh kahirupanana, masalahna, boh angen-angenna. Aya sawatara carpon malah kaasup pinunjul tur dileler hadiah sastra. Hadé lamun urang réa macaan carpon Sunda, sangkan apal jero-jerona batin urang Sunda. Apan cenah karya sastra téh gambaran hirupna hiji bangsa. Tinangtu, mun réa macaan carpon Sunda ogé urang bisa loba nyaho ngeunaan kahirupan urang Sunda jeung masalah-masalah sosialna.

Dina ieu pangajaran hidep bakal diajar mikawanoh wangun carita pondok, ngaanalisis jeung mikapaham unsur-unsur caritana, sarta muga-muga ahirna bisa ngarang carpon nu basajan.

A. Maca Carpon

Ieu di handap aya carpon karangann Budi Rahayu Tamsyah, bacaeun hidep. Pék baca masing daria!

Kuburan (Trisna Mansur)

Kajurung ku tos tilu dinten teu kararaban sangu, Aki Uki ngulampreng ka bumi Dén Haji Darmawan, teu tebih ti rorompokna. Pribumi kasampak nuju aya di tengah bumi, ngabaheuhay mayunan méja alit.

“Kaleresan, Ki! Nyi Haji, cing sapiring deui ka dieu!” saurna. Teu lami golosor sangu ketan sapiring sareng kari hayam ngebul kénéh. Lajeng wé dihénggoy, teu mindoan dimanggakeun.

“Saban Aki ka dieu, kaleresan aya wéh tuangeun. Iraha kaleresan teu ayana, Dén?” saur Aki Uki bari ngalémétan réméh. Nu dialem akon-akon teu ngadangu. Kalah tumaros.

“Aya naon, Ki? Tambihan deui?”

“Tos cekap, Dén,” saur Aki Uki. “Biasa wé, Dén, Aki téh peryogi ku padamelan. Da kedah neda geuning Aki téh yeuh!”

“Ki, kanggoneda nyaliraeun mah, ka dieu wé. Teu kedah barangdamel sagala.”

“Sanés nampik kana pangangken, Radén. Aki mah hoyong kénging ngésang wé.”

“Teu langkung Aki, upami kitu mah. Padamelan naon, nya? Euh, itu wé, Ki, kuburan téa kali deui. Teu aya nu sanés deui mah!”

“Kutan?” saur Aki Uki héran.

“Kieu, Ki, riwayatna téh. Kapungkur waktos Aki ngali nu ngawitan, éta téh saporantos abdi kénging katerangan ti hiji ustad yén urang téh salamina kedah émut kana maot. Di antawisna nyadiakeun kuburan. Lajeng abdi miwarang Aki ngali éta lombang.”

“Muhun, Dén. Nanging ku Adén éta lombang téh kedah disaeur deui.”

“Leres, Ki. Dumasar katerangan ustad sanés deui. Saurna, kirang saé sasadiaan kuburan anggogoeun nyalira. Jalaran, can tangtos tempatna pimaoteun téh. Boa di tempat nu tebih tina kuburan nu disayagikeun. Apan mubadir. Ayeuna, éta lombang téh kedah dikali deui, éta gé nurutkeun katerangan. Saur ustad nu katilu mah, teu sawios-wios urang sasadiaan lombang kanggo kuburan urang nyalira, sok sanaos engkéna teu kanggo ku urang gé. Étang-étang midamel amal soléh wé kanggo nu sanés.”

Badé ngartos, badé henteu, Aki Uki pinasti mios ka pamakaman kulawarga Dén Haji, ngabantun pacul, linggis sareng singkup. Dibekelan cai sabotol sareng tetaeun, kénging Nyi Onih, réncang pribumi.

Di dinya téh tos seueur kuburan. Sadayana ditémbok, dilapisan keramik. Dina nisan handapeun samoja nu kembangna ngabarak, kaaos “Nyi Rd. Mayangsari”, “Rd. H. Mugni”, “Rd. Aom Tirtaningrat, S.H., M.B.A.”, “Rd. Ir. Suryaningbuana, M.Sc.”, Nyi Mas Soléhah”.

Dupi lombang nu diancokeun kanggo kuburan Rd. H. Darmawan, sisi palih wétan gédéngkeun makam ibuna. Numutkeun pangemut Aki Uki, di dieu, jaganing géto, baris aya nisan nu dinamian “Rd. H. Darmawan”. Terah ménak nu kayungyun ku béréhanana. Adatna resep nulung ka nu butuh, nalang nu susah. Nanging duka iraha pupusna. Katingalna salirana jagjag waringkas kénéh. Kiat kénéh badminton mayunan nu anom, bari arang kawon.

Aki Uki ras kana dirina nyalira, jalmi cacah kuricakan. Tangtos kuburanana boro-boro nganggo nisan tina marmer kanggo nyerat nammina, moal ditémbok-témbok acan. Namina paling gé diserat dina tutunggul tina papan albasiah nu gancang séép dihakan rinyuh. Cétna tina tér sésa.

Barang badé prak ngulangkeun pacul, Aki Uki téh rada muringkak bulu punduk, margi kakuping sora incuing. Duka di palebah mana eunteupna. Tambih muriding, ditoél tiisna angin. Asa ditoél ramo mayit. Duka pédah salirana nuju rada panas tiris tilas sababaraha dinten ukur neda kulub hui sareng sampeu. Atanapi pédah ku perbawa kaayaan di pamakaman nu teu aya réncang, keueung.

Waktos ngali nu ngawitan mah dugi ka aya samingguna. Taneuh teuas kénéh. Ayeuna mah rada béar. Pacul tiasa mebes dipancongkeun téh.

Mung tanaga teu aya pisan. Nembé sakecruk dua kecruk tos capé. Namung Aki Uki gaduh tékad gilig pisan. Kedah bérés bada lohor. Badé mintonkeun ka Dén Haji, yén dirina, Si Tarjuki, nu keur ngorana bisa maratkeun macul sakotak dina sabedug téh, ayeuna bedas kénéh. Atuh capé téh teu diraos. Bes linggis, kecruk pacul. Sodok singkup. Silih genti. Cikaringetna luut-léét maseuhan sakujur salirana lir nu dibanjur baé. Untung ngabantun bekel. Unggal lirén, unggal belewek opieun, sareng regot cai. Nanging tanaga asa teu nambihan.

Taneuh nu dikeduk beuki luhur, lombang beuki jero. Tanaga kedah tambah ageung supados taneuh nu dikaluhurkeun teu urug deui ka handap. Ku dikeureuyeuh mah, panyaeuran dina lombang téh kakeduk sadayana. Orokaya tanaga teu nyésa pisan. Aki Uki ngaraos lungsé, dugi ka teu tiasa hanjat gé. Nya reureuh bari ngumpulkeun deui tanaga. Ngalungsar dina lombang. Nyarandé kana taneuh beulah kalér. Ni'mat padamelan tiasa réngsé. Di luhur angin ngahiliwir, ngoyagkeun dangdaunan. Incuing angger disada. Asa dipépendé, reup wéh Aki Uki kulem kapulesan.

Bada lohor Nyi Onih nganteuran ka kuburan. Luak-lieuk teu katingal Aki Uki. Barang nempo kana lombang, puguh wé reuwas kacida. Katingal Aki Uki ngajoprak nyangirah ngalér. Disidik-sidik tétéla teu ngarénghap.

Dén Haji Darmawan teu seueur nimbang itu ieu. Layon Aki Uki dipulasara sapertos kulawargana nyalira. Malih dikurebkeunana gé dina lombang nu dicawiskeun kanggo kuburan salirana. Malih tos diniatan, sabada natusna, kuburan Aki Uki téh badé ditémbok dilapisan keramik. Nisanna tina marmer dipahat nami “Radén Tarjuki, M.Si. bin Radén Anu. Lahir ping sakitu. Wafat ping sakitu”.

Pancén 1

Carpon di luhur téh kawilang unik. Boh masalahna boh cara nyaritakeunana. Pikeun nyangkem carpon di luhur, jawab heula pertanyaan ieu di handap!

1. Soal naon anu jadi jejer caita di luhur téh? Rumuskeun dina sakalimah!
2. Pasipatan tokoh Radén Darmawan dina carpon di luhur téh rada mahiwal. Pék terangkeun, jalma kumaha Radén Darmawan téh?
3. Mimitina Aki Uki téh disina ngali kuburan. Tapi éta kuburan tuluy disaeur deui. Sanggeus kitu, bet kudu dikali deui. Naon sababna bisa kitu?
4. Ku naon Aki Uki nganjang ka Radén Darmawan? Ku naon deuih Radén Darmawan ahirna nitah Aki Uki ngali deui kuburan? Ku naon Aki Uki getol pisan ngali kuburan, sarta ku naon manéhna asa béak tanaga? Kumaha ahirna lalakon Aki Uki téh?
5. Ayahenteu hubungan prinsip Radén Darmawan dina soal nyadiakeun lombang kuburan jeung dikurebkeunana Aki Uki di éta lombang?
6. Carita pondok di luhur téh galurna nuturkeun ka mana Aki Uki indit. Sebutkeun sawatara tempat anu disebut-sebut dina carita di luhur!
7. Ku saha lalakon di luhur téh dicaritakeunana?
8. Kumaha pamadegan hidep kana sikep Radén Darmawan anu nyadiakeun lombang kuburan ancoeun anjeunna dipaké keur ngurebkeun layon Aki Uki? Cindekkeun, amanat naon anu hayang ditepikeun ngaliwatan carita di luhur téh?

B. Unsur-unsur Carita Pondok

Carpon téh singgetan tina carita pondok. Pangna disebut carita pondok lantaran ukuran caritana kaitung pondok. Béda upamana jeung carita novel anu umumna paranjang. Ukuran pondok di dinya téh kira-kira ngawengku 5.000 nepi ka 10.000 kecap, atawa bisa ditamatkeun dina waktu memenitan. Carpon “Uing mah Neunggeul Si Jago” ogé apan mun ku urang dibaca bisa ditamatkeun dina waktu kurang ti sapuluh menit. Komo lamun dibacana bari gancang.

Lantaran pondok, dina carpon mah kajadian téh biasana tunggal. Biasana kajadian dina hiji waktu jeung di hiji tempat. Malah sakapeung mah ahir caritana ogé ngahaja digantungkeun, henteu ditamatkeun siga novel. Pon kitu deui para palaku jeung alurna. Palakuna biasana mah henteu réa, sarta konflikna basajan, henteu ngarancabang siga carita nu panjang.

Carpon téh kaasup golongan carita atawa prosa. Dina prosa, unsur-unsurna téh aya téma, palaku, latar (setting), puseur sawangan (point of view), galur, jeung amanat. Ilikan deui pancén 1 di luhur, éta téh saenyana mah pertanyaan-pertanyaan pikeun manggihan unéur-unéusr carita. Ieu dadaranana.

a. Soal naon anu jadi jejer caita di luhur téh?

Pertanyaan tadi téh tujuanana pikeun manggihan téma carita. Téma téh poko atawa galeuh carita nu ngajiwaan carita ti awal nepi ka ahir. Nu sok kapanggih dina carpon Sunda mah di antarana téma-téma sabudeureun masalah kulawarga, masalah sosial, kaagamaan, atawa masalah pendidikan. Dina carita “Kuburan” témana téh masalah sosial. Nyaritakeun dua jalma anu hirup jeung nasibna ganjor pisan, nu hiji terah ménak (Radén Darmawan) nu hiji deui jalma leutik tur masakat (Aki Tarjuki). Tapi, hubungan antara duanana téh henteu aya jarak, éstuning layeut picontoeun. Utamana dina soal silih tulungan. Béda jeung stéréotif hubungan menak jeung cacah dina carita baheula anu sakapeung anggang pisan.

- b. **Pasipatan tokoh Radén Darmawan dina carpon di luhur téh rada mahiwal. Pék terangkeun, jalma kumaha Radén Darmawan téh? Ari Aki Uki jalma nu kumaha?**

Ieu pertanyaan bisa dipaké keur ngajawab saha baé anu jadi palaku carita jeung kumaha pasipatanana. Palaku nyaéta jalma atawa tokoh-tokoh nu ngalalakon dina carita. Aya palaku utama jeung aya palaku tambahan. Masing-masing palaku boga sipat atawa karakter sorangan. kabéh carita di luhur museur kana kahirupan tokoh Aki Uki, ku hal éta Aki Uki téh tokoh utama éta carita. Nu séjénna mah ukur ngémbohan atawa ukur jadi panambah. Tokoh Aki Uki jeung tokoh séjén, béda-béda sipatna. Titénan geura.

Golongan Tokoh Carita	Tokohna	Pasipatananaa
Tokoh Utama	Aki Uki	Getol digawé. Embung hirup ladang paméré ti batur, tapi hirupna sangsara.
Tokoh Panambah	Radén Darmawan
	Nyi Onih
	Nyi Haji (pamajikan Radén Darmawan)
	

- c. **Ku naon Aki Uki nganjang ka Radén Darmawan? Ku naon deuih Radén Darmawan ahirna nitah Aki Uki ngali deui kuburan? Ku naon Aki Uki getol pisan ngali kuburan, sarta ku naon manéhna asa béak tanaga? Kumaha ahirna lalakon Aki Uki téh?**

Éta pertanyaan téh keur ngajawab galur carita. Nu disebut Galur téh jalanna carita. Aya nu ngaruntuy ti awal nepi ahir (alur maju); aya nu ti tengah-tengah heula, karék ka awal tuluy ka ahir (mobok tengah); aya ogé nu nyaritakeun ahirna heula, tuluy ka tengah, karék ka awal (alur mundur). Ngan baé galur henteu ujug-ujug aya. Biasana galur téh digerakkeun ku konflik atawa masalah. Contona, pangna Aki Uki ngadatangan Radén Darmawan téh apan bakat ku lapar. Titenan gerua:

1. Aki Uki kalaparan lantaran teu manggih dahar, nya tuluy minangsaraya ka Radén darmawan, ménta pagawéan.
2. Aki Uki dititah ngali lombang kuburan nu geus disaeur lantaran taya pagawéan deui anu merenah keur manéhna.
3. Aki Uki ngali lombang kuburan bari segut, sanajan tanagana mimiti suda.
4. Lantaran tanagana suda, Aki Uki ngajoprak di kuburan, sarta antukna kapanggih ku Nyi Onih geus maot.
5. Lantaran maot di jero éta lombang, ku Radén Darmawan Aki Uki dikurebkeun di dinya.

Masalah-masalah di luhur téh antukna mah ngagerakeun carita jeung ngagerakkeun lalampahan atawa pasipatan tokoh-tokohna.

c. Carita pondok di luhur téh galurna nuturkeun ka mana Aki Uki indit. Sebutkeun sawatara tempat anu disebut-sebut dina carita di luhur!

Pertanyaan tadi bisa ngajawab latar atawa setting carita. Dina carita, sakapeung latar téh jadi penting. Sababna latar sok mangaruhan jalan carita. Latar pilemburan jeung latar kota, bakal mangaruhan kahirupan tokoh-tokohna. Kitu deui latar waktuna, latar beurang jeung latar peuting gedé ogé pangaruhna. Latar baaheula jeung latar ayeuna, tangtu béda. Dina carpon “Kuburan” disebutkeun yén carita téh latarna sabudeureun imah Radén Darmawan jeung di sabudeureun kuburan atawa astana.

d. Ku saha lalakon di luhur téh dicaritakeunana?

Pertanyaan tadi bisa dipaké keur maluruh puseur sawangan atawa point of view. Puseur sawangan téh téhnik atawa cara pangarang nyawang sakabéh carita nu dikarangna. Naha disawangna téh ku pangarangna sorangan, atawa nyawangna téh ngaliwatan hiji tokoh dina carita. Aya ogé karangan anu dicaritakeun anu dicaritakeun ku hiji tokoh karangan, tapi kalungguhan éta tokoh téh lain jalma penting dina carita, da sakadar nyaritakeun. Kabéh carita di luhur téh dicaritakeun ku pangarang éta carita. Rupa-rupa kajadian dicaritakeun ku pangarang anu sagala nyaho.

- f. **Kumaha pamadegan hidep kana sikep Radén Darmawan anu nyadiakeun lombang kuburan ancoeu anjeunna dipaké keur ngurebkeun layon Aki Uki? Cindekkeun, amanat naon anu hayang ditepikeun ngaliwatan carita di luhur téh?**

Amanat téh pesen atawa piwejang/piwuruk anu hayang ditepikeun ngaliwatan carita ka nu maca. Dina carita “Kuburan”, urang manggihan sipat hadé Radén Darmawan anu luyu jeung ngaranna, jalma dermawan. bageurna téh lain baé béréhan dina soal kadaharan, tapi deui iklas nyadiakeun lombang kuburan keur anjeunna ka Aki Uki. Malah Aki Uki teu dibéda-béda jeung kulawarga anjeunna anu séjén, disadarajatkeun posisina jeung terah ménak kulawadetna. Kitu apan kuduna, nu beunghar téh daék tutulung ka nu butuh nalang ka nu susah.

C. Kamekaran Carpon

Ayana wangun carita pondok (carpon) dina sastra Sunda téh pangaruh ti Éropa. Pangpangna pangaruh ti Walanda, nu kungsi ngajajah urang. Harita mah istilahna bisa disebut henteu pati tétéla, da masih disaruakeun jeung dongéng. Munculna kira-kira katompérnakeun abad ka-19. Di Éropa jeung di Amérika, disebutna *short story*.

Dina buku *Soendanesche Bloemlezing*, susunan G.J. Grashuis nu terbit taun 1881 kamuat dua carita karangan R.H. Moehamad Moesa, anu mun ditilik eusi caritana mah geus nyumponan pikeun disebut carpon nu geus béda jeung wangun dongéng. Éta dua carita téh judulna “Hibat” jeung “Santri Gagal”. “Hibat nyaritakeun anak nu keukeuh ménta warisan ti bapana, ari “Santri Gagal” nyaritakeun kahirupan dua sadulur nu béda nasib lantaran kalakuanana séwang-séwangan.

Awal abad ka-20 beuki réa nu nulis carita pondok, utamana sabada medal majalah *Papaos Nonoman* jeung *Parahiyangan*. Dina éta majalah sering kapanggih karangan nu mangrupa carpon. Dina majalah *Parahiyangan* mah réréana dimuat dina édisi lebaran. Taun 1930, terbit buku kumpulan carita pondok anu munggaran ku alpukahna Balé Pustaka. Judulna *Dogdog Pangréwong*, ngamuat dalapan carita, karangan jalma anu maké inisial G.S.

Sabada nagara urang merdéka, beuki réa baé nu ngarang carita pondok téh. Henteu ngalaman aya pagedrug paham deuih. Teu siga wangun sajak nu kungsi teu diaku jadi banda budaya urang Sunda. Malah dina taun 1960-an mah kamekaran wangun carpon téh kacida suburna sabada medal rupa-rupa majalah Sunda, di antarana *Warga, Sunda, Manglé, Sari, Langensari*, jeung sajabana ti éta. Buku kumpulan carpon ogé réa diterbitkeun. Di antarana baé *Carita Biasa* karangan RAF (1959), *Papacangan* karangan Rusman Sutiasumarga (1960), *Hujan Munggaran* karangan Ayat Rohaédi (1960), *Néangan* karangan Caraka (1962), *Di Luhureun Jukut Reumis* karangan Yus Rusyana (1965), jeung sajabana ti éta.

Nepi ka kiwari carpon Sunda terus mekar sarta ditulis ku pangarang nu leuwih ngarora. Kitu deui majalah jeung koran Sunda tuluy ngamuat karangan carpon. Buku kumpulan carpon ogé masih diterbitkeun saban taun. Rupa-rupa hadiah sastra ogé dipasrahkeun ka pangarang-pangarang carpon pinunjul. Di antarana baé hadiah sastra Rancagé nu dipasrahkeun saban taun keur buku sastra Sunda pinunjul.

Ieu di handap sawatara pangarang Sunda nu kungsi dilélér hadiah sastra Rancagé keur buku kumpulan carponna.

Pangarang	Judul Buku Kumpulan Carpon	Taun dilélér hadiah
Yus Rusyana	<i>Jajatén Ninggang Papastén</i>	1989
Iskandarwassid	<i>Halimun Peuting</i>	1990
Godi Suwarna	<i>Serat Sarwasastra</i>	1996
Caraka	<i>Awéwé Dulang Tinandé</i>	1998
Darpan	<i>Nu Harayang Dihargaan</i>	1990
Mh. Rustandi Kartakusumah	<i>Amanat Dina Napas Panungtungan</i>	2005
Yous Hamdan	<i>Geus Surup Bulan Purnama</i>	2006
Rukmana Hs.	<i>Oleh-oleh Pertempuran</i>	2007
Usép Romli H.M.	<i>Sanggeus Umur Tunggang Gunung</i>	2010
Us Tiarsa	<i>Halis Pasir</i>	2011

D. Ngabédakeun Carpon jeung Dongéng

Pancén 2

Carpon jeung dongéng téh caritana mah papada pondok. Henteu panjang siga novel apan. Naon bédana atuh jeung carita dongéng anu sarua parondok?

Aya hal-hal anu ngabédakeun antara carpon jeung carita dongéng. Titénan tabél ieu di handap, sarta lengkepan ku hidep.

Dongéng	Carpon
Awalna sumebarna téh lisan, ti omong ka omong. Euweuh atawa teu kapaluruh anu ngarangna. Mun aya buku dongéng, éta téh tangtu hasil nyalin jalma nu ngumpulkeunana.
Caritana pamohalan, loba bohongna, atawa teu kaharti ku akal. Matak teu anéh sasatoan bisa ngomong, atawa tokohna bisa siluman atawa jin.
Palakuna bisa naon baé. Bisa manusa, sato, tutuwuhan, atawa barang. Sato, tutuwuhan, atawa barang dina dongéng mah bisa nyarita jeung mikir kawas manusa.

E. Fiksimini Sunda

Lian ti carpon anu ngagambarkeun carita nu réalistik, aya deui carita anu leuwih pondok. Ngaranna fiksimini. Éta istilah téh tina basa Inggris: *mini fiction*. Lantaran karanganana anu pondok pisan (aya nu diwangun kurang ti 300 kecap, malah aya nu kurang ti 50 kecap) sok disebut ogé *micro fiction*, *flash fiction*, jeung *five minute fiction*. Biasana tungtungna téh ngandung rénjagan atawa dipungkas ku hal anu teu disangka-sangka. Ku hal éta fiksimini sok disebut ogé *sudden fiction* (fiksi ujug-ujug).

Ieu wangun karangan téh mimiti populér sabada Nunu Nazarudin Azhar nyieun grup fiksimini Sunda dina ramatloka *facebook*, taun 2011. Réa anu nulis fiksimini Sunda di dinya malah aya anu geus dibukukeun.

Nepi ka taun 2013, teu kurang ti 10 judul buku fiksimini Sunda anu geus diterbitkeun. Singhoréng, galagat resep nulis jeung maca fiksimini téh lain di urang baé. Katompérnakeun, fiksimini populér di mana-mana, kaasup di mancanagara. Sigana baé, wangun fiksimini cocog keur kahirupan manusa kiwari anu sarwa sibuk jeung sarwa hayang ringkes.

Ieu di handap sawatara conto fiksimini Sunda nu kungsi ditulis dina grup fiksimini Sunda di ramatloka facebook. Tiluanana dicutat tina www.fikminsunda.com. Titénan geura!

Lebaran Ahéng (Hadi AKS)

Reg ngarandeg. Maleman lebaran. Mobil nu nyalemprung muru lembur pangbalikan. Para panumpang nu arimut rék dipapag kulawarga. Ngaheunggeu palebah dinya. Tadina tingraringeuh, sugan ukur macét biasa. Basa turun saurang, duaan. Gusti...horéng gerbong karéta malang. Tiguling. Ngarahuh saréréa. Wanci janari. Lebaran kari opat jam deui. Brul tina beus tarurun. Tina kendaraan pribadi, nungtutan kaluar. Nu luh-lah, tinggorowok jeung tingcakakak. "Tah, nu kieu ngaranna mudik, daaak!" cek saurang. Breng tuluy ngawangkong jeung nu lian. "Naon teu bisa disingkahkeun gerbongna, Kang?" ceuk si Euceu bari nginghak. "Bagoor Euceu mah, mending lebaran di dieu uingah tibatan ngagogotong gerbong!" Ger sareuri. Aya nu ngampar samak. Brak murak bebekelan. Sada nu takbir ti kajauhan karasa ngagerihan. Bray beurang. Bring sarolat Iéd di tegalan. Réngsé solat, tuluy aleut-aleutan sasalaman, "Hapunten samudaya kalepatan!" Mapay jalan. Nepungan panumpang nu nguyung. Nu careurik. "Jaga kieu di ahérat. Urang tepung jeung papada, nu teu kungsi wawuh!" ceuk si nini bari rambisak.

Pancén 3

1. Pék paluruh dina kamus atawa dina internét, naon saenyana anu disebut fiksi téh? Tuluy jéntrékeun ku hidep, kunaon tilu karangan di luhur disebut fiksi?
2. Fiksimini téh sasat wangun carpon anu leuwih pondok (short-short story). Hartina, ari unsur-unsurna mah masih kénéh siga carita pondok. Pék paluruh, naha unsur-unsur carita pondok (téma, palaku, galur, jst.) masih nyampak dina fiksi mini?
3. Diterangkeun di luhur yén fiksimini téh sok disebut ogé sudden fiction lantaran sok ngandung rénjagan atawa dina bagin ahirna sok dipungkas ku hal nu teu disangka-sangka. Naha enya dina fiksimini Sunda di luhur ogé ngandung rénjagan?
4. Pék itung, diwangun ku sabaraha kecap fiksimini di luhur téh?

F. Nganalsisi Carpon

Pancén 4

Ieu di handap aya carpon séjén bacaeun hidep. Pék analisis unsur-unsur caritana kawas ngaanalisis dina carpon “Lebaran Ahéng”. Pikeun néangan unsur-unsur caritana urang bisa nyieun pertanyaan heula kawas dina analisis carpon “Uing mah Neunggeul Si jago” karya Budi Rahayu Tamsyah. Ieu carponna.

Ada Main (Darpan)

Jeung saenyana lurah hasil nyundutan urang lembur. Poé éta Mang Ursin ninggalkeun heula paculeun. Ki Sarja mérénan heula anyameun. Kang Sabri nutup heula warung. Mang Sarip ngahaja teu ngurilingkeun

dagangan. Méh kabéh lalaki urang lembur ngabring rék ngadongdon kantor kacamatan. Mapay-mapay totoang siga keur ngajajapkeun pangantén, jiga nu rék seserahan.

Pucuk ti girangna mah: listrik!

Désa Karangsaga kaliwat teu kabagéan listrik. Padahal lembur béh girang jeung hilireunana mah geus raang. Nu jadi ambek urang lembur, naha atuh ukur kabelna wungkul nu ngaliwat ka luhureun désa téh.

“Piraku urang teu ngarasa diteung-teuinganan?” ceuk Lurah, “Lain kuring kurang usaha, inget! Tapi camat anyar jiga sentimén ka désa urang!” pokna deui basa rapat LKMD. “Méméh nepi ka désa hilir gé, kuduna mah kapan ka urang heula. Camat anyar jeung oknum PLN jiga ada main!” Lurah awong-awongan. Jeung enyana, urang Karangsaga kakoét ambekna.

Bari abring-abrangan maranéhna padungdengan.

“Kumaha engké pokpokanana ka Camat?” ceuk salahsaurang.

“Ménta kaadilan wé kituh!”

“Urang sebut, Camat teu gableg cedo!”

“Ah, kasar teuing ari kitu mah.”

“Har, naha urang ayeuna rék popoyongkodaan kitu?”

“Ari rék kitu mah ku saurang gé mahi!”

Saréréa unggut-unggutan nyaluyuan.

“Maksud téh sing wajar wé.”

“Nu wajar-wajar mah kapan enggeus ku Lurah. Urang mah kapan rék ngalakonan nu teu wajarna.”

Saréréa unggut-unggutan deui.

“Moal kumaha onam kitu lamun Camat ambek?”

“Nya urang pagedé-gedé ambek wé atuh!”

Saréréa leuwih rosa unggut-unggutanana.

Jalan nu diliwatan, jalan désa nu can diaspal. Sisi-sisina sawah makplak garapeun. Manjing usum porékat, tapi teu jadi bahan obrolan nu abring-abrangan. Tukang endul ukur wasa ngajanteng di tengah jalan basa nu

abring-abrangan ngaliwatan dirina. Motor nu ngaliwat gé maksakeun nyisi heula.

“Ké, saha nu apal ka Camat anyar?” céuk salahsaurang deui.

“Mun geus tepung mah engké gé meureun ngaku sorangan.”

“Bisi wé kasamaran.”

“Saha atuh engké nu pangheulana rék nyarita?”

“Mending ti nu ngora heula. Jang Anén wé tah nu ngamimitian mah!”

“Ah, ti kolot heula alusna mah,” ceuk nu ditunjuk.

“Kumaha mun Mang Ursin?”

“Is, ulah Emang atuh. Ti iraha Emang bisa nyarita jeung Camat. Nu bedas tanagana wé heula, ti nu ngora,” Mang Ursin kéképéhan. Saréréa silih rérét.

“Kieu atuh. Kumaha mun babarengan. Langsung cocorowokan.”

“Tah enya, mending kitu!” ceuk saréréa méh bareng.

Urang lembur beuki gancang leumpangna.

Barang srog ka hareupeun kantor kacamatan, kasampak simpé. Saréréa silih pelong bari nyusutan késang, sanggeus leumpang jauh abring-abrangan.

“Anén komandoan!” salahsaurang ngaharéwos.

Anén luak-lieuk heula, “Ngomandoan naon?” pokna.

“Ngomandoan ngagorowok, belegug! Pokona sagala rupa nu kudu dikomandoan, komandoan ku manéh.”

“Naon nu rék digorowokkeunana?” Anén masih kerung.

Saréréa silihpelong deui. Salahsaurang méré bongbolongan, “Kieu wé atuh: Camaaaat, kaluaaar! Kituh!

Saréréa nyatujuan.

“Hijji... du...”

“Ulah gancang teuing, Nén! Bisi teu bareng. Kumaha kéh nu ngagorowok ti heula nu katempuhan?”

“Ah, loba teuing aturan. Geura sok-sok ka dinya, Nén!”

Anén malikan deui, “Hiji... dua...tiluu!”

Lir keur kampanyeu. Bari ngacung-ngacungkeun peureup tingjorowok nitah Camat kaluar. Tukang béca nu keur nambangan ngadadak ngeureunkeun heula bécana. Si Ayu nu keur ngaladangan jajamu ngahajakeun tunga-tengo heula. Barudak SD nu karék baralik ti sakola tinglaliud nyalampeurkeun, ngadarangong na témbok bénténg.

“Camaaaatt... kaluaaaarrrr!! Kaluaaarrr Camaaaaat!”

Karyawan kacamatan jul-jol kaluar. Tapi sanggeus ningali nu tingjorowok mah tingrarengkog deui. Jiga nu sadar, yén jelas-jelas nu datang téh lain nu rék nguruskeun KTP. Heuleut ti harita karék waranieun deui nyalampeurkeun nu tinggorowok bari pacekel-cekel leungeun.

Pa Sekwilmal ngawakilan nyarita, “Tenang, tenang!”
cenah, “Ké, aya naon para sadérék?”

“Bapa téh Camat?” ceuk salah saurang.

“Lain kuring mah!”

“Euh, lain Camat mah ulah pipilueun atuh. Kuring mah butuh ka Camat.”

Sékwilmal kerung, pokna, “Keur eweuh Pa Camat mah.”

“Ah, wadul. Sok daék naon?”

Sekwilmal rurat-rérét heula ka stap séjén. Geus kitu pokna, “Daék... medu! Euweuh Pa Camat mah!”

“Anakna atuh?” ceuk Usén nu sapopoéna kuli macul.

“His, rék naon mamawa anak Camat?” Nu gigireunana ngagebés.

“Enggeus kudu ka saha deui?”

“Aya ku belegug ari manéh.”

Sékwilmal mariksa deui, “Sakali deui rék naon para sadérék téh?”

“Rék ka Camat! Mani teu cukup ku sakali.”

“Sugan bisa diwakilan ku kuring?”

“Is teu bisa! Ceuk Lurah gé nu ada main mah Camat!”

“Ada main?” Sékwilmat kerung.

“Camaaaaat... kaluaaar!” salahsaurang ngagorowok deui. Dituturkeun ku nu séjén, bari nyedek rék asup ka jero kantor. Sékwilmat jeung stap nu séjén undur-unduran. Tapi nu nyedek beuki ngangsgreg. Antukna stap kacamatan téh barirat lalumpatan.

“Camaaat... kaluaaar!”

Dor! Kadéngé sada nu ngabeledug. Nu cocorowokan ngadadak simpé. “Saha nu ulin pepetasan euy?” salahsaurang nanya.

“Pepetasan atawa péstol?”

“Péstol?” saréréa tingcuringhak.

Anén teu kaburu ngomandoan, urang lembur kaburu buriak kabur katawuran! Tingberetek satujuanana séwang-sewangan.

“Jangan lariiii!” aya nu ngagorowok.

Anén ngalieuk, “Pulisiiii....!” bari jicir leuwih kenceng.

Dor!

Mang Ursin béak tanaga, bru nyempod di juru imah batur bari rénghap ranjug. Ngan teu lila jol nu disaragam. Dada Mang Ursin asa ditotog halu. Tapi pulisi hareupeunana kalah ka melong

“Geuning Kang Ursin,” ceuk pulisi.

Sakedapan Mang Ursin ukur matasimeuteun. Sanggeus teges karék bisa nyarita, “Leuh geuning manéh Kamsir. Ti iraha jadi pulisi?”

“Ssstt, Banpol kuring mah!” cenah bari luak-lieuk, Naha Akang pipilueun ka nu kieu?”

“Hih, éra atuh teu milu mah.”

“Ngarah teu kanyahoan ku pulisi enyaan, ayeuna mah lumpat wé atuh sing jauh, sing tarik!” ceuk Kamsir.

“Is nanaon téh. Kumaha mun kanyahoan di tengah jalan? Tiwas Akang”

Kamsir ngahuleng. “Atuh kumaha lamun urang ucing-ucingan. Kuring pura-pura ngudag Akang. Mun geus euweuh sasaha, Akang gancang balik.”

“Nya teu nanaon ari kitu mah.”

Becir Mang Ursin lumpat deui, deregdeg diudag ku Kamsir. Ngan teu lila aya pulisi séjén nu milu ngudag. Gorowok Kamsir megatan, “Keun...keun ieu mah kuring nu nyerek. Udag wé nu séjén!” Pulisi nu milu ngudag nurut. Beretek méngkol ka nu séjén.

Di kebon sampeu tugtung lembur, sanggeus jauh ti kantor kacamatan, Mang Ursin ngudupruk kacapéan. Teu lila Kamsir nyusul. Duanana rénghap ranjug. Sanggeus sababaraha heuleutan, Kamsir nanya, “Aya naon tadi téh? Siga rék ngajakan perang.”

“Puguh rék néangan Camat.”

“Har, piraku teu tepung jeung Camat? Kapan tadi téh katingalina mah ka Karangsaga-keun kana motor. Ceuk dunungan kuring mah rék ngajakan Lurah Karangsaga ka kantor PLN.”

Mang Ursin colohok, “Rék naon Camat jeung Lurah ka kantor PLN?”

“Kapan nguruskeun listrik désa Karangsaga!”

“Naha? Ku naon atuh lurah ambek-ambekan?”

“Lurah?” ceuk Kamsir ditungtungan ku nyikikik.

“Kamari gé Lurah ambek-ambekan ka komandan kuring. Pédah Camat anyar jiga ada main jeung pamajikan ngorana.”

Mang Ursin teu bisaun milu seuri cara Kamsir.

Pok Kamsir nyarita deui, “Jung geura balik, Kang. Bisi urang disangka ada main!”

(Dicutat tina buku Nu Hayang Dihargaan, diterbitkeun ku Kiblat taun 2011, kaca 142-146)

G. Ngarang Carpon atawa Fiksimini

Pancén 5

Sabada hidep macaan sawatara judul carpon jeung fiksimini, sarta nganalisis eusina, tangtu hidep jadi leuwih paham naon anu disebut carita pondok atawa fiksimini téh. Ayeuna cing cobaan ngarang hiji carita pondok atawa fiksimini. Minangka karya nu rék dikarang, duanana gé boga kaunggulan jeung kahéngkérana. Mun urang milih carpon kaunggulanana téh laluasa ngagambarkeun atawa medar carita, sedengkeun dina fiksi mini mah heureut pisan lahanna. Sabalikna, ku fiksimini anu lahanna heureut urang bisa nyieun carita anu pepel atawa nyiptakeun rénjagan.

Boh ngarang carpon boh ngarang fiksimini aturanana mah sarua baé. Ieu di antara padika keur ngarang carpon atawa fiksimini.

1. Téma carpon atawa fiksimini urang bisa naon baé. Bisa téma kulawarga, sosial, réligi, cinta, kateuadilan, jeung sajabana.
2. Ulah dimimitian siga dongéng. Maksudna, ulah maké kalimah “jaman baheula” atawa “kacaturkeun aya....”. Urang bisa ngamimitian ngarang carpon ku ngalukiskeun suasana, medar sipat tokohna, atawa nerangkeun kajadian nu keur lumangsung. Contona, “Dangdaunan téh aralum, siga haténa harita nu keur sedih....”, jeung saterusna. Atawa, “Teu disangka-sangka éta kajadian téh kudu kaalaman ku manéhna...,” jeung saterusna.
3. Dina carpon mah ulah sagala dicaritakeun. Poko-pokona baé, atawa nu pentingna baé. Masing inget, lahan carpon mah heureut. Kajadianana kudu tunggal sarta konflikna ogé kudu basajan. Papadaning kitu, masalahna mah bisa gedé atawa rohaka.
4. Hésé ngamimitian ngarang? Euweuh ilham? Cenah

bahan karangan keur carpon urang nu pangbabarina nyaéta pangalaman pribadi. Tapi lain hartina ukur catetan poéan atawa siga nulis dina buku diary. Carpon mah – sanajan bahanna tina nu katempo, kaalaman, atawa karasa ku urang – angger kudu diréka deui minangka fiksi (hayalan).

5. Sangkan carpon atawa fiksimini urang henteu monoton, selapan ku dialog antara tokoh-tokohna. Dialogna ogé cokot baé anu perluna.
6. Ulah aya unsur-unsur pamohalan siga dina dongéng. Carpon atawa fiksimini mah kudu réalistik.
7. Judulan karangan urang masing alus tur éta judul téh bisa ngahudang kapanasaran batur pikeun maca karangan urang.
8. Aya piwuruk Barnéji, pangarang sohor ti India, cenah “seuneu téh dilahirkeun ku seuneu, mustahil urang hayang ngahurungkeun obor ku cara ngabebeskeun éta obor kana lebu anu tiis”. Hartina, mun hayang bisa ngarang carita anu hébat, urang kudu loba macaan karya-karya anu hébat. Ku kituna, méméh ngarang alusna mah macaan heula carpon-carpon atawa fiksimini anu hébat.

Prak pigawé. Alusna engké karya ti unggal siswa téh dihihijikeun sarta dijilid, nepi ka urang boga antologi atanapi kumpulan karya carita pondok meunang babaturan sakelas.

PANGAJARAN
8

GUGURITAN



Sumber: dokumen pribadi

*Éling-eling mangka éling
rumingkang di bumi alam
darma wawayangan baé
raga taya pangawasa
mun kasasar lampah
napsu nu matak kaduhung
badan anu katempuhan*

Hirup urang téh wawayangan, raga urang taya pangawasa. Kitu ceuk puisi di luhur téh. Mun dihartikeun mah, hirup urang téh siga wayang nu diulinkeun ku dalang. Ari dalang urang nyaéta Gusti Nu Maha Kawasa. Hirup urang, paéh urang, aya dina kakawasaan Anjeunna.

Panjang kénéh éta puisi téh, jeung kawentar pisan, dalah nepi ka ayeuna. Pangpangna sempalanana anu dicutat di luhur. Éta téh saéstuna pada kahiji guguritan nu judulna “Lahir Batin” dina pupuh Asmarandana karangan R.A. Bratadiwidjaya, anu dikarang jaman saméméh perang. Nepi ka ayeuna gé, mun urang diajar pupuh Asmarandana, nya guguritan nu éta nu sok dipaké contona téh.

Ayeuna urang diajar perkara guguritan. Dina ieu pangajaran hidep bakal diwanohkeun kana téks-téks guguritan, padika-padikana, ngaanalisis puisi guguritan, sarta antukna muga-muga hidep bisa ngarang guguritan anu basajan.

A. Maca Téks Guguritan

Baca conto guguritan ieu di handap masing daria. Malah mun bisa nembangkeun pupuhna mah, alus mun ditembangkeun baé.

Asih Indung Resmiati

Néléngnéngkung asih indung
nu ngayuga beurang peuting
beurang dijaga kamelang
peuting dijaring kaéling
muga manjang dina beurang
muga éling dina peuting


Néléngnéngkung muga nanjung
indung nu ngaping ngajaring
masing bisa ngawang-ngawang
ngalingling di indung peuting
ngalanglang di méga malang
ngapung di langit awaking

Anaking ketug jajantung
getih indung anu wening
napas ema anu hérang
ulah rék rungsing ku peuting
sing tahan ku panas beurang
dunya pinuh ku tarucing

Hidep kudu bisa neguh
eusina masing kapanggih
hidep téh geura tatahar
keur bekel di alam lahir
sing bisa muka siloka
warisan ti nini aki

Hirup lir tumpak parahu
nu ngangkleung tengah jaladri
nataran ombak sagara
mun bisa ngajaga diri
hidep mo katalangsara
bisa waluya walagri

(Dicutat tina buku Guguritan, dipilih jeung dipanganteuran ku
Ajip Rosidi, penerbit Kiblat, taun 2011, kaca 115)



Sumber: dokumen pribadi

Pancén 1

1. Cing banding-banding jumlah baris dina sapadana, sarua henteu? Kitu deui banding-banding jumlah engang dina unggal barisna, sarta sora tungtung di unggal pada naha ngawangun pola anu sarua? Alusna jelaskeun siga kieu:
Sapadana diwangun ku ... jajar.
Jajaran ka-1 diwangun ku ... engang, ditungtungan ku sora vokal ...
Jajaran ka-2 diwangun ku ... engang, ditungtungan ku sora vokal ...
Jajaran ka-3 diwangun ku ... engang, ditungtungan ku sora vokal ...
Jajaran ka-4 diwangun ku ... engang, ditungtungan ku sora vokal ...
Jajaran ka-5 diwangun ku ... engang, ditungtungan ku sora vokal ...
Jajaran ka-6 diwangun ku ... engang, ditungtungan ku sora vokal ...
2. Mun nilik pola padana, engangna, jeung sora tungtung baris-baris panungtungna, éta guguritan téh dikarang maké pola pupuh naon?
3. Dina éta guguritan, réa kekecapan anu mungkin baé keur hidep mah kurang paham hartina. Cing runtuykeun kecap-kecap anu hidep teu ngarti, susun jadi glosarium, sarta tuluy téangan hartina dina kamus. Contona:
asih = cinta
ngayuga = méré wujud
kamelang =
nanjung =
ngaping =
ngawang-ngawang =
jeung saterusna
4. Judul guguritan di luhur téh “Asih Indung”. Pék pikiran, naon saenyana jejer atawa masalah anu dicaritakeun dina guguritan di luhur téh?
5. Nilik kana eusina mah, guguritan di luhur téh hayang nepikeun piwuruk atawa naséhat. Cing dadarkeun ku hidep, piwuruk saha ka saha, jeung naon baé eusi piwurukna téh?
6. Dunya téh cenah pinuh tarucing (Ind. *teka-teki*). Urang kudu bisa neguh eusina. Ku sabab kitu urang kudu tatahar sangkan boga bekel. Cing jelaskeun, naon anu dimaksud tarucing di dinya teh? Ku naon urang kudu boga bekel keur hirup?

7. Dina pada kalima (pada pamungkas) aya métapora anu alus pisan, yén cenah urang hirup téh siga keur tumpak parahu di tengah jaladri (ombak). Mun urang bisa ngajaga diri, hirup urang moal nepi ka sangsara. Cing tafsirkeun maké logika urang sorangan, naon maksud éta métapora téh!
8. Guguritan téh sasat kagolong kana wangun puisi. Pék jelaskeun, naon sababna!

B. Mikawanoh Puisi Guguritan

Guguritan téh kagolong kana puisi, nyaéta wangun sastra nu kauger ku patokan-patokan. Conto puisi séjénna nyaéta sisindiran, jangjawokan, kakawihan, pupujian, jeung sajabana ti éta.

Ceuk Ajip Rosidi guguritan téh pangaruh ti Mataram, Jawa. Populérna jaman saméméh perang. Harita mah loba pisan karangan atawa buku guguritan anu terbit. Ku populér-populérna, nulis surat ogé jaman harita mah loba nu disusun maké guguritan. Tapi sabada aya sajak anu sok disebut puisi modérn, kabiasaan ngarang guguritan téh – atawa sok disebut ogé ngadangding – mimiti ngurangan.

Parandéné kitu, sok aya kénéh anu ayeuna ngadangding, boh keur muatkeuneun dina koran atawa majalah, boh keur bukukeuneun. Upamana aya buku *Jamparing Hariring*, kumpulan guguritan Dédy Windyagiri nu diterbitkeun taun 1991. Aya deui buku *Guguritan Mungгах Haji* karangan Yus Rusyana nu terbit taun 1995. Dyah Padmini nulis buku *Jaladri Tingtrim*, nu terbit taun 2000.

Guguritan téh puisi nu dianggit maké patokan pupuh. Ari pupuh jumlahna aya 17, nu populér di antarana baé kinanti, asmarandana, sinom, dangdanggula, pangkur, mijil, jeung wirangrong. Éta nu 17 téh boga watek jeung patokan séwang-séwangan. Titénan tabélana.

Pupuh	Watek	Guru lagu & guru wilangan
Kinanti	Ngadago, nganti- nganti, aya nu diarep-arep, prihatin	8u, 8i, 8a, 8i, 8a, 8i
Asmarandana	Silih asih, kasmaran	8i, 8a, 8é/o, 8a, 7a, 8u, 8a
Dangdanggula	Agung, agem	10i, 10a, 8o/é, 7u, 9i, 7a, 6u, 8a, 12i, 7a
Sinom	Senang, gumbira	8a, 8i, 8a, 8i, 7i, 8u, 7a, 8i, 12a
Pangkur	Keuheul, lumampah	8a, 11i, 8u, 7a, 12u, 8a, 8i
Mijil	Simpé, bingung, sedih	10i, 6o, 10é, 10i, 6i, 6u
Durma	Napsu, perang	12a, 7i, 6a, 7a, 8i, 5a, 7i
Maskumambang	Nyeri, nalangsa, peurih	12i, 6a, 8i, 8a
pucung	Piwuruk, banyol	12u, 6a, 8i/o, 12a
Balakbak	Heureuy, pikaseurieun	15é, 15é, 15é
Magatru	Prihatin, lulucon	12u, 8i, 8u, 8i, 8o
Wirangrong	Éra, wirang	8i, 8o, 8u, 8i, 8a, 8a
Gambuh	Bingung, samar polah	7u, 10u, 12i, 8u, 8o
Ladrang	Banyol, heureuy	10i, 4a, 8i, 12a
Lambang	Heureuy (leuwih mijah batan balakbak jeung ladrang)	8a, 8a, 8a, 8a
Gurisa	Tamba kesel, pangangguran	8a, 8a, 8a, 8a, 8a, 8a, 8a, 8a
Jurudemung	Kaduhung, hanjelu	8a, 8u, 6i, 8a, 8u

Lian ti guguritan, karangan anu disusun maké patokan pupuh téh aya deui, nyaéta wawacan. Bédana, guguritan mah siga sajak, pondok baé jeung biasana ditulis dina hiji atawa dua pupuh, ari wawacan mah panjang jeung ngalalakon siga novel. Pupuh nu digunakeunana dina wawacan mah réa deuih, luyu jeung suasana carita. Malah mah jumlah

padana ogé aya nu ngaratus atawa nepi ka mangrébu-rébu siga wawacan *Purnama Alam* karangan R. Suriadiredja.

Tadi téa, guguritan mah siga sajak, pondok jeung umumna dianggit ku hiji pupuh baé. Eusina biasana ngébréhkeun pikiran, harepan, rasa, atawa angen-angen. Guguritan “Asih Indung” anu dicontokeun di luhur, upamana, ngébréhkeun harepan indung ka anakna. Ari patokan dangdingna kieu:

Guguritanana	Jml engang (Guru wilangan)	Sora tungtung (Guru lagu)
Néléngnéngkung asih indung	8	u
nu ngayuga beurang peuting	8	i
beurang dijaga kamelang	8	a
peuting dijaring kaéling	8	i
muga manjang dina beurang	8	a
muga éling dina peuting	8	i

Nilik kana pola engang jeung sora tungtungna, tur lamun diluyuken jeung katerangan tabél di luhur, éta guguritan téh luyu jeung pola pupuh kinanti, anu polana patokanana 8-u, 8-i, 8-a, 8-i, 8-a, jeung 8-i. Naon sababna dikarang maké pola pupuh kinanti? Bisa jadi eusi guguritanana ngébréhkeun harepan indung nu dianti-anti ti putrana. Ku sabab nganti-nganti, nya dianggap cocog lamun dikarang maké pupuh kinanti.

C. Nganalisis Puisi Guguritan

Ieu di handap aya deui conto guguritan bacaeun hidep. Pék analisis. Alata analisisna aya dina pancén 2. Saméméhna pék baca heula puisi guguritanana masing gemet, atawa mun bisa mah bari ditembangkeun!

Nimat Teuing Cai Jamjam (Yus Rusyana)

*Hérang teuing cai jamjam
diuyup karasa tiis
mani nyecep kana badan
nyerep kana tulang sandi
saregot tambah deui
mépés késang anu juuh
lantaran leumpang gancang
urut tatwap ujug-ajig
awak seger karasa jagjag waringkas*

*Nimat teuing cai jamjam
pusaka nabi Ismail
jeung Ibuna Siti hajar
anu halabhab nunggelis
turun milari cai
ka léngkob batu taringgul
ihitiarna ijabah
tina lemah bijil cai
cai jamjam sapanjang jaman teu saat*

*Ku bagja teuing jamaah
nu kiwari mungguh haji
tinggal regot mun hanaang
teu hésé néangan cai
teu kudu nimba deui
cai jamjjam ngocor ngucur
diinum juta jalma
dibekel ka mana mendi
dibaroro ku sadaya kadang warga*

*Ku deudeuh teuing Pangéran
ka mahluk teu pilih kasih
nyuguhan ku kanimatan*

*nimat rasa cai wening
sareng sadia deui
cawisan du'a nu nginum
élmu anu mangpaat
reujeung kajembaran rijki
cageur bageur nugraha kawalagrian*

(Dicutat tina buku Guguritan Mungga Haji
karangan Yus Rusyana, diterbitkeun ku CV Geger Sunten Bandung
taun 1995, kaca 28-29).

Pancén 2

Pigawé pancén ieu di handap ku kelompok!

1. Pék diskusikeun, dikarang dina pupuh naon éta guguritan téh? Keur mikanyaho dikarang ku pupuh naon-naonna, analisis jumlah padalisan dina sapa-dana jeung jumlah engang unggal padalisanana (guru wilangan), sarta tungtung unggal barisna. Dadarkeun dina tabél siga ieu di handap. Hasilna bandingkeun jeung padika cara ngadangding di luhur!

Rumpakana	Guru Lagu & Guru Wilanganana	Pupuhna
Hérang teuing cai jamjam diuyup karasa tiis mani nyecep kana badan nyerep kana tulang sandi saregot tambah deui mépés késang anu juuh lantaran leumpang gancang urut tawap ujug-ajig awak seger karasa jagjag waringkas



2. Réa kecap dina guguritan anu mémang rada *arkhaik* (kabaheulaan). Pék paluruh hartina ku cara nyusun éta kekecapan nu hidep tacan ngarti jadi hiji glosar-

ium (kamus alit), sarta téangan hartina dina kamus. Sanggeus kekecapanana kaharti, cing parapraseu-keun eusi éta guguritan téh maké kekecapan hidep sorangan.

3. Naha anu dicaritakeun dina guguritan di luhur téh luyu jeung watek pupuhna? Tingali tabel pupuh, patokan jeung watekna.
4. Kumaha kesan hidep sabada maca/ngabandungan guguritan “Nimat Teuing Cai Jamjam” téh? Pék jieun koméntar singget kana éta guguritan.
5. Saenyana, naon anu dicaritakeun ku éta guguritan téh pangalaman hiji jalma. Pangalaman naon jeung pangalaman di mana éta téh?

Pancén 3

Pék téangan guguritan séjén. Sumber na bisa tina buku, koran atawa majalah, bisa ogé ditéangan dina internét. Pék analisis pupuh jeung patokanana, jejer eusina, sarta luyu henteuna jeung watek pupuh nu digunakeunana!



Conto-conto buku guguritan. Sumber: dokumen pribadi

D. Ngarang jeung Nembangkeun Guguritan

Minangka wangun sastra, guguritan saenyana bisa digunakeun média keur ngébréhkeun rasa, harepan, pikiran, atawa angen-angen nu ngarangna. Munasabah nepi ka kiwari aya kénéh nu ngarang guguritan téh, lantaran dianggap cocog keur ngébréhkeun rupa-rupa masalah.

Hidep gé saenyana bisa ngarang guguritan, basajan-basajan baé mah. Saratna apal kana patokan pupuh jeung watekna. réa pasualan sosial kiwari anu bisa diébréhkeun maké wangun guguritan. Upamana soal karuksakan lingkungan, soal korupsi, soal kateuadilan, atawa soal patriotisme jeung nasionalisme. Atawa, bisa ogé ngébréhkeun hal-hal nu patali jeung rasa pribadi, upamana soal cinta, réligi, atawa soal-soal nu dicitacitakeun ku urang.

Pancén 4

Pék karang sapada guguritan. léngkah-léngkahna kawas ieu di handap:

1. Pilih heula topik atawa jejerna. Masalah naon nu ku urang rék diébréhkeun dina guguritan téh?
2. Pilih pupuhna. Alusna mah pupuh nu populér. Upamana kinanti, asmarandana, balakbak, atawa sinom.
3. Ngarah énténg, kekecapan nu rék digunakeun dina guguritan téh nu babari baé. Contona urang nganggit guguritan dina pupuh kinanti:


*Lamun urang resep nabung
loba sisimpenan pasti
harta téh tuluy nambahan
tong dihambur-hambur teuing
pikeun bekel engké jaga
lamun butuh henteu rungsing*

4. Ku sabab kudu tumut kana patokan guru wilangan jeung guru lagu téa, urang kudu bisa milih-milih kekecapan anu luyu keur disimpen di tungtung jajaran. Lian ti éta ogé kudu pinter ngatur-ngatur jumlah engang dina jajaran. Lamun aya nu kagok bisa diseselan ku kecap panyambung jeung atawa reujeung. Bisa ogé ku kecap pangantéb téh, mah, téa jeung sajabana. Bisa ogé ku katerangan-keterangan pondok anu merenah.
5. Hasil karangan urang pék tembangkeun saurang-saurang di hareupeun kelas.
6. Sanggeus ditembangkeun, kumpulkeun guguritan karangan urang téh. Pék dokumentasikeun ku cara dijilid sarta dijudulan “Antologi Guguritan Karya Siswa Kelas SMA Taun”. Alus lamun jilidna maké ilustrasi siga buku.

PANGAJARAN
9

SISINDIRAN

Sisindiran jeung Wawangsalan Anyar



Sumber: dokumen pribadi

125

Dédy Windyagiri

Dina jaman kiwari, ana nyarita urang Sunda téh resep togmol. Langsung kana bukur caturna. béda jeung baheula. Dina kahirupan karuhun urang baheula kapanggih paribasa “malapah gedang”. Hartina, saméméh nyaritakeun maksud nu saenyana, nyaritakeun heula perkara séjén minangka bubukana, supaya nu ngadéngékeun ulah reuwas atawa leutik haté (Satjadibrata, 2005).

Hartina, nyarita téh kudu aya senina. Nu sok kapanggih téh lain baé kabiasaan malapah gedang, urang Sunda ogé boga kabiasaan-kabiasaan séjén nu patali jeung seni nyarita atawa seni komunikasi. Di antarana baé seni nyarita téh diébréhkeun dina sisindiran. Ngan baé, sisindiran urang Sunda baheula mah lain sisindiran siga jaman ayeuna nu sakapeung ngahaja dijieun keur kaperluan pagelaran. Sisindiran jaman baheula éstuning dalit jeung kahirupan sapopoé, biasa digunakeun dina komunikasi sapopoé, malah antukna jadi idiom.

Dina ieu pangajaran hidep bakal diwanohkeun kana rupa-rupa wangun sisindiran, nyangkem padika-padikana, nganalisis wangun puisi sisindiran jeung eusina, sarta muga-muga ahirna hidep bisa ngarang sisindiran anu basajan.

A. Mikawanoh Sisindiran

Ieu di handap aya conto-conto sisindiran anu populér di masarakat Sunda. Pék baca!

1. *Aya lumut dina batu,
aya kuya di muara.
Kedah tumut kana waktu,
di dunya urang ngumbara.*
2. *Sing getol nginum jajamu,
nu guna nguatkeun urat.
Sing getol néangan élmu,
nu guna dunya ahérat.*
3. *Sapanjang jalan soréang,
moal weléh diaspalan.
Sapanjang tacan kasorang,
moal weléh diakalan.*

4. *Ti soréang ka Garunggang,
mésér béngsin satalénan.
Sanaos arang patepang,
batin tetep sasarengan.*
5. *Tikukur macokan kupat,
kecok deui kecok deui.
Dipupur reujeung disipat
dekok deui dekok deui.*
6. *Cau naon cau naon,
cau kulutuk dihuru.
Bau naon bau naon,
bau hitut nu di juru.*

(Dicutat tina rupa-rupa sumber)


Pancén 1

Keur nyangkem sisindiran di luhur, jawab pertanya-anana!

1. Sisindiran ka-1 jeung ka-2, eusina ngélingan atawa miwurukan urang. Pék caritakeun deui ku basa hidep sorangan, piwuruk naon nu kapanggih ku urang di dinya?
Sisindiran ka-1 piwurukna sangkan
Sisindiran ka-2 piwurukna sangkan
2. Ari sisindiran ka-3 jeung ka-4 mah béda deui eusina. Cing tétélakeun nyaritakeun naon eusina?
Sisindiran ka-3 nyaritakeun soal
Sisindiran ka-4 nyaritakeun soal
3. Sisindiran ka-5 jeung ka-6 mah eusina matak nyéréngéh nu macana. Ari sababna di dinya mah kapanggih hal-hal anu lucu. Naon anu matak lucu di dinya téh?
Sisindiran ka-5 lucu lantaran
Sisindiran ka-6 lucu lantaran
4. Dina sisindiran téh aya nu disebut cangkang jeung aya nu disebut eusi. Cing ilikan deui sisindiran di luhur. Tuduhkeun ku hidep, mana cangkangna jeung mana eusina?
5. Cangkang jeung eusi sisindiran téh tungtung jajaranana murwakanti, atawa sarua sorana. Pék ilikan dina sisindiran nu ka-4. Murwakanti dina sora naon baé tungtung-tungtung jajaranana téh?

6. Kekecapan nu dipaké dina sisindiran téh umumna mah maké ngaran-ngaran barang, patempatan, tatangkalan, atawa sasatoan nu mindeng kapanggih di sabudeureun urang. Contona: melak kangkung sisi laja, tengah-tengah dibonténgan, atawa mawa peti dina sundung, ditumpangan ku karanjang. Cing terangkeun, ngaran naon ari kangkung, laja, jeung bonténg téh? Ari peti, sundung jeung karanjang ngaran naon deuih? Paluruh dina Kamus Sunda.
7. Mun dibacakeun ku urang, umumna sisindiran mah ngeunah kadéngéna atawa ngalagu. Malah sakapeung mah sok dikawihkeun. Cing pikiran naon sababna kitu?
8. Loba kawih atawa tembang Sunda anu rumpakana maké sisindiran deuih. Cing sisindiran dina kawih naon ieu di handap?
 - a. *Kaso pondok kaso panjang,
kaso ngaroyom ka jalan.
Sono mondok sono nganjang,
sono patepang di jalan.*
 - b. *Bubuy bulan sangray béntang
Panonpoé disasaté
Unggal bulan abdi téang
Unggal poé ogé hadé*

B. Nyangkem Sisindiran



Sumber: dokumen pribadi

Pikeun urang Sunda mah sisindiran téh lain baé jadi kalangenan atawa hiburan, tapi sok dalit dina omongan sapopoé. Buktina, dina omongan baheula atawa dina karya sastra sok kapanggih sisindiran keur ngedalkeun hiji maksud. Malah mah nu dikedalkeun téh rajeun tara lengkep cangkang jeung eusina, tapi cukup cangkangna baé. papadaning kitu nu diajak nyarita atawa anu maca geus surti kana naon hartina.

Dina novel *Manéhna* karangan Sarif Amien (terbit munggaran taun 1965), upamana aya omongan kieu: “Malah peutingna piisukeuneun

indit mah, siga aya leuwihna. Maké aya sari-sari ‘leumeung teundeut cocongoan’ rék papisah téh”. Leumeung teundeut cocongoan téh apan cangkang sisindiran. Lengkepna kieu:

*Leumeung teundeut cocongoan
dibawa ka Rajagaluh
meungpeung deukeut sosoan
jaga mah urang pajauh.*

Tapi anu disebutkeunana téh ukur saajar, jajaran cangkangna téa. Tapi jalma jaman baheula mah bakal ngarti deui lamun aya anu nyarita kitu téh. Ngarti yén éta téh keur nuduhkeun anu keur sosoan. Ahirna sisindiran téh jadi idiom anu pihartieunana geus papada apal.

Ungkara samodél kitu kapanggih ogé dina carita pondok “Apun Gencay” karangan Yus Rusyana (ditulis taun 1973). Kieu unina: “Kapan Akang ogé tara bosen ka Cikembar, pagar gorék-gorék manuk tuweuw, disada dina taweuran”. Ungkara gorék-gorék manuk tuweuw disada dina taweuran téh apan sisindiran kénéh, ngan anu dilisankeunana téh cangkangna wungkul. Lengkepna kieu:

*Gorék-gorék manuk tuweuw,
disada dina taweuran.
Poék-poék abdi ludeung,
ngabélaan kasukaan.*

Mun dipikiran ku jalma ayeuna mah tangtu pada nganggap teu efektif, da nyarita téh siga loba disumputkeun maksudna. Ari jalma ayeuna mun nyarita téh apan sok hayang togmol, teu dipindingan atawa tara didingding kelir.

Sisindiran téh kagolong kana puisi, nyaéta wangun sastra anu boga ugeran atawa patokan-patokan. Sisindiran boga ciri-ciri kieu.

- Sapadana diwangun ku opat jajar.
- Unggal jajaranana diwangun ku dalapan engang.
- Jajaran kahiji jeung kadua disebutna cangkang.
- Jajaran katilu jeung kaopat disebutna eusi.

- Sora vokal dina tungtung jajaran cangkang, murwakanti (sasora) jeung vokal dina tungtung jajaran eusi.

Titénan geura!

Cangkang	{	<i>Aya lumut dina batu,</i>	⇒ 8 - u
		<i>Aya kuya di muara.</i>	⇒ 8 - a
Eusi	{	<i>Kedah tumut kana waktu,</i>	⇒ 8 - u
		<i>Di dunya urang ngumbara.</i>	⇒ 8 - a

Ceuk M.A. Salmun, eusi sisindiran téh aya tilu rupa. Aya nu ngandung piwuruk (naséhat), aya sésébréd (heureuy/pikaseurieun), aya ogé nu silih asih. Tengetan geura conto-contona:


Piwuruk:	<i>Mawa peti dina sundung, ditumpangan ku karanjang. Pangarti teu beurat nanggung, tapi mangpaatna manjang.</i>
Sésébréd:	<i>Cau naon cau naon, cau kulutuk dihuru. Bau naon bau naon, bau hitut nu di juru.</i>
Silih asih:	<i>Aya listrik di masigit, caangna kabina-bina. Aya istri jangkung alit, karangan dina pipina.</i>

Ceuk M.A. Salmun kénéh, ditilik tina wangunna sisindiran téh kabagi dua. Aya paparikan jeung aya rarakitan. Nu ngabédakeunana téh dina rarakitan mah sok aya kecap-kecap (boh sakecap, boh dua kecap) dina jajaran cangkang nu dibalikan deui dina jajaran eusi. Contona:

<i>Sapanjang jalan Soréang,</i>	⇒ sapanjang
<i>moal weléh diaspalan</i>	⇒ moal weléh
<i>Sapanjang tacan kasorang.</i>	⇒ sapanjang
<i>moal weléh diakalan.</i>	⇒ moal weléh

Lian ti paparikan jeung rarakitan, aya deui nu disebut wawangsalan. Sarua baé ieu gé baheulana mah sok biasa dilisankeun dina omongan sapopoé urang Sunda. Ngan unikna téh wawangsalan mah cangkang jeung eusina téh diwangun ku dua jajar baé. Sajajar cangkang jeung saajar eusi. Nu sok dilisankeun téh sakapeung cangkangna wungkul, da eusina mah papada kaharti ku balaréa.

Bagan Babagian Sisindiran ceuk M.A. Salmun



Ceuk Ajip Rosidi (1995) wawangsalan téh sabangsa kamonésan basa ku jalan nyebut hiji maksud henteu langsung ku kecapna anu paranti, tapi kalah ka nyebut kecap séjén anu salah sahiji engangna atawa leuwih, dalah sok sagemblengna pisan, murwakanti jeung kecap anu dimaksud téa. Ku sabab kitu, dina wawangsalan mah siga tatarucingan, kecap nu dimaksud téh disumputkeun tur kudu ditéangan dina cangkangna, nu sorana deukeut atawa murwakanti jeung kecap nu dimaksud téa.

Geura titénan contona:

Abdi téh kapiring leutik ⇒ cangkang
Kaisinan ku gamparan ⇒ eusi

Pedaranana:

<i>Abdi téh kapiring leutik</i>	Aya unsur tatarucingan, naon ari nu dimaksud “piring leutik” téh?
<i>Kaisinan ku gamparan</i>	Jawabna “pisin”. Tapi kecap “pisin” téh disumputkeun dina kecap “isin” anu deukeut soranana atawa murwakanti.

Conto larapna dina omongan:

“Aduh Ibu, hapunten pisan. Abdi téh kapiring leutik. Manawi téh nu kamari di pasar sanés Ibu.”

Mun aya nu nyarita kitu, tangtu éta jalma téh keur kaisinan (kaéaraan). Ari sabab, wawangsalan kapiring leutik téh eusina “kaisinan” téa.

Conto séjéna:


Aya nu dianjing cai ⇒ cangkang
Aya nu keur dihéroan ⇒ eusi

<i>Aya nu dianjing cai</i>	Tarucingna: naon ari nu dimaksud “anjing cai” téh?
<i>Aya nu keur dihéroan</i>	Jawabna “séro”

Conto larapna dina omongan:

“Paingan sok ulin baé ka kelas XI, da aya nu dianjing cai.”

Jadi, dina wawangsalan mah copelna aya tilu unsur nu kudu dicangkem ku urang. Éta tilu unsur téh ngawengku:



C. Nganalisis Sisindiran

Pancén 2

Di handap aya sawatara conto sisindiran nu dicutat tina rupa-rupa sumber. Eusi jeung wangunna béda-béda. Pancén keur hidep, pék analisis kagolong kana naon wangun jeung eusi éta sisindiran téh!

No	Sisindiran	Wangunna	Eusina
1	Cau ambon dikorangan, Kanyéré kapipir-pipir. Lalaki ambon sorangan, Awéwé teu mikir-mikir	Paparikan	Silih asih
2	Majar manéh nganyam samak, Neukteukan bari motongan. Majar manéh néang anak, Ngadeukeutan popotongan.

3	Majar manéh cengkéh konéng, Kulit peuteuy dina nyiru. Majar manéh lengkéh konéng, Kulit beuteung mani nambru.
4	Poé Saptu poé Kemis, Salasa heuleut-heuleutan. Saha itu muril kumis, Leumpangna eundeuk-eundeukan.
5	Sabuk beubeur geura piceun, gantian ku sutra baé. Anu heubeul geura piceun, gantian ku abdi baé
6	Ciung lain kérék lain, Japati belang jangjangna. Sieun lain éra lain, Éra sotéh ku bapana.
7	Peupeujeuh ari ka dayeuh, Meuli kupat jeung goréngan. Peupeujeuh lamun geus euweuh, Ulah ngupat kagoréngan.
8	Dagang seureuh papatungan, Cangkaléng laku sasiki. Euleuh itu popotongan, Dikaléng ku aki-aki.
9	Samangka melak di tonggoh, Melak pala di nu bala. Tong waka boga kabogoh, Sakola tamatkeun heula.
10	Cét témbok meuli di toko, Sééng nyéngsréng kasaatan. Ulah sok beuki ngaroko, Goréng kana kaséhatan

Pancén 3

Téangan jawaban tina tarucing wawangsalan ieu di handap!

No	Wawangsalan	Jawabna
1	<i>Gedong ngambang di sagara, Ulah kapalang nya béla</i>
2	<i>Alun-alun paleuweungan, Gagal temen mun teu jadi.</i>
3	<i>Belut sisit saba darat, Kampiraray siang wengi.</i>
4	<i>Kendang gedé pakauman, Dag-dig-dug rasaning ati.</i>
5	<i>Sok rajeun ngabuah kawung, Curucud cipanon bijil.</i>

Pancén 4

Pék téangan sisindiran jeung wawangsalan anu séjén. Sumberna bisa tina buku, majalah atawa koran, bisa ogé dipaluruh dina internet. Ku hidep tuluy analisis:

- Éta sisindiran téh naha kagolong kana paparikan atawa rarakitan?
- Eusina naha kagolong kana piwuruk, silihasih, atawa sésébréd?
- Akurkeun jeung patokan sisindiran anu umum. Naha sarua sapadana diwangun ku opat padalisan? Naha engang unggal padalisanna sarua dalapan-dalapan engang? Kitu deui purwakantina, naha tungtung jajaran cangkangna murwakanti jeung tungtung jajaran eusina?
- Husus keur wawangsalan, cing paluruh naon jawaban tina unsur “tatarucinganana”!

D. Ngarang Sisindiran

Pancén 5

Ayeuna urang latihan ngarang sisindiran. Pigawé léngkah-léngkah ieu di handap!

1. Dina ngarang sisindiran alusna urang nangtukeun heula eusina, nyaéta jajaran katilu jeung kaopat. Soal kumaha eusina mah bébas baé. Naha rék silih asih, sésébréd, atawa piwuruk. Upamana keur pieusieunana téh kieu:

*Abdi bogoh ka Kang Agus,
Hanjakal kantongna kosong.*

2. Ulah poho, jumlah engang (suku kata) unggal jajaranana kudu dalapan-dalapan engang. Cirian sora tungtung-tungtung jajaranana, contona jajaran kahiji *us*, jajaran kadua *ong*.
3. Sanggeus eusina kapanggih, kakara néangan kekecapan keur cangkangna. Lamun eusina siga di luhur, hartina urang kudu néangan kekecapan atawa kalimah nu sora tungtungna *us* jeung *ong*. Upamana nyokot tina ngaran-ngaran bulan:

*Séptémber bulan Agustus
Oktober mah loba kosong*

Jadi, sisindiran urang téh lengkepna:

*Séptémber bulan Agustus,
Oktober mah loba kosong.
Abdi bogoh ka Kang Agus,
Hanjakal kantongna kosong.*

Méméh nyieun sisindiran sorangan, cing latihan heula nyieun cangkang keur eusi sisindiran ieu di handap! Diskusikeun jeung babaturan!

1.
.....
*Mun diajar ulah bangor,
bisi katinggaleun batur.*

2.
.....
*Omat ulah osok nyonto,
éta téh gawé curaling.*

3.
.....
*Ngimpi hayang jadi dokter,
Ngitung baé henteu bisa.*

4.
.....
Pa Ibnu) guru Fisika.
keur kasép téh jaba bageur*).*

5.
.....
*Ngomong Inggris mani tapis,
hanjakal Sunda teu bisa.*

6.
.....
Lamun tepung jeung Néng Nani,)
salam ti abdi nu ganteng.*

7.
.....
*Rarasaan jadi artis,
beungeut lestreng teu karasa.*

8.
.....
Abdi bogoh ka Néng Silvi,)*
hanjakal bapana galak.

Catetan:

Lebah anu maké tanda*) ku urang bisa diganti ku ngaran guru atawa babaturan urang sorangan.

Satuluyna, pék jieun sisindiran ku sorangan kalawan gembleng, nya cangkangna nya eusina. Carana atawa léngkah-léngkahna mah sarua baé jeung di luhur. Lamun sisindiran urang geus jadi, cing bacakeun atawa kawihkeun hareupeun kelas, bagilir saurang-saurang. Laguna mah bisa “Sorban Palid” atawa “Bubuy Bulan”.

Daftar Pustaka

- Adang S. (1987). *Diajar Ngarang Carita Pondok*. Bandung: Pustaka Buana.
- Affandi, H.R. Muchtar. (1997). *Mulangkeun Panineungan*. Bandung.
- Amin, Sjarif. (2013). *Manéhna*. Bandung: Kiblat Buku Utama.
- Bakri, Ahmad. (1991). *Payung Butut*. Bandung: Rahmat Cijulang.
- Bastaman, H.D. (2011). *Béntang Tembang*. Bandung: Kiblat Buku Utama.
- Burdansyah, Cécép. (2002). *Anak Jadah*. Bandung: Girimukti.
- Danadibrata, R.A. (2009). *Kamus Basa Sunda*. Bandung: Panitia Penerbitan Kamus Basa Sunda.
- Danasasmita, Saléh. (1997). "Kumbakarna", dimuat dina majalah *Katumbiri* jilid 7/1986.
- Danasasmita, Saléh, spk. (1987). *Sewaka Darma, Sanghyang Siksakandang Karesian, Amanat Galunggung: Transkripsi dan Terjemahan*. Bandung: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Bandung.
- Darajat, Rieza. (tanpa taun). *Sancang ti Jampang (naskah drama)*. Teu diterbitkeun.
- Darpan. (1998). *Nu Harayang Dihargaan*. Bandung: Rahmat Cijulang.
- (2011). *Généalogi Carita Pondok Sunda*. Tesis Program Pendidikan Basa jeung Budaya Sunda Sekolah Pascasarjana UPI Bandung (teu diterbitkeun).
- Durahman, Duduh. (1991). *Sastra Sunda Sausap Saulas*. Bandung: Geger Sunten.
- Ékadjati, Édi S. (1983). *Naskah Sunda Lama Kelompok Cerita*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- (1995). *Tradisi Penulisan di Sunda*. Bandung (monograph, teu diterbitkeun).
- Étty R.S., spk. (2013). *Seperempat Abad Hadiah Sastra "Rancage"*. Bandung: Yayasan Kebudayaan Rancage.

- . (2011). *Komputerisasi & Kreasi Aksara Sunda*. Bandung: Yayasan Kebudayaan Purbatisti.
- Faturohman, Taufik (1983). *Ulikan Sastra*. Bandung: Yudistira.
- G.S. (1984). *Dogdog Pangréwong*. Bandung: Rahmat Cijulang.
- Hadi AKS. "Lebaran Aheng" kapidangkeun dina www.fikminsunda.com (diaksés tanggal 17 Januari 2014).
- Hadi, Ahmad, spk. (1991). *Peperenian (Kandaga, Unak-anik, Rasiah Basa Sunda)*. Bandung: Geger Sunten.
- Hadi, Ahmad. (2004). *Panggelar Sastra*. Jakarta: Pamulang.
- Iskandarwassid (1992). *Kamus Istilah Sastra*. Bandung: Geger Sunten.
- Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS Universitas Pendidikan Indonesia. (2008). *Palanggeran Éjahan Basa Sunda*. Bandung: Sonagar Pers.
- Koswara, Dédi (2010). *Sastra Sunda Modérn*. Bandung: JPBD FPBS UPI.
- Lal, P. (1992). *Mahabarata*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- . (2008). *Ramayana*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- Lembaga Basa jeung Sastra Sunda. (1976). *Kamus Umum Basa Sunda*. Bandung: Taraté.
- Lembaga Kebudayaan Mekar Parahiyangan. (2002). *Ti Pulpén Nepi ka Pajaratan Cinta: Kumpulan Carpon Mini Sunda*. Bandung: Girimukti.
- Moesa, Radén Hadji Moehamad. 1907. *Dongéng-dongéng Pieunteungeun*. Batavia: Kantor Tjitak Kangdjeng Goepernemen (*Landsdrukkerij*).
- Nalan, Athur S., spk. (1998). *Mencippta Teater: Sebuah Pengantar Memahami Teater dan Antologi Naskah Lakon*. Bandung: Geger Sunten.
- Rosidi, Ajip. (1995). *Puisi Sunda*. Bandung: Geger Sunten.
- . (2005). *Babasan & Paribasa, Kabeungharan Basa Sunda*. Bandung: Kiblat Buku Utama.
- . (2011). *Guguritan*. Bandung: Kiblat Buku Utama.
- Rosidi, Ajip, spk. (2000). *Ensiklopedi Sunda: Alam, Manusia, dan Budaya*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- Rusyana, Yus (1992). *Panyungsi Sastra*. Bandung: Rahmat Cijulang.
- . (1993). *Jajatén Ninggang Papastén*. Bandung: Rahmat Cijulang.
- . (1995). *Guguritan Mungгах Haji*. Bandung: Geger Sunten.

- Salmoen, M.A. (1957). *Kandaga, Buku Batjaan*. Bandung: Ganco N.V.
- (1963). *Kandaga Kasusastraan Sunda*. Bandung: Ganaco NV.
- Satjadibrata, R. (2005). *Kamus Basa Sunda*. Bandung: Kiblat Buku Utama.
- Sayudi. (1985). *Lalaki di Tegal Pati*. Bandung: Rahmat Cijulang.
- Sopandi, Atik. (1992). *Miwanoh Pandawa Lima*. Bandung: Mekar Rahayu.
- Sumardjo, Jakob (1980). *Seluk Beluk Cerita Pendek*. Bandung: Mitra Srangenge.
- Sumarsono, Tatang (1986). *Pedaran Sastra Sunda*. Bandung: Medal Agung.
- Suryalaga, R. Hidayat. (1996). *Kiat Menjadi MC dalam Upacara Pernikahan Adat Sunda*. Bandung: Dinas Pendidikan dan Kebudayaan Provinsi Daerah Tingkat I Jawa Barat.
- Tamsyah, Budi rahayu. (1991). *Kamus Undak Usuk Basa Sunda*. Bandung: Geger Sunten.
- (1998). *Kamus Idiom Bahasa Sunda*. Bandung: Pustaka Setia.
- (1999). *1000 Babasan jeung Paribasa Sunda*. Bandung: Pustaka Setia.
- Tim Penyusun Kamus Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa. (1988). *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Departemen pendidikan dan Kebudayaan Republik Indonesia.
- Tim Unicode Aksara Sunda. (2008). *Direktori Aksara Sunda untuk Unicode*. Bandung: Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat.
- Windyagiri, Dedy. (2011). *Sisindiran jeung Wawangsalan Anyar*. Bandung: Kiblat Buku Utama.

